

“Geréja ingkang Adaptif”

(Pangalaman Ngénggalaken Spiritual)



QRIS BRI



QRIS BCA

MANGSA PENTAKOSTA 2026

Telp. 0274 514721 - email: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id

Rek. BRI Tiro No. 0029-01-000409-30-9, Giro BCA a.n. GKI SW Jateng QQ LPP Sinode No. 6975405200

Web: www.lpps.or.id

Mangsa Péntakosta 2026: “Geréja ingkang *Adaptif* (Pangalaman
Ngénggalaken *Spiritual*)”

Kawedalaken déning:

LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG

Komplek LPP, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal,
Kec. Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281

Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386

E-mail: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id,

Website: lpps.or.id

Gantosipun wragat cap-capan (dèrèng kalebet wragat kanggé ngintun) Rp.....

Cecala

Wilujeng methukaken kuwaosipun Roh ingkang makarya!

Wilujeng mèngeti Péntakosta!

Wilujeng nikmati Roh Suci ing antawis kita!

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Sang Kristus, bahan Mangsa Péntakosta punika asiling pamikiripun para murid pamulangan luhur Téologi saha Pandhita GKI saha GKJ. Sumangga keparenga ngginakaken bahan punika minangka pitedah pacawisan kita ngladosaken kotbah saha panuntun tumrap panitya ing salebeting Pèngetan Péntakosta.

Temtu kémawon bahan-bahan ingkang kaserat punika saget panjenengan wiyaraken jumbuh kaliyan kawontenan sakiwa-tengenipun Geréja utawi pasamuwan piyambak-piyambak. Ananging kadosdéné kuwaosipun Roh Suci ingkang makarya ing antawisipun para murid langkung saking 2000 taun kapengker, kula ndedonga supados Roh Suci ingkang sami nyartani panjenengan kanggé amemangun Geréja ingkang dipun pitadosaken déning Gusti dhateng panjenengan, dados Geréja ingkang *adaptif*.

Geréja ingkang *adaptif* punika Geréja ingkang siyaga njumbuhaken dhiri trep kaliyan kabetahaning umat kanggé tetunggilan kaliyan Gusti saha tuwuh ing salebeting pitados dhumateng Panjenenganipun. Punika timbalanipun Gusti kanggé kita sadaya. Awit saking punika punapa Geréja dados *adaptif* ing satengahing jagat ingkang kebak déning reribed punika? Supados kita, para pangarsaning Geréja, saha ugi warganing pasamuwan ugi ngalami Ngénggalaken *Spiritual* ingkang ngiring lampahing iman kita. Ngénggalaken *Spiritual* punika satunggaling pangalaman éwah-éwahaning batos ingkang mecungul saking salebeting dhiri kita supados saya nyamirupi kadosdéné Sang Kristus. Punapa mboten pangalaman

punika ingkang kita ajeng-ajeng wonten ing lampahing imanipun warganing pasamuwan kita?

Lumantar cecala punika, kula ngaturaken panuwun dhateng panyerat bahan Mangsa Péntakosta 2026 inggih punika,

1. Pdt. Erni Ratna Yunita (Bidang PWG Sinode GKJ)
2. Pdt. Kristin Andini (Bidang PWG Sinode GKJ)
3. Pdt. Daniel Gunawan (BPMSW GKI SW Jateng)
4. Pdt. Cynthia Julianne (GKI Gatot Subroto)
5. Arie Yanuardi (F. Teologi UKDW)
6. Angelica Desmonda Nugraheni (F. Teologi UKDW)
7. Aditya Wijanarko (F. Teologi UKDW)
8. Trilion Putra Pamungkas (F. Teologi UKDW)
9. Damar Dwi Nugroho (STFT Jakarta)
10. Edelweis Natalie Putri (STFT Jakarta)
11. Ruben Timothy Stefano (STFT Jakarta)
12. Natasya Ingrid Heuvelman (STFT Jakarta)
13. Age Sutrisno (STAK Marturia)
14. Surni Krisnawati (STAK Marturia)
15. Syallom Gracia Premayoga Ariel (FTh UKSW)
16. Yoel Eucharistia Wibisono (FTh UKSW)
17. Christydar Permata Bella Ayunda (SoloTech)
18. Briggita Anindya Purnamingtyas (SoloTech)
19. Pdt. Riani J Suhardja (LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng)
20. Pdt. Wisnu Sapto Nugroho (LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng)

Atur panuwun ugi kacaosaken dhateng para juru pertal, inggih punika: Pdt. Em. Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Pdt. Uri Christian Sakti Labeti (GKJ Danukusuman), Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari Klaten), Pdt. Hery Windarto (GKJ Gantiwarno), Pdt. Agung Jatmika (GKJ Grobogan), Pdt. Yehuda F. Kristian Labeti (GKJ Sidareja), Pdt. Mardita G. Kusuma (GKJ Ngempon), Pdt. Immanuel Adi Seputra (Pengurus LPP Sinode/GKJ Sabda Winedhar), Pdt. Kristi (Pengurus LPP Sinode/GKJ Gondokusuman), Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode).

Wilujeng ngraosaken kuwaosing Rohipun Gusti lumantar pèngetan Péntakosta punika.

Pandongga kula,
LPP Sinode GKJ dan GKI Jateng
Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Riani Josaphine Suhardja

Isinipun Buku

Atur Cecala	i
Pratélan Isinipun Buku	v

Bahan Kotbah

Minggu Paskah VI, 10 Mei 2026.....	1
Sumengkanipun Gusti Yésus, 14 Mei 2026	7
Minggu Paskah VII, 17 Mei 2026.....	11
Péntakosta, 24 Mei 2026	15
Minggu Tritunggal, 31 Mei 2026	21

Bahan Liturgi

Minggu Paskah VI, 10 Mei 2026.....	27
Sumengkanipun Gusti Yésus, 14 Mei 2026	37
Minggu Paskah VII, 17 Mei 2026.....	45
Péntakosta, 24 Mei 2026	55
Minggu Tritunggal, 31 Mei 2026	65

Bahan Adiyuswa

Bahan Adiyuswa	73
----------------------	----

Bahan Panyuraos Kitab Suci

Bahan Panyuraos Kitab Suci 1	79
Bahan Panyuraos Kitab Suci 2	85
Bahan Panyuraos Kitab Suci 3	91
Bahan Panyuraos Kitab Suci 4	97

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga 1.....	101
Pakempalan Pandonga 2	107
Pakempalan Pandonga 3	115

Pakempalan Pandonga 4	123
Pakempalan Pandonga 5.....	133
Pakempalan Pandonga 6	143
Pakempalan Pandonga 7.....	149
Pakempalan Pandonga 8	155
Pakempalan Pandonga 9	161
Pakempalan Pandonga 10.....	167
Cathetaning Pisungsung	173



“BAHAN KOTBAH”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi
pasamuwan ing ngriki.**

KOTBAH
Minggu Paskah VI
Minggu, 10 Mei 2026

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul 17:22-31
Tanggapan: Jabur 66:8-20
Waosan 2: 1 Pétrus 3:13-22
Injil: Yokanan 14:15-21

Pangandel
ingkang Luwes,
Saged Kaeluk,
Mboten Badhé
Gampil
Ambruk
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

“Pangandel ingkang Luwes, Saged Kaeluk, Mboten Badhé Gampil Ambruk”

Pasamuwan ingkang kinasih,

“Kabentus, kabentus, kabentus, binangun” mujudaken tetembunganipun Tan Malaka ingkang saèstu sampun kawentar. Tetembunganipun namung cekak aos, namung “kabentus” lan “binangun”, nanging kalih tetembungan punika nggadhahi makna ingkang saèstu lebet. Saking pethikan tetembungan ingkang prasaja punika, kita sami katedahaken bilih éwah-éwahaning gesang, mujudaken lampah ingkang mboten namung sakedhèp nétra, kosok-wangsulipun lampah ingkang saèstu mbetahaken kasabaran lan kasanggeman ingkang maton. Ing saben kita kabenthus, tansah wonten wekdal sinau kanggé njumbuhaken lan mapanaken dhiri supados menawi kita sami kabentus, mboten anjalari kita remuk nanging malah saged dados sangsaya kiyat.

Gegambaran ingkang pinanggih wonten ing kitab Jabur 66:10 ngandharaken bab Allah ingkang ndamel umatipun dados murni kadosdéné anggènipun ndamel pérak dados murni. Kanggé ndamel murninipun pérak, dipun betahaken wekdal

ingkang mboten sakedhik. Wiwitanipun, pérak kedah dipunpanasaken ngantos ajèr, lajeng kapisahaken saking sadaya regedan ingkang wonten ing salebeting pérak ingkang sampun ajèr kalawau. Salajengipun, pérak ingkang ajèr kalawau dipuntengga ngantos asrep, lajeng nembé saged dipun wangun dados rerenggan ingkang anyar. Saking pérak ingkang ajèr ngantos dados rerenggan ingkang anyar, pérak kalawau kedah ngalami thuthukan utawi gemblèngan makaping-kaping, ngantos kawangun dados satunggaling rerenggan ingkang pèni.

Makaten ugi bab pangandel kita dhumateng Gusti salebetipun kita gesang wonten ing jagad punika. Pangandel punika mboten naté saged kapisahaken saking pengalamaning gesang. Sadaya pengalamaning gesang, kalebet pengalaman ingkang mboten mbingahaken, saged dados sarana pambanguning pangandel utawi pracaya kita, dados pangandel ingkang sipatipun luwes, gampil dipun eluk (*lentur*), awit tansah ngraosaken gemblèngan saking sadaya lelampahaning gesang kalawau. Déning sang juru Masmur, sipating pangandel ingkang luwes makaten punika, dipuntedahaken lumantar pamuji sokur dhumateng Allah sanadyan nembé wonten ing satengahing kawontenan gesang ingkang mboten mbingahaken (ayat 11, 12). Kawontenan punapa kémawon, wekasanipun sang juru Masmur pitados bilih Allah piyambak ingkang saèstunipun jumeneng dados juru pangluwar ingkang setya-tuhu.

Pangandel ingkang lemes, gambil kaeluk, mboten saged kalampahan namung karana sumadyanipun kanggé tansah kagemblèng lan kawangun déning Allah piyambak. Kanhi makaten, ing salebetipun ngalami éwah-éwahan ing gesangipun, ingkang dipunudi sanès kaleresan miturut adreng lan pepénginanipun piyambak, ananging punapa ingkang dipunkarsakaken déning Allah kémawon. Sipat lemes, gampil kaeluk punika, tuwuh awit saking wontenipun sesambetan ingkang satuhu kaliyan Allah, sesambetan ingkang kita sadaya ngraosaken tentrem, awit kita pitados bilih sadaya gemblèngan ingkang pinangkanipun saking Allah punika, mboten badhé ndamel kita ajur, nemahi karisakan. Prekawis punika ugi, ingkang sampun kaandharaken déning Gusti kita Yésus wonten

ing Yokanan 14:15-21, ingkang mujudaken pitutur ingkang ngiyataken para muridipun kanggé ngadhepi pepisahan ingkang badhé kalampahan. *Paraklétos*, Roh, Juru Pitulung, badhé rawuh mboten namung kanggé ngancani lan ngamping-ampingi sadaya muridipun sasampunipun katilar déning Gusti, ananging ugi dados pratandha bilih sagung para murid saèstu wonten ing salebeting sesambetan ingkang satuhu kaliyan Panjenenganipun ing salebeting katresnan. Para murid saèstu wonten ing salebeting sesambetaning katresnan, ingkang nglairaken wohing setya-tuhu kanggé tumut cawé-cawé ing salebeting pakaryan timbalanipun Allah, tanpa ngétang kados pundi kawontenanipun. Sagunging para murid badhé ngraosaken katentreman ing salebeting pangrèh lan katresnanipun Allah.

Pangandel ingkang lemes, saged kaeluk, ndarbèni sumberipun wonten ing wungunipun Sang Kristus. Rasul Pétrus mratélakaken bilih wungunipun Sang Kristus nyagedaken kita milih margining kaleresan lan kasaénan, sanadyan jagad punika meteg kita kanggé tumindak kosok-wangsulipun. Wungunipun Sang Kristus dados daya kakiyatan, dalah kekendelan kanggé ngadhepi manékawarni bebayaning gesangipun tiyang pitados. Mboten namung kèndel kémawon karena rumaos sampun aman, nanging kebak kekendelan kanggé tansah angéjawantahaken gesanging pacaya sarana tumindak ingkang kebak kawicaksanaan dalah katresnan. Kita mboten prelu mbélani pracaya kita sarana damel pisakit tumrap asanès (kalebet ingkang béda kaliyan kita). Inggang prelu katindakaken namung angéjawantahaken pracaya punika, supados tiyang sanès saèstu saged nyeksèni kados pundi anggènipun Allah makarya kanggé kawilujenganipun jagad ing sanyatanipun.

Saking ayat-ayat Kitab Suci kalawau, kita saged sami ningali ciri-ciripun pangandel ingkang luwes gampil kaeluk. 1) Pangandel ingkang tansah kagemblèng lan kadamel murni ing salebeting pengalamaning gesang. 2) Pangandel ingkang kalampahan ing salebeting sesambetan kaliyan Allah lan nglengganani kanggé tansah setya-tuhu dhateng Panjenenganipun. 3) Pangandel ingkang tansah tumindak kanthi ndadosaken wungunipun Sang Kristus punjering gesang.

Para sutresnanipun Sang Kristus.

Kita sami gesang ing satengah-tengahing jagad ingkang kebak pitakènan tanpa wangsulan ingkang gumathok. Kathah tiyang ingkang bingung lan sami pitakèn: “*pundi kaleresan ingkang kedah kula cepengi?*” Wonten sawatawis tiyang ingkang lajeng dados kaku ing pamanggih, lan sarana makaten malah gampang benthèt menawi wonten éwah-éwahaning jaman. Sawatawis malih malah lajeng dados gampang kéntir ing ombak, ngantos kécalan ener lan kéblating lampah. Ing kawontenan ingkang makaten punika, kita sami mbetahaken pangandel ingkang luwes saged kaeluk. Pangandel ingkang saged nanggapi wontenipun éwah-éwahaning jaman, nanging tetep saged nyuwantenaken kalaresan tanpa kedah kécalan katresnan lan paugeraning pracaya.

Rasul Paulus maringaken tuladha ingkang éndah nalika ngabaraken Injil wonten ing Athéna (Para Rasul 17). Piyambakipun gesang ing satengah-tengahing masyarakat ingkang manékawarni kawontenanipun, kalebet ing babagan kapitadosan. Piyambakipun mboten lajeng ngakimi. Nanging piyambakipun langkung rumiyin migatosaken, mirengaken, lan ngawontenaken wawan rembag. Rasul Pulus migunakaken misbyah ingkang wonten seratanipun: “Konjuk ing déwa ingkang mboten kasumerapan” minangka talang kanggé nepangaken Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi. Piyambakipun malah ugi methik tetembungan saking geguritan ingkang dipunmangretosi déning tiyang-tiyang Yunani. Éwasamanten, anggènipun nggadahi sikep lemes saged kaeluk punika, Paulus tetep ngadeg jejeg mboten kécalan ener lan ancas kanggé martosaken Sang Kristus ingkang sampun wungu saking antawisipun tiyang pejah. Nalikanipun dipunpoyoki, piyambakipun mboten duka lan ugi mboten sadremi mbéla dhiri. Piyambakipun tetep pitados bilih Roh Suci mesthi badhé makarya. Punika leres, awit wusananipun wonten ugi tiyang sawatawis ingkang sami manjing pitados.

Lelampahanipun Paulus punika saged dados tuladha kita ing pagesangan padintenan, ugi salebetipun kita sami kajibah martosaken kabar kabingahan. Kadospundi déné Injil utawi

kabar kabingahan punika sampun kawartosaken ing satengah-tengah kita ingkang sami gesang maabad-abad sasampunipun Kristus wungu? Mboten sanès inggih namung karana sipat luwesipun para juru warta Injil lan ugi karana kaprigelaning karo hanènipun. Injil lajeng dados wigatos tumrap kita, karana migunakaken basa ingkang jumbuh kaliyan kawontenan gesang kita sacara budaya. Punika sadaya mujudaken pakaryanipun Sang Roh Suci, ingkang ing mriku kita sadaya ugi tumut makarya.

Awit saking punika, sumangga kita tansah ndarbèni sikep luwes, saged kaeluk salebeting nglampahi gesang pracaya ing padintenan. Ing antawisipun sumangga kita sami:

- Sagah mirengaken sadèrèngipun mbabar pangandika. Wonten ing pagesangan padintenan, asring kita mboten sranta badhé énggal nanggapi; mbélani pracaya kita, utawi mboten sranta kanggé ngadili asanès. Pangandel ingkang luwes, saged kaeluk, mbereg kita sadaya saged langkung rumiyin mirengaken, ing antawisipun mirengaken kadospundi larah-larahipun, punapa ingkang dados kaprihatosanipun, dhasar-dhasar pamikiripun lan sanès-sanèsipun. Conto ingkang prasaja makaten: nalika nembé rerembagan wonten ing satengah-tengahing brayat, kantor, utawi ing media sosial, kita sampun ngantos langkung rumiyin nglawan utawi ngakimi ingkang nembé ngandharaken pamikiripun, kosok-wangsulipun kita saged langkung rumiyin pitakèn lan mbudidaya mangretosi punapa ingkang dados underaning pirembagan. Punika wusananipun badhé dados pancadan kita ngaturaken pamanggih adhedhasar kapitadosan kita, kanthi kebak kawicaksanan.
- Tetep adhedhasar paugeran gesang wonten Sang Kristus, ing sadaya kawontenan. Sikep luwes, saged kaeluk mboten ateges kécalan kéblat lan ener. Malah, kita saged sangsaya santosa awit tansah ngoyod wonten ing katresnanipun Sang Kristus lan panguwaosing wungunipun. Contonipun: nalika kita nembé ngadhèpi pametenging gesang, tumindak mboten adil, utawi pacobèn kanggé kèntir ing ombak, kita sageda tetep

jujur, tetep nresnani, tetep darbé pangajeng-ajeng (sanadyan mboten mesthi gampil).

- Gesang kita piyambak sageda dados paseksi. Pangandel punika mboten mesthi kedah katerangaken sacara rowa. Kathah tiyang ingkang mandeng Sang Kristus lumantar sikeping gesang, lampah gesang dalah caranipun kita sami nampèni sesame kita. Contonipun: asikep adil ing papan kita sami nyambut damel, migatosaken ingkang sami kamomotan ing manah, lan tanpa tidha-tidha wantun nindakaken wawan rembag tanpa ngasoraken sesame ingkang béda ing samukawisipun kaliyan kita.

Pangandel ingkang luwes, sanès pangandel ingkang ringkih, nanging pangandel ingkang sumadya tansah kabangun. Pangandel ingkang kados makaten punika ingkang mboten badhé gampil ambruk, nanging malah badhé tansah ngluhuraken Allah.

(ka-ytd)



KOTBAH
Sumengkanipun Gusti Yésus

Kemis, 14 Mei 2026

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul 1:1-11

Tanggapan: Jabur 93

Waosan 2: Éfesus 1:15-23

Injil: Lukas 24:44-53

Kristus
Sumengka,
Kita Sami
Martosaken
Asmanipun



KOTBAH JANGKEP

**“Kristus Sumengka, Kita Sami Martosaken
Asmanipun”**

Pasamuwan ingkang dipuntresnani dalah nresnani Gusti, dinten punika kita sami mahargya sumengkanipun Gusti dhateng swarga. Asring lelampahan punika sami dipunmangretosi minangka wekdal, nalika Gusti “tindak” nilaraken para muridipun. Éwasamanten, Kitab Suci malah mratélakaken bilih sumengkanipun Gusti punika sanès wujuding pepisahan, nanging dados wiwitanipun Allah, kanthi cara ingkang anyar, rawuh lan makarya ing jagad raya punika. Yésus sumengka dhateng swarga mboten karana badhé nebih saking manungsa, nanging malah supados pakaryan kawilujenganipun punika sumebar warata nyrambahi sagung tumitah ing pundia papan lan jaman. Wonten ing Para Rasul 1:6, para murid sami pitakèn dhumateng Gusti Yésus, “*Gusti, punapa sapunika anggèn Paduka badhé mulihaken karajan kanggé Israèl?*”

Pitakènan punika nedahaken bilih para murid taksih nengenaken kapreluanipun piyambak. Para murid punika taksih ngajeng-ajeng bilih Gusti badhé mbangun karaton sacara politik, sarana ngluwaré bangsa Israèl saking pamengkunipun bangsa

sanès dalah maringaken punapa ingkang dados pangajeng-ajengipun bangsa kalawau. Éwasamanten, Gusti mboten paring wangsulan trep kaliyan pitakènanipun para murid. Panjenenganipun malah ngandika, “*Kowé ora prelu nyumurupi mangsa lan wektu, kang katemtokaké déning Sang Rama piyambak, manut panguwaosé*”. Nanging kowé bakal padha tanpa kasektèn samangsa Sang Roh Suci wus nedhaki marang kowé kabèh sarta kowé bakal padha dadi seksi-Ku... tuwin tumeka ing pungkasaning jagad.” Wangsulan punika anjalari para murid sami ndarbèni ener gesang anyar. Gusti Yésus kepareng ngéwahi enering kawigatosanipun para murid, saking ngener dhumateng wekdal kapulihaken, pindhah ngener dhateng gesang minangka utusanipun Gusti martosaken Injil.

Ing mriki, kita sami nglenggana bilih sumengkanipun Gusti dhateng swarga, saèstu nglempengaken enering gesangipun manungsa. Saking gesang ingkang namung ndadosaken dosa punjering gesang, awujud hawa-nepsuning pribadi, dados gesang ingkang ngener dhateng pakaryanipun Allah minangka punjering gesang. Éwah-éwahan ing enering gesang, kedah kawiwitan sarana wontenipun éwah-éwahan ing pamikir lan enering manah. Cobi kula aturi mbayangkan, nalikanipun kita nembé nitih kendharaan lan péngin wangsul griya. Kita rumaos sampun mangretosi marginipun, mila kita lajeng lumampah kémawon. Nanging tanpa kita lengganani, jebul kita sampun ménggok margi, ngener dhateng papan ingkang mboten samesthinipun. Lan, nalika kita lajeng nglengganani salahing ener punika, mboten karana kita kèndel kémawon, nanging karana nglengganani bilih enering lampah punika tetéla lepat. Nalika kita mandheg, lan muter enering lampah, kita lajeng rumaos bilih punika ener ingkang leres. Mboten karana papan tujuanipun sangsaya cedhak, nanging karana eneripun sampun leres. Sumengkanipun Sang Kristus kadosdéne wekdal nalikanipun Panjenenganipun mitulungi kita sadaya ngrumaosi bilih punapa ingkang sampun kita lampahi ing gesang sadèrèngipun punika, èstunipun taksih ngener dhateng pepénginan kita pribadi, ingkang awujud, ing antawisipun, pepéngining hawa-nepsu, lan nengenaken kapreluanipun

pribadi kéwala. Gusti Yésus mboten namung nimbali kita tumindak langkung saé. Panjenenganipun malah karsa ngéwahi enering gesang kita. Saking gesang ingkang namung ngener dhateng dhiri pribadi, tumuju dhateng enering gesang ingkang ndadosaken karsa lan timbalanipun Allah punjering gesang kita.

Wonten ing Injil Lukas bab 24, sadèrèngipun sumengka dhateng swarga, Yésus nglantaraken wasiyat ingkang wekasan dhumateng para murid. Para murid sami kautus martosaken patobat lan pangapunteing dosa dhateng sadaya bangsa. Patobat punika mboten namung sadremi nalangsani dosa, nanging langkung saking punika, patobat ateges éwah-éwahan ing enering gesang. Gesang ingkang swaunipun ngener dhateng dosa, hawa-nepsuning kadagingan, lan nengenaken kapreluanipun pribadi, kaéwahan dados gesang ingkang ngener dhateng Allah lan paugeran-paugeranipun Kraton Swarga. Paugeran-paugeran Karaton Swarga punika katingal ing gesang padintenan kadosta: Katresnan ingkang tetéla wonten ing raos preduli kita dhateng sesami dalah anggèn kita tansah purun ngaksamani; Kaleresan ingkang tetéla wonten ing kajujuran lan katulusaning manah kita; Kaadilan kados ingkang tetéla wonten ing kasanggeman kita mihak dhateng ingkang ringkih wah sèkèng. Inggih punika sadaya, ingkang mesthinipun kedah kita télakaken mboten namung sarana tetembungan kémawon nanging lumantar sawetahing gesang padintenan kita sami.

Gusti Yésus mboten namung maringi timbalan, nanging ugi prajanji. Panjenenganipun prajanji badhé paring Roh Suci, ingkang badhé tansah anyarengi, ngiyataken, lan nyagedaken para murid ngayahi timbalanipun. Awit saking punika, sumengkanipun Sang kristus, mboten naté saged kapisahaken saking dinten Péntakosta. Kristus sumengka, supados Sang Roh Suci tumedhak. Kristus mboten namung rawuh sacara kajasmanèn, nanging tansah ngrawuhi lan nyarengi gesangipun para umat sacara nyata lumantar Roh Suci ing salaminipun, ngantos dugèng wekasan.

Pasamuwan ingkang dipuntresnani déning Gusti, dinten punika kita sami kaèngetaken bilih: Kristus sumengka dhateng swarga, ananging Asmanipun kedah tansah kawartosaken.

Mboten namung sarana kakiyatan kita piyambak, ananging sarana panguwaosipun Sang Roh Suci. Mboten dhemi pepénginaning hawa-nepsu kita piyambak, ananging kagem kamulyanipun Allah, lan kawilujenganipun jagad punika. Mugi-mugi kita sadaya tansah setya-tuhu nglampahi gesang minangka para seksinipun Sang Kristus, saé lumantar tetembungan kita, sikeping gesang, punapadéné lampah gesang padintenan kita. Amin.

(dkg-ytd)



KOTBAH
Minggu Paskah kaping VII
Minggu, 17 Mèi 2026

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul 1:6-14
 Tanggapan: Masmur 68:1-10; 32-35
 Waosan 2: 1 Pétrus 4:14; 5:6-11
 Injil: Yokanan 17:1-11

**“Katunggilaken
 ing Pandonga,
 Kuwangang
 Makarya
 awit Daya
 Kuwaos”**



KOTBAH JANGKEP

**“Katunggilaken ing Pandonga,
 Kuwangang Makarya awit Daya Kuwaos”**

Para sadhèrèk, wekdal sadèrèngipun mesin *modern*, para juru layar (*pelaut*) namung saged ngginakaken geber/ layar nalika kasurung déning angin. Para juru layar ndarbèni baita ingkang pengkuh lan ener ingkang cetha, nanging tanpa kajurung déning angin para juru layar temtu boten saged makarya. Awit saking punika, para juru layar sinau nengga kanthi tetep tandang damel: Geber layar kapasang, ener tetep kajagi, lan para juru layar tansah jumaga. Wekdal nengga boten kanggé wegah-wegahan, nanging kanthi sikep sumadhiya jumaga.

Sikep makaten punika ngèngetaken kita bab cariyos gesangipun William Carey, satunggaling juru warta Injil Kristen ing abad kaping 18, ingkang ugi sinebat “Bapak Misi Modern.” Nalika piyambakipun nampèni timbalanipun Gusti lelados ing tlatah India, mataun-taun paladosanipun karaos kados déné ngantu-antu prakawis ingkang boten wonten wohipun. Piyambakipun sinau basa, mortal Kitab Suci, lan mangun pepanthan patunggilan; nanging karaos boten ketingal cetha wohing paladosanipun. Nanging kawontenan makaten punika boten njalari Carey semplah lajeng kandheg anggènipun lelados

lan wangsul dhateng negarinipun. Piyambakipun ngucap ing batos: “Ngant-anti pakaryan agungé Gusti Allah lan panggah jumangkah nindakaké pakaryan adi kagem Gusti Allah.” Piyambakipun taberi ing pandonga lan tansah setya, panggah pitados bilih Gusti Allah badhé makarya ing wekdal ingkang pinasthi déning Panjenenganipun.

Miturut Carey, pandonga sanès papan kanggé mlajar saking kasunyatan, nanging minangka daya karosan anggènipun tansah tahan ing paladosanipun. Pandonga nyawisaken dhirinipun lan pepanthan ingkang dipun ladosi, éngga wekdalipun Gusti Allah makarya mbikak margi lan paladosanipun ndhatengaken pangaribawa ageng ingkang nglangkungi gesangipun piyambak. Carey mawas boten makarya déning wohing paladosan ingkang cepet ketingal, nanging déning daya kuwaosing Gusti Allah ingkang tansah setya makarya ing salebeting wekdal pangantu-antu ingkang boten sekedhap wekdalipun. Punika wujuding kapitadosan ingkang laras (*adaptif*) kaliyan kawontenan: Sanès mburu pepesthèn ingkang cepet wohipun, nanging nglarasaken dhiri kawangun (*dibentuk/diproses*) déning Gusti Allah ing satengahing kawontenan gesang ingkang boten gumathok.

Mangsa sasampunipun Sumengkanipun Gusti Yésus lan ndungkap wekdal Péntakosta punika mujudaken nyami-wekdal tumrap para siswanipun Gusti. Gusti Yésus ingkang sampun sumengka ing swarga, mbabar prasetya, nanging daya karosaning Roh Suci dèrèng katedhakaken. Para siswa manjing ing salebeting wekdal pangantu-antawisipun prasetya lan kababaripun. Nanging para siswa boten kawengku ing *kenangan manis* magepokan prakawis karohanèn. Kacathet ing Kitab Suci déné para siswa **padha saiyeg anggoné mepeng ing pandonga** (Lelakoné Para Rasul 1:14).

Pandonga ndadosaken para siswa katunggilaken ing manah, kakiyataken, lan kacawisaken anggènipun dipun rèh déning Gusti Allah. Pandonganipun para siswa sanès padatan ingkang nglaha-muspra, nanging mujudaken sesambetan ingkang gesang kaliyan Sang Rama (*zoē aiōnios*). Prakawis kasebat ingkang wonten ing pandonganipun Gusti Yésus ing Pandonga

Imam Agung-Ipun (Yokanan 17:1-11): Supados para siswa kajagi, katunggilaken, lan kasucèkaken satemah sami sumadhiya kautus. Ngantu-antu Roh Suci punika sanès prakawis ingkang gampil. Para siswa taksih nggegesang pangajeng-ajeng kapengker bab pamulihan tumrap Israèl (Lelakoné Para Rasul 1:6-14). Éwa samanten Gusti Yésus nandhesaken bilih wekdalipun Gusti Allah namung wonten ing panguwaosipun Sang Rama, déné para siswa tinimbalan murih sami setya ing wekdal pangantu lan neksèni ing panguwaosing Roh Suci (Lelakoné Para Rasul 1:8). Ing wekdal kasebat kataberèn kawangun. Tantangan sanès tandha cabaring (*kegagalan*) kapitadosan, nanging satunggaling wewengan tuwuh-ngrembakaning kapitadosan.

Tunggil-manunggal dados underan pandonganipun Gusti Yésus: “Supados tiyang-tiyang wau sami dados satunggal” (Yokanan 17:11). Gusti Allah mangun pepanthan-patunggilan ingkang gesang, samidéne nyengkuyung, lan sumadhiya makarya. Jabur Masmur 68:1-10 nandhesaken bilih Gusti Allah mbélani umat kagunganipun lan maringi daya karosan. Kadosdéné baita ingkang namung saged lelayaran nalika geber utawi layaripun punapa déné juru layar sami nyambut damel sesarengan, geréja ingkang katunggilaken ing pandonga badhé kasagedaken makarya déning panguwaosing Gusti Allah ingkang ndhatengaken katresnan lan pepadhang tumrap jagad.

Mangsa pangantu, mangsa ingkang dèrèng saged kanthi sawetahipun njinggleng prakawis ingkang kaprasetyakaken déning Gusti Allah. Nanging pangantu-antu kasebat boten badhé nglaha, nanging satunggaling wekdal tumataning wewangunan. Ing salebeting pandonga, Gusti Allah nunggilaken manah kita; ing salebeting kataberèn, Gusti Allah neguhaken kapitadosan kita; lan ing salebeting wekdalipun Gusti, awit saking daya panguwaosing Roh Suci, Gusti Allah piyambak ingkang ndayani kita makarya kagem Panjenenganipun. Awit saking punika, sumangga sampun ngantos kita teluk tanpa daya ing kanyatan boten gumathok utawi kandheg ing kenangan kapitadosan wekdal kapengker. Kadosdéné para siswa, kadosdéné para paladosipun Gusti ing sauruting sujarah, sumangga kita manjing sesarengan ing pandonga, tunggil manah ing pangajeng-ajeng, lan sumadhiya makarya ing

salebeting pambangun-turut. Prakawis-prakawis bab larasing manah ingkang saged kita gegesang sesarengan inggih punika:

• **Ndadosaken pandonga minangka iramaning gesang**

Donga nyawisaken manah kita murih gesang ing salebeting sesambetan ingkang bebles raket kaliyan Gusti Allah lan kuwagang makarya laras kaliyan ancas-ener karsaning Panjenenganipun.

• **Taberi ing wekdal pangantu**

Pangah setya, sumarah, lan ngantu-antu kebabaring prasetyanipun Gusti Allah saha tumedhakistanipun Roh Suci.

• **Mangun sikep manunggal lan raketing patunggilan**

Sikep manunggal ngewohaken paseksi nyata ingkang mratélakaken kuwaos saha katresnanipun Gusti Allah tumrap jagad ingkang kawontenanipun silih-gumantos. Amin.

(cjkh~ucsl)



KOTBAH**Minggu Péntakosta**

Minggu, 24 Mèi 2026

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul 2:1-21

Tanggapan: Masmur 104:24-34, 35b

Waosan 2: 1 Korinta 12:3b-13

Injil: Yokanan 20:19-23

**“Makarya,
Nglarasaken
maring
Roh Suci”****KOTBAH JANGKEP****“Makarya, Nglarasaken maring Roh Suci”**

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Punapa naté rumaos rupak utawi buntu, karaos boten saged obah babar pisan (*stuck*) dhateng pundi-pundi? Pangraos makaten punika saged dipun temahi saben tiyang kanthi manéka warni wewaton. Kawontenan badan ingkang kesel, nepsu-muring, karohanèn, lan manéka guleting batos (*pergumulan*) sanèsipun ingkang njalari tuwuhing pamawas bilih gesang punika damel sayah-lungkrah, boten wonten daya, lan rinangga ing mawarni-warni pameteg. Menawi dipun kèndelaken kémawon tanpa olah rasa kanthi prayogi, pangraos rupak-buntu lan *stuck* (mandheg tanpa obah) nuwuhaken pangaribawa ingkang boten prayogi maring enering gesang. Manéka katrangan ingkang saged kapanggihaken saking manéka sumber mratélakaken bilih pangraos *stuck* lan rupak mangaribawani ing bab kasarasan jiwa (*kesehatan mental*) ingkang mawujud wontenipun *stres*, raos kuwatos, *depresi*. Pangraos *stuck* lan rupak ugi mangaribawani maring ginanipun pamawas (*kognitif*) kadosta angèl nggatosaken (*fokus*), nggagas ingkang wening, *kratif*. Adrenging manah (*motivasi*) lan asiling pakaryan (*produktivitas*) sangsaya mrihatosaken awit icalipun daya gesang, milih ngendhé-endhé padamelan, lan tundhonipun

kasagedan makarya (*kinerja*) sangsaya susut. Saking sisih tata kajasmanèn ngraosaken sayah-lungkrah, angèl tilem, pepénginan nedha dados éwah. Bab sesambetan kaliyan sesami tiyang makaten punika narik dhiri saking pepanggihan-pepanggihan kaliyan tiyang sanès.

Injil Yokanan 20:19-23 paring pitutur bab kawontenan manahipun para siswanipun Gusti Yésus. Tiyang-tiyang punika nglempak ing satunggaling papan ingkang korinipun kakunci rapet sanget. Pangraos ingkang ajrih dipun temahi déning sadaya siswanipun Gusti Yésus. Kagambarna nalika sapepantha tiyang ingkang manggèn ing papan tertentu winengku ing raosing batos ingkang kapeteg. Tiyang-tiyang punika sami ngraosaken *stuck*, rupak, lan boten kuwagang nglajengaken lampahing gesang kanthi saprayoginipun. Kedadosan Gusti Yésus dipun jeksani kanthi boten adil, nandhang sangara nuju Golgota, lan sédanipun nilar pangalaman ngoregaken (*mengguncang*) manah ingkang ngéramaken. Sinaosa warta bab wungunipun sampun kapratélakaken dhateng Maria Magdaléna maring para siswanipun, nanging warta kasebat boten ndayani tiyang-tiyang punika sami njenggèlèk saking kaprihatosan lan mranata gesang salajengipun.

Ing satengahing kawontenan punika, Gusti Yésus rawuh maring para siswanipun. Injil nyariosaken bilih Panjenenganipun rawuh lan jumeneng ing satengahing para siswa lan nyapa-aruh: “Tentrem-rahayu anaa ing kowé kabèh!” Sapa-aruh punika mirungan sanget. Sapa-aruh saking Sang Guru ingkang sampun dipun tepang. Salajengipun, Gusti Yésus nedahaken asta lan lambungipun. Tatu-tatu punika naté dipun tingali para siswa nalika panyaliban ing Golgota. Samangké para siswa ningali tatu ingkang sami. Bédanipun inggih punika nalika wekdal panyaliban tatu kasebat ndhatengaken raos ajrih lan horeging manah, sapunika tatu punika kepara ndhatengaken kabingahan. Tatu punika nandhani anggènipun Gusti Yésus saèstu sampun wungu.

Gusti Yésus rawuh ngatingali para siswanipun boten tanpa ancas tujuwan. Panjenenganipun ngrawuhi para siswa ugi boten namung nedahaken wungunipun. Panjenenganipun

rawuh netepi prasetyanipun ingkang sampun naté dipun pangandikakaken tumrap para siswa. Gusti Yésus naté prasetya bab rawuhipun Sang Juru Panglipur. Injil Yokanan 14:4b-15 nyariosaken bab pakaryaning Sang Juru Panglipur ingkang kaprasetyakaken déning Gusti Yésus. Juru Pitulung punika inggih Rohing Bebener, Sang Roh Suci ingkang dados pangéjawantahipun Gusti Allah piyambak. Panjenenganipun ndamoni para siswa lan ngandika: “Padha nampanana Roh Suci.” Kedadosan piningan Roh Suci tumrap para siswa kelampahan nalika para siswa ngraosaken kawontenan batos ingkang winengku ing raos ajrih sanget, kuwatos jalaran dèrèng saged nglarasaken kawontenan manah kaliyan kasunyatan ingkang dipun tingali. Pangraos kasebat mobat-mabot ing salebeting manahipun para siswa. Wewayangan kekerasan, panandhang, sédanipun Gusti Yésus kanthi kasalib nutupi warta patangèn ingkang sampun kapratélakaken déning Maria Magdaléna (Yok. 20:18). Kanyatan boten kuwagang mangretosi warta bab patangèn njalari para siswa boten kuwagang “obah.” Para siswa “*stuck*” – boten saged obah babar pisan ing salebeting manah ingkang rempu-remuk ajur. Kawontenan mandheg punika ndadosaken para siswa boten kuwagang nglarasaken manahipun kaliyan warta kabingahan ingkang kabekta déning Maria Magdaléna.

“Padha nampanana Roh Suci,” pangandika ingkang ngemu makna lebet kapratélakaken déning Gusti Yésus kinanthénan wiyosing napasipun. Tumindak punika katindakaken déning Gusti Yésus murih ngènetaken para siswa magepokan cariyos tumitahing samukawis. Tanpa kadamu déning napasing Gusti Allah, manungsa ingkang kawangun saking lebuning siti panggah dados lebu ingkang kaku saha pejah. Pandamu napasing Gusti Allah ndadosaken manungsa gesang (katandhingna Purwaning Dumadi 2:7). Wonten ing kitab Yéhèzkiél 37:1-14 kacariyosken bilih pandamuning Rohipun Gusti Allah ndadosaken balung-balung ingkang garing dados gesang malih. Kanthi pandamu kasebat, para siswa ingkang “pejah” kadadosaken gesang malih déning Gusti Yésus.

Para siswa lajeng kuwagang obah makarya lan nglarasaken manahipun maring Roh Suci.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Wujud obahing badan lan gesang ingkang laras maring Roh Suci inggih punika pangapunteing dosa kados déné ingkang kawulangaken déning Gusti Yésus, Sang Guru. Nampi Roh Suci ateges nglampahi gesang kanthi tetales panguwaosipun Gusti Allah ing satengahing gesang padintenan. Tiyang-tiyang ingkang kadamu déning Roh Suci kapenuhan ing tentrem rahayuning Gusti Allah lan sumadhiya mbikak dhiri tumrap sesami. Prakawis kasebat saged kapanggihaken ing Lelakoné Para Rasul 2:1-21. Awit panuntuning Roh Suci, para siswa kuwagang nglarasaken manah kaliyan kathah tiyang ingkang sadèrèngipun dèrèng dipun tepang. Makaten ugi tiyang-tiyang ngamanca ingkang pepanggihan kaliyan para siswa. Tiyang-tiyang punika ugi pikantuk dayaning Roh Suci satemah kuwagang wicantenan kaliyan para siswanipun Gusti Yésus sinaosa saking kawontenan ingkang béda-béda.

Cariyos ing Lelakoné Para Rasul 2:1-21 nedahaken bilih Roh Suci ingkang rawuh punika ndhatengaken éwah-éwahan tumrap tiyang kathah. Éwah-éwahan ing dhirinipun para siswa ketingal saking kawasisan anggènipun nemahi kawontenan tata sosial. Para tiyang saking tlatah Galiléa, satunggaling papan ing pinggiran ingkang kaanggep langkung asor katandhing Yérusalèm punika kasunyatanipun kuwagang obah-makarya lan nglarasaken manahipun kanthi rerikatan. Para tiyang punika obah-makarya lan nglarasaken manah miturut ingkang kaparingaken déning Roh Suci. Tegesipun, obah-pakaryanipun lan kasagedaken nglarasaken manahipun para tiyang punika boten namung nuruti pepénginan jagad, nanging adhedhasar pakaryan Rohing Gusti Allah ingkang makarya ngebaki gesangipun para tiyang kasebat.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Pandamuning Roh Suci boten kelampahan ing wekdal kapengker kémawon. Ing wekdal samangké, Gusti Allah ndamu kita kanthi Rohipun, sadaya titahipun Gusti Allah dipun tresnani. Kados déné para siswa ingkang manggihaken gesangipun malih lan gesangipun kasagedaken ngewohaken pakaryan saé awit nampèni daya panguwaosing Roh Suci, kados déné para rasul lan tiyang-tiyang manca ingkang nglarasaken dhiri kaliyan kawontenan awit kapenuhan Roh Suci; inggih makaten punika Roh ingkang ugi ndamoni kita. Péntakosta punika nyapa-aruh lan neguhaken kita sadaya murih mbikak batos ingkang kakunci satemah kuwagang obah-makarya lan nglarasaken dhiri kaliyan Roh Suci. Mangga sami obah-makarya, nglarasna dhiri kanthi kawasisan ingkang kadarbé ing satengahing pagesangan punika awit tentrem rahayuning Gusti Allah katumrahaken ing gesang panjenengan. Amin.

(wsn~ucsl)



KOTBAH**Minggu Tritunggal***Minggu, 31 Mei 2026*

Waosan 1: Purwaning Dumadi 1:1—2:4a

Tanggepan: Jabur 8

Waosan 2: 2 Korinta 13:11-13

Injil: Matéus 28:16-20

**Tritunggal
Tan Winates****KOTBAH JANGKEP****“Tritunggal Tan Winates”**

Pasamuwan ingkang dipuntresnani Gusti,

Ing saben wekdal, perkawis Tritunggal punika dados satunggaling perkawis ingkang mboten gampang dipunterangaken. Kathah *teolog* ingkang sami ngramu pangertosanipun lan para pandhita ugi mbudidaya kanthi tumemen anggènipun sami ngaturaken katerangan bab punika dhumateng pasamuwan. Nanging mboten saget dipunsélaki, mboten gampang ngramu kanthi terwaca. Kénging punapa? Awit Tritunggal punika bab hakékatipun Allah, ingkang temtu mboten gampang dipuncandhak déning pikiranipun manungsa. Trinitas mboten namung pangangen-angen ingkang dipundamel déning manungsa, Gusti piyambak ingkang nélakaken dhirinipun dados setunggal inggih punika Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci. Samangké kita sesarengan badhé nglacak tegesipun Trinitas ingkang wonten ing Kitab Suci. Anggèn kita nglacak saénipun kita wiwiti saking panggegilut bab sinten ta kita punika. Jabur 8 saget mbiyantu kita supados kita tepang lan mangertosi kawontenaning dhiri kita dados manungsa. Sepisan, kita punika titahipun Gusti ingkang dipunpapanaken ing satengahing titah sanèsnipun (jagad raya). Awit kita titahipun Gusti, sejatosipun kita mboten nggadhahi panguwaos sekedhik kémawon, kanggé nguwaosi titah sanèsipun punapa malih nguwaosi dhiri kita

piyambak. Inkgang wonten namung gesang kita ing panguwaosipun ingkang nitahaken kita. Nanging, Gusti maringi kalenggahan ingkang mulya, Panjenenganipun maringi kita panguwaos ing antawisipun titah sanèsipun, *Paduka kuwaosaken mengku yeyasaning asta Paduka, samukawis sadaya Paduka paringaken wonten ing sangandhaping tlapakanipun* (Jabur 8:7). Gusti mitadosaken pakaryan wigatos dhumateng kita, supados dados wakilipun Gusti.

Anggènipun Gusti mitadosaken pakaryan dhumateng manungsa dados wakilipun, Gusti mboten lajeng mboten tumindak punapa-punapa tumrapping gesang ing jagad punika. Dinten kapitu ingkang dipunsucèkaken dados dinten Sabat (kèndel, ngaso) mboten pungkasaning pakaryanipun Gusti (Purwaning Dumadi 2:3). Gusti ingkang sampun nitahaken jagad raya tansah nglajengaken pakaryanipun. Sabat namung ngaso, dados pratandha pakaryan ingkang sampun rampung lan wiwitan pakaryan énggal. Awit saking punika, Gusti Yésus naté ngendika, “*RamaKu nindakaké pakaryan nganti sapréné, mulané Aku iya uga nglakoni pagawéanKu.*” (Yokanan 6:17).

Ing wiwitaning pawartosipun Kitab Suci, Gusti nélakaken watak dhinamisipun (semangat tuwin tenaganipun) wonten ing Dhirinipun, “*Rohé Gusti Allah nglayang ing sadhuwuré banyu lan “Gusti Allah banjur ngandika...”*”. Panjenenganipun sanés Gusti Allah ingkang mènèdel. Roh lan Pangandika dados pratandha rawuhipun lan pakaryanipun Gusti. Pramila, Gusti mboten saget kapisahaken saking Roh lan Pangandika, mekaten ugi kosok-wangsulipun, Roh lan Pangandikanipun mboten saget madeg piyambak ing sajawining Gusti Allah. Kanthi mekaten sumangga kita cathet, bilih Gusti (ingkang kasebat Rama déning Gusti Yésus), Pangandika (Gusti Yésus), lan Roh (Roh Suci) punika satunggaling tetunggilan ingkang wetah, inggih punika hakékat saking Gusti Allah piyambak.

Mila saking punika, Gusti Yésus paring dhawuh dhumateng para murid kanggé ndadosaken sedaya bangsa punika muridipun lan dipunbaptis ing asmanipun Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci. (Matius 28:19). Mbaptis tiyang ing asmanipun Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci tegesipun

nyatunggilaken tiyang punika kaliyan sih kawelasanipun Allah ingkang wetah. Saking ngriki gesang anyar kawiwitan. Awit saking punika timbalan ndadosaken sedaya bangsa muridipun Gusti, mboten purna kanthi lelampahan baptisan. Mila Gusti Yésus nglajengaken dhawuhipun dhumateng para murid “*apadéné padha wulangan bab apa kang wis Dakdhawuhaké marang kowé kabéh*” (ayat 20) lan paring prasetya, “*Aku tansah nunggal karo kowé, nganti tumeka ing wekasaning jaman*”. Sepisan malih kita nampi pangertosan, nadyan dhawuh sampun dipunparingaken dhateng para murid, mboten ateges bilih Gusti Allah lajeng mboten tumindak punapa-punapa, ananging Panjenenganipun makarya kanthi cara “nunggal/nyarengi” para murid.

Allah Tritunggal : Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci nimbali kita supados tansah makarya ing salebeting panganthinipun. Sekawan waosan dinten punika ngémutaken kita bab timbalan punika: “*Padha bebramahana lan tangkar-tumangkara; ngebakana bumi lan telukna. Iwak ing segara lan manuk ing awang-awang sarta sakabèhing sato-kéwan kang rumangkang ana ing bumi iku padha sira kuwasanana.*” (Purwaning Dumadi 1:28), lan “*Paduka kuwaosaken mengku yeyasaning asta Paduka, samukawis sadaya Paduka paringaken wonten ing sangandhaping tlapakanipun*” (Jabur 8:7). Nanging, punapa timbalan punika taksih cocok ing tengahing jagad ingkang kebak manungsa punika? Punapa timbalan punika taksih pantes dipunpitadosaken dhumateng manungsa ingkang srakah, ingkang asring migunakaken panguwaos kanthi lepat? Dhawuh bebramahana lan tangkar-tumangkara asring dipunmangertosi dados timbalan kanggé njagi kalajenganipun gesanging tedhkipun manungsa, mboten namung bab indhaking jumlahipun. Njagi kalajenganipun lan lestantuning gesang ateges sami njagi gesang kanthi saé. Prakawis punika temtu taksih cocok kaliyan kawonten samenika. Salajengipun, kasunyatanipun bilih manungsa asring lepat migunakaken panguwosipun dhumateng jagad raya, punika mboten mbatalaken timbalanipun Gusti. Kepara, ing tengahing *krisis* (kawontenan gawat) punika, timbalanipun Gusti tansah

ngumandhang, nyaruwé, lan ngémutaken kita supados mranata dhiri malih.

Minangka tiyang-tiyang ingkang sampun mangertosi Allah Tritunggal lan sih rahmatipun, sampun samesthinipun pasamuwan Kristen dados panuntun lan patuladhan kanggé mujudaken pagesangan ingkang kebak tentrem rahayu kados punapa ingkang dipunkersakaken Gusti Allah. Pramila, kita kedah miwiti saking dhiri kita piyambak, kita wiwiti saking patunggilan kita, *“Wasana, para sadulurku, padha bungaha, udinen supaya awakmu sampurna. Tampanana sakèhing pituturku. Padha disarujuk, lan padha olaha atut-rukun, temahan Gusti Allah etuking sih katresnan lan tentrem-rahayu bakal nunggil karo kowé!”* (2 Korinta 13:11). Kita kabereg supados tansah mbudidaya gesang ingkang linangkung saé saben dintenipun. Mboten marem lan kèndel ing sanginggiling alesan bilih mboten wonten manungsa ingkang sampurna. Kosokwangsulipun, tansah nglampahi prosès (reruntutaning lampah) tumuju sampurna. Mboten prelu was sumelang awit, *“Gusti Allah uga makarya ana ing samubarang kabéh, njalari beciké wong kang padha tresna marang Panjenengané, yaiku para kang tinimbangan miturut ing pepesthèning Allah”* (Rum 8:28). Sumangga prosès punika kita lampahi kanthi kabingahan lan sangkul sinangkul sesarengan.

Pungkasan, ananging mboten kirang wigatosipun (*last but not least*), dhawuh adi Gusti Yésus taksih kalampahan ngantos titi wanci punika, *“Mulané padha lungaa, sakabèhing bangsa padha dadékna siswaKu, lan padha baptisen ing asmané Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci, apadéné padha wulangan bab apa kang wis Dakdhawuhaké marang kowé kabéh. Lah, Aku tansah nunggal karo kowé, nganti tumeka ing wekasaning jaman”*. (Matéus 28:19-20). Kalamangsa kita nyobi-nyobi sumingkir saking dhawuh punika kanthi alesan *kebijakan politik* lan kapentinganipun golongan tertentu ingkang matesi tandang damel saha nutup kaludhangan kita. Nanging sayektosipun, mboten wonten ingkang saget matesi lan nutup tandangipun Gusti Allah ingkang tansah makarya

kanthi Roh lan Pangandikanipun, ingkang tansah nyarengi kita ngantos ing pungkasaning jaman. Amin

(ery-yfcl)



“BAHAN LITURGI”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi
pasamuwan ing ngriki.**

BAHAN LITURGI
Minggu Paskah VI
Minggu, 10 Mei 2026

Katerangan:

- PS: Peladosing Sabda
M: Majelis
U: Umat
L: Lèktor

Pangandel
ingkang Luwes,
Saged Kaeluk,
Mboten
Badhé Gampil
Ambruk



PACAWISAN

Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta dhateng swasana ibadah ingkang badhé katindakaken.

Pasamuwan nyipta swasana ening minangka pacawisan pribadi.

Maosaken sawatawis pawartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH (*Pasamuwan jumeneng*)

M1: Pasamuwan ingkang kinasih, sami sujuda wonten ngarsanipun Allah kanthi mbekta sadaya lelampahaning gesang panjenengan: kakiyatan lan karingkihan, antebing pitados punapadéné mangu-mangu, sukarena punapadéné ruwet-rentenging gesang.

U: **Kawula sami sujud wonten ngarsanipun Gusti ingkang setya-tuhu njangkung gesang kawula ing sadaya lelampahaning gesang.**

M1: Sowana ing ngarsanipun Allah ingkang nyucèkaken umatipun kadosdéné anggènipun mbesot pérak, mboten kanggé ngremuk, nanging kanggé mangun.

U: **Kawula mbuka manah kawula kanggé kawangun déning katresnan lan karsanipun Gusti.**

M1: Papagna Sang Kristus ingkang sampun wungu, ingkang andhatengaken gesang anyar, saha prajanji ngutus Sang Roh Suci minangka juru pitulung kita.

U: **Kawula samapta angibadah, masrahaken gesang kawula sawetahipun dhumateng Gusti.**

M1: Sumangga kita sami jumeneng, lan miwiti pangibadah kita kanthi pangajab ndarbèni pangandel ingkang luwes, saged kaeluk, lan mboten badhé ambruk awit wontenipun manékawarni éwah-éwahaning jaman. Kita sami memuji saking Kidung Pasamuwan Jawi (KPJ)

KPJ 27:1,2 “SAKÈHING TITAH ING BUMI”

- 1) Sakèhing titah ing bumi, padha giranga memuji
Haléluya, haléluya, surya prakosa sumunar
Candra kartika kababar, Puji Gusti saben wanci
Haléluya, haléluya, haléluya
- 2) Angin tan kendhat lumaku, méga lan mendhung lumintu
Haléluya, haléluya, Hawa ketiga ngresep
Mangsa rendheng kang gumanti, Puji Gusti saben wanci
Haléluya, haléluya, haléluya

VOTUM

PS: Pitulungan kita punika namung wonten ing asmanipun Gusti, ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang setyatuwu ngrimati umatipun, dalah mboten naté nilaraken pakaryaning astanipun.

U: (mujèkaken **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama lan saking Gusti kita Yésus Kristus ingkang sampun wungu, lan ing patunggilanipun Sang Roh Suci mugi nunggila ing para sadhèrèk sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA*(Lenggah)*

M2: Pasamuwan ingkang kinasih, kita marek wonten ngarsanipun Gusti kanthi manéka-warni pengalamaning gesang: wonten ingkang santosa, wonten ingkang nglentrih, wonten ingkang kebak pitakènan, lan wonten ugi ingkang madosi enering gesang. Ing wekdal antawisipun sumengka lan wungunipun Gusti, kita sami kaèngetaken bilih pangandel punika mboten kabangun saking satengah-tengahing papan ingkang suwung. Pangandel punika kabangun ing salebeting lampah ingkang mboten naté uwal saking manékawarni gemblèngan lan ruwet rentenging gesang. Dinten punika kita sami ngibadah kanthi irah-irahan **“Pangandel Ingkang Luwes, Saged Kaeluk, Mboten Badhé Gampil Ambruk.”** Sumangga kita sami mbuka manah kanggé kawangun déning Allah ingkang nyucèkaken, anyarengi dalah nuntun kita lumantar Roh Sucinipun. Supados kanthi makaten Asmanipun kamulyakaken lumantar nyanyian anyar ing salebeting gesang kita.

U: (mujèkaken KPJ 337: 1-2)

KPJ 337. “DAHAT NYAWAKU AREREM”

- 1) Dahat nyawaku arerem, lan atiku ayem tentrem
Wit kang Makwasa karsa dadi, etuking karaharjanku
Pamomongku setya-tuhu,
wah bebètèng lan pangungsènku
aku mesthi datan rebah, wit rineksa déning Allah
- 2) Dhuh nyawaku saosena, reremira ing wardaya
Mring Allah kang dakanti-anti
Déné Yéhuwah Pangéran, kang dadi parang santosa
Pangauban lamun siniya, aku mesthi tan gumiwang
Wit Allah kang mengku gesang

PANGAKENING DOSA

PS: Menawi katresnanipun Allah punika mboten luwes, kita mesthi mboten badhé wilujeng dinten punika. Kita mesthi

badhé nampi bebendu awit saking sadaya dosa lan manah kita ingkang tansah mbaléla wonten ngarsanipun Allah. Nanging Allah ingkang Maha asih, tansah ngluwesaken Pangalihipun dhumateng kita. Panjenenganipun ngrengkuh karingkahan kita lan nambali punapa ingkang benthèt ing salebeting gesang kita. Ing salebeting katresnanipun Allah ingkang makaten punika, sumangga kita sami ngasoraken dhiri wonten ing ngarsanipun lan sami nalangsani dosa-dosa kita.

U: **Dhuh Allah ingkang kebak katresnan, Kawula ngakeni bilih pangandel kawula asring kaken lan ringkih. Kawula gampil sami ajrih menawi pinanggih wontenipun éwah-éwahan ing salebeting gesang punika; gampil nesu nalikanipun pamanggih kawula mboten dipun paèlu, saha kawula asring gampil nglokro menawi margi Paduka mboten saged kawula mangretosi. Kawula langkung remen kawontenan ingkang mapan katimbang kasetyan, langkung remen ngleresaken dhiri pribadi katimbang karsa Paduka. Mugi Paduka karsa paring aksama dhumateng kawula sami dhuh Gusti. Mugi Paduka karsa ngluwesaken manah kawula, lan mugi karsa mangun pangandel kawula jumbuh kaliyan katresnan Paduka. Amin.**

U: (mujèkaken KPJ 114: 1,2)

KPJ 114. “GUSTI, SÈSTU KULA TRESNA”

- 1) Gusti sèstu, kula tresna, dhumateng Paduka
Kula masrahken manah, badan dalasan nyawa
Paduka kang agung sih, ingkang sampun menang
Saèstu kula pasrah, dhumateng Paduka
Reff. Kula tresna dhateng Gusti,
wit Gusti sampun nresnani kawula
kula sèstu tresna Gusti,
wit Gusti sampun nresnani kawula

- 2) Gusti anandhang sangsra, ngrembat dosa kula
 Ngantos sinalib séda, karana gunging tresna
 Mila kawula pasrah, klayan trusing manah
 Dhawuhnya kula pundhi, nresnani sesami
 Reff.

PAWARTOS SIH-RAHMAT*(lenggah)*

PS: Sami mirengna pawartos saking Allah. Gusti Allah mboten badhé négakaken kita remuk ing salebeting lampah, nanging Panjenenganipun malah karsa nyucèkaken manah kita kadodéné pérak ingkang kabesot. Wonten ing Sang Kristus ingkang smpun wungu saking séda, pangapuntening dosa kababar, pangajeng-ajeng kasantosakaken lan gesang anyar kaparingaken.

“Sabab iya ana ing Panjenengané marga saka rahé, kita kaparingan tetebusan, yaiku pangapuraning dosa, manut gunging sih-rahmaté, kang wus dilubèraké marang kita kalawan sagunging kawicaksanan lan pangretèn”(Éfesus 1:7-8).

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah! Sih-nugrahanipun agung lan setya.**

U: (Mujèkaken KPJ 355: 1,2,3)

KPJ 355. “WONTEN PUNDI DUNUNGING GESANG”

- 1) Wonten pundi dununging gesang
 Ingkang mengku katentreman
 Wonten pundi Sang jinebadan
 Ingkang nuntun mring kaswargan
 Reff. Kang kapireng swaraning puji,
 Ngumandhang anèng pamujan
 Mung Sang Kristus yéku sumbering
 Katentreman wah kaswargan
- 2) Dhateng pundi puruging gesang
 Ingkang kawratan ing dosa

Tyang prihatos wah tyang kesrakat
 Tinampèn klayan legawa
Reff.

- 3) Dhateng pundi tangis linipur
 Amrih manggih kaayeman
 Ing pundi korining pitobat
 Dimèn manggiha kaswargan
Reff.

PELADOSAN SABDA

(lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

Woasan Kapisan

L1: Waosan kapisan kependhet saking **Lelakoné Para Rasul 17:22-31**
 Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti sarana maos
Jabur 66:8-20 sacara sesautan.

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kependhet saking **1 Pétrus 3:13-22**
 Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil kependhet saking **Yokanan 14:15-21**
 Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, rahayu tiyang
 ingkang sami mirengaken Sabdanipun Gusti saha
 dipuntetepi ing gesang padintenipun. Haléluya.

U: **(mujèkaken Haléluya Amin)**

Kotbah

Wekdal Ening

Pangaken Pitados Rasuli *(Jumeneng)*

M3: Sesarengan kaliyan sadaya umatipun Allah ing sadaya jaman, sumangga kita sami ngikraraken lan kita santosakaken malih pangandel kita sarana sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Pandongga Syafaat *(Lenggah)*

PS: (Nglantaraken pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

M4: Pasamauwan ingkang dipuntresnani Gusti, sasampunipun kita sami ngalami kamurnèkaken lan pitulunganipun Gusti, sumangga kita sami atur pisungsung minangka cihnaning raos sokur lan sumarah wonten ing ngarsanipun Allah. Langkung rumiyin sumangga kita pirengaken dhasaring pisungsung kados ingkang pinanggih wonten ing kitab Jabur 116:12-14: *Kang dakgawé piwales apa marang Sang Yéhuwah, tumrap ing sakèhé sih-kadarmané marang aku? Aku arep njunjung tuwunging pangentasan lan arep nyebut asmaning Pangéran Yéhuwah, arep ngluwari kaulku marang Sang Yéhuwah ana ing ngarepé umat kabèh.*

U: (mujèkaken KPJ 155: 1,2,3)

KPJ 155 “AKU TAN NATÉ MANGERTI”

- 1) Aku tan naté mangerti, kapan begja cilaka
Mung tansah pasrah mring Gusti
Yéku Pamarta setya, mantep pracaya ing ati
Manut rèh lan Sabda-Nya, Tinuntun dumugèng janji
Mring kasampurnan swarga
- 2) Aku asring tan mangerti, karsèng Allah Makwasa
Donga panyuwuning ati, tan kajurungan nulya
Nging yektiné, Gusti nganthi,
Astanya tansah ngreksa, dé panuntuning Roh Suci
Sirna pangrèhing dosa

- 3) Uripku ing pangrèhé Gusti, tan ana pangrèh liya
Kasarasan lan rejeki, wuwuhing sih nugraha
Rancangan tinata tliti, pratandhaning sutresna
Aku tan kuwatir, tan wedi,
Mung begja kang pinanggya

Pandongang Pisungsung

(*Jumeneng*)

M4: (Nuntun pandonga pisungsung, lan panutuping
pangibadah saha Donga Rama Kawula)

Kidung Pengutusan

U: (Mujèkaken KPJ. 106: 1,2,3)

KPJ 106 “AMUNG KUMANDEL IKU”

- 1) Amung kumandel iku, uwiting karosanku
Amung kumandel iku, etuking kraharjanku
Reff. Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku
- 2) Amung pracaya iku, kang mbungahken driyaku
Amung pracaya iku, panglipuring batinku
Reff.
- 3) Srana pangandel iku, ngilangken prihatinku
Srana pracaya iku, sirna was sumelangku
Reff.

PENGUTUSAN

PS: Lampahana gesang ing jagad kanthi pangandel ingkang
luwes lan bakuh, ginemblèng déning katresnanipun Allah,
lan tinuntun ing Roh Suci. Sami nélakna katresnan ing
salebeting basa padintenan ingkang dipunmagretosi.
Kanthi makaten, asmanipun Allah kamulyakaken déning
sadaya bangsa lan jagad punika.

BERKAH (variasi berkat)

- PS: Pangéran Yéhuwah mugé maringana berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah mugé nyunarna chayaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringana sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah mugé karsaa nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringana tentrem rahayu. Amin.
- U: (mujèkaken KPJ 472b: **Haléluya Amin**)

(ka-ytd)



BAHAN LITURGI
Sumengkanipun Gusti Yésus

Kemis, 14 Mei 2026

Keterangan:

PS: Peladosing Sabda

M: Majelis

U: Umat

L: Lèktor

Kristus
Sumengka,
Kita Sami
Martosaken
Asmanipun



PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang mbekta dhateng swasana ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan nyipta swasana ening minangka pacawisan pribadi.
- Maosaken sawatawis pawartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH (*Pasamuwan jumeneng*)

M1: Pasamuwan ingkang dipuntresnani Gusti, sumangga kita surakaken surak kamenanganipun Kristus saking pejah. Panjenenganipun sampun wungu, mulya lan sampun menang. Samangké sumangga kita sami asukarena lan mahargya sumengkanippun Gusti dhateng swarga. Kamulyan kagem asmanipun. Sumangga kita pujèkaken pepujèn saking **KPJ 267:1-3**

KPJ 267 “PAMARTA KULA AGESANG”

- 1) Pamarta kula agesang, tyas kula mila agirang
Kang sinalib gesang. Dènnya séda krana kula
Wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang
Reff. Gesang, gesang, Pamarta kula agesang 2X
- 2) Gesang Gusti kang wus séda, dènnya gesang krana kula
Mila kula puji, saiba dènnya ngasihi
Kula ngantos dènparingi, gesang langgeng ugi

Reff.

- 3) Tyas kula yogya agirang, dé gadhah Pamarta gesang
Sung gesang mring kula, Gusti gesang anèng swarga
Nyawisi papan mring kula, kula ndhèrèk gesang

Reff.

VOTUM

PS: Pitulungan kita punika namung wonten ing Gusti ingkang
nitahaken langit, bumi dalah saisinipun, lan ingkang
tansah netepi prajanji kawilujengan ingkang sampun
kapratélakaken.

U: (mujèkaken KPJ 464b: **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: Gusti nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **lan nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(Lenggah)

M2: Umat ingkang kinasih, irah-irahan pangibadah mahargya
sumengkanipun Gusti dhateng swarga inggih punika:
“Kristus Sumengka, Kita Sami Martosaken Asmanipun”.

Sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga mboten
supados nilar kita, ananging minangka panjangkeping
pameca bab Sang Mesih. Sami ngèngetana timbalanipun
ingkang kaparingaken dhateng kita, lan prajanjinipun
badhé ngutus Roh Suci ingkang badhé mraboti kita sami.

U: (mujèkaken KPJ 282:1, 2, 4)

KPJ 283 “SWAWI SAMI SUKA-SUKA”

- 1) Swawi sami suka-suka, nggèn kula ngènget-ènget
Gusti minggah maring swarga, méndah kaluhuranipun
Njeng Gusti Juru slamet.
- 2) Nyata sinung kamulyan, lan sagung pangwasa
Wonten ing swarga kalayan ing bumi, nggih jinulukan
Ngungekuli sagung nama.

- 4) Paduka kang ngrumiyini, dados Pangirid kula
Saha maringi prajanji, badhé karsa anyawisi
Panggènan wonten swarga.

PANGAKENING DOSA

PS: (*Nyukani wekdal dhateng pasamuwan kanggé ndedonga sacara pribadi, lan katutup sarana pandonga pangakening dosa déning PS.*)

U: (mujèkaken KPJ 251:1-4)

KPJ 251. “DOSA PUNAPA”

- 1) Dosa punapa, déné Gusti kula, nadyan Masuci
Nging siniya-siya? Krana sih tresna
Paduka mring kula, nandhang sangsara.
- 2) Dhuh Ratuning rat, napa ta sababnya
Makutha eri, ngrenggani mestaka?
Dimèn pra umat, rinoban sih rahmat, luwar sing laknat
- 3) Dhuh Guru kula, napa darunanya,
Kaukum pati krana seksi dora, wit nebus jalma
Sing kwasaning dosa, mrih gesang mulya
- 4) Dhuh Imam Agung, amargi punapa, Pindha durjana
Paduka pinenthang, Mrih sagung titah,
dados putrèng Allah, sinungan berkah

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(*Jumeneng*)

PS: Awit saking welas-asihipun ingkang tan winates, Allah kepareng nampèni panalangsa dalah patobat ingkang kaunjukaken kanthi tulusing manah déning saben tiyang. Awit saking punika sami mirengna pawartos sih-rahmat miturut serat **Kolosé 1:27** “*Iku padha diparingi sumurup sapira kaluwihaning kamulyané wewadi mau ana ing antarané para bangsa liya, yaiku: Gusti Kristus ana ing*

tengahmu, iya ana ing Sang Kristus iku dunungé pangarep-arep marang kamulyan!”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

PS: Tentrem rahayunipun Gusti wontena ing panjenengan sadaya

U: **Wontena ing panjenengan ugi**

- *Umat sami jawat asta atur salaming tentrem rahayu -*

U: (Mujèkaken KPJ 271:1, 3)

KPJ 271 “SANG PAMARTA SÉDA PADUKA”

1) Sang Pamarta, séda Paduka, ngluwar kula
Sing ukuman, iba gunging pitulungan
Gusti kang nebus kula, dé kula nyaur napa
Gusti kang nebus kula, dé kula nyaur napa

3) Kula isin yèn kèmutan, nggèn kawula kesambutan
Mangka sring taksih klepatan, kula mugè winulang
Animbangi sihing Gusti, animbangi sihing Gusti
Kula mugè winulang, animbangi sihing Gusti

PELADOSANING SABDA

(Lenggah)

PS: (nglantaraken pandonga Epiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking **Lelakoné Para Rasul 1:1-11**

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti sarana maos Jabur **93** sacara sesautan. // Saged ugi dipunpujèkaken kanthi pepujèn ing sambungan ngandhap punika:
<https://www.juswantori.com/Mazmur/93/>

Waosaan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking serat **Éfesus 1:15-**

23

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking **Lukas 24:44-53**

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang netepi ing gesang padintenanipun. Haléluya.

U: (mujèkaken KPJ 472:1 – **Haléluya, Haléluya**)

Kotbah**Wekdal Ening****Pangaken Pitados Rasuli**

(*Jumeneng*)

M3: Sumangga sami kita ikraraken lan kita antebaken malih punapa ingkang kita pitadosi sarana ngucapaken pangaken Pitados Rasuli:

U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Pandongga Syafaat

(*Lenggah*)

PS: (Nglantaraken pandonga syafaat lan katutup sarana Dongga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

M4: Sumangga kita sami saos panuwunn wonten ngarsanipun Gusti awit saking sadaya kamirahanipun sarana ngaturaken pisungsung kagem kamulyanipun. Sami èngeta Sabdanipun Gusti wonten ing kitab **Kohèlet 11:6**, *“Wijimu sebaren ing wanci ésuk, lan tanganmu aja koklèrènaké ing wanci soré, awit kowé ora sumurup, apa sing iki apa sing iku kang bakal olèh gawé, utawa apa loro-loroné iku padha becik.”*

U: (mujèkaken KPJ 160: 1,2,30)

KPJ 160 “GUSTI KULA NGTURKEN BADAN-NYAWA”

- 1) Gusti kawula ngaturken badan nyawa kawula
Sumangga Paduka agem kawula kagunganta
Reff. Bingah sisaha kula, marem nunggil Paduka
Dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka
- 2) Datan wonten andel-andel, namung Paduka Gusti
Mila kawula kumandel, pasrah kang trusing ati
Reff.
- 3) Raja brana kasugihan, dalasan kasagedan
Kagama dados lantaran, babaring kabingahan
Reff.

Pandongang Pisungsong

(*Jumeneng*)

M4: (Nglantaraken pandonga pisungsong)

PENGUTUSAN

PS: Sumengkanipun Gusti dhateng swarga ngèngetaken kita sadaya bilih pakaryanipun Gusti punika mboten winates ing papan lan wekdal. Gusti ingkang sumengka punika marisaken timbalan martosaken katresnanipun Allah dhumateng kita para muridipun ing jagad punika. Lumantar kita sadaya, asmanipun Kristus kawartosaken dhumateng tiyang-tiyang ingkang taksih kablenggu déning pepeteng, supados kanthi makaten sami saged ngalami katresnan lan tentrem rahayu ingkang satuhu.

Kidung Pengutusan

U: (Mujèkaken KPJ 280:1,2,3)

KPJ 280 “KRISTUS GUSTI SUMENGKA”

- 1) Kristus Gusti sumengka mring swarga
Ngutus wong pracaya tansah setya
Amartakna Injil sih-rahmat-Nya
Kang nampènana sinungan begja

Reff. Bra undhangna, Sang Kristus jumeneng Raja
Kratonira tentrem raharja

2) Sang Pamarta sumengka mring swarga
Wong pracaya dadya lantarananya
Mrih Kratoning Allah binabarna
Dhedhasarira sih welas tresna
Reff.

3) Gusti Kristus sumengka mring swarga
Ngutus wong pracaya mbudidaya
Sirnanira rasa memungsuhan
Mrih kebabaring gung katentremen
Reff.

BERKAH

PS: Kaéndahanipun Allah mugè sumunar saking paningal panjenengan; sih-sutresnanipun Allah mugè mantul ing sadaya pandameling asta panjenengan. Kawicaksananipun Allah mugè dumeling lumantar sadaya tetembungan panjenengan. Pamirsanipun Allah mugè tansah mili saking telenging manah panjenengan, supados sami sageda ningali sadayanipun, saged kanthi satuhu mandeng lan pitados bilih Yésus Kristus saèstu jumeneng Gusti ing salebeting panguwaosipun Sang Roh Suci kagem kamulyanipun Sang Rama.

Amin

U: (mujèkaken KPJ 474 **Haleluya Amin**)

(dkg-ytd)



BAHAN LITURGI
Minggu Paskah kaping 7
Minggu, 17 Mèi 2026

Katrangan:

PS: Palados Sabda

Prdt: Pradata

Umt: Umat

Lkt: Lèktor

**“Katunggilaken
ing Pandonga,
Kuwagang
Makarya
awit Daya
Kuwaos”**



Pacawisan

- Organis/pianis/pemusik ngungelaken kidung-kidung ingkang nuntun pasamuwan ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé kaladosaken.
- Pasamuwang ening dhiri minangka pacawisan pribadi.
- Warta Geréja kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(umat jumeneng)

Prdt 1 : Pasamuwan ingkang kinasih, ing Minggu Paskah kaping 7 punika, sumangga kita lumebet ing pangibadah kanthi manah ingkang tinarbuka lan ngraos-raosaken maknaipun pangibadah punika.

Umt : Kawula sowan Paduka Gusti, | kanthi manah ingkang winengku raos sokur, | punapa déné kangening manah kawula.

Prdt 1 : Gusti punika tuhu-setya anggènipun tansah ngrimati gesang kita, nuntun sauruting lampah gesang, lan ngiyataken kapitadosan kita murih tansah kuwagang nglampahi gesang lan makarya-lelados ing salebeting katresnanipun.

Umt : Kawula pitados | bilih Gusti tansah nunggil | saha ndayani kawula.

Prdt 1 : Awit saking punika, sesarengan sadaya titahipun Gusti kita mratélakaken suka-bingahing manah, pepujèn, saha panggunggunj konjuk Gusti Allah.

Umt : Kawula ngluhuraken Paduka, | Gusti ingkang Murba Dumadi | lan ingkang jumeneng Juru Pangrimating gesang.

Prdt 1 : Sumangga kita ngluhuraken Gusti kanthi pujèn **PKJ.**

58 “SADĀYĀ INGKANG TUMITAH”

PKJ. 58 “SADĀYĀ INGKANG TUMITAH”

Cakepan: Pdt. Uri Christian Sakti Labèti

- 1) Sadāyā kang tumitah sajadad rāyā,
anggunggunj Asmanyā wit gunging sihnyā.
Suryā, wulan, lintang, peksi, sato kéwan ulam minā,
sadāyā kang tumitah ing redi wah lembah.
- 2) Sadāyā manungsā samyā memujā,
nggunggunj sih-wilāsā Gusti Māmulyā.
Ing Yésus Sang Putrá Rāmā rahayu kababar nyātā;
sagunging tumitah gesang raharjā.
- 3) Gusti Yésus kulā wungu sing sédā;
kawulā pracāyā baptis tandhanyā,
murih kulā gesang bākā ing suwargā kang sampurnā,
milā samyā neksèni sih-kaw’lasantā.

VOTUM

PS : Kita wiwiti pangibadah punika, kanthi pangaken:
“Pitulungan kita punika saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi, lan sadaya isinipun; ingkang tansah setya netepi prasetya karahayonipun, ingkang sampun kababaraken.”

Umt : *(aklamasi)* Amin, Amin, Amin.

SALAM

PS : “Sih-rahmat lan tentrem rahayu, saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus, nunggil ing para sadhèrèk sadaya.”

Umt : Samangké éngga salaminipun.

PRATÉLAN BEBUKA*(umat lenggah)*

Prdt 2 : Para sadhèrèk ingkang kinasih ing patunggilanipun Gusti, ing wekdal Sumengkanipun Gusti Yésus lan ndungkap Péntakosta, Geréja gesang ing salebeting wekdal pangantu-antu praptaning pasetyanipun Gusti Allah, sinambi taberi sinau lan tunggiling pangraos ing salebeting pandonga. Ing wekdal pangantu-antu punika, kita tinimbalan boten supados kèndel-anteng; nanging supados masrahaken dhiri, ngrimati kasetyan, lan mbikak manah murih kaerèh déning panguwaosing Gusti Allah. Pramila, sumangga kita sowan dhumateng Gusti kanthi manah ingkang kangen tetunggilan lan sumadhiya mbangun-turut. Pratélaning kapitadosan kita, sumangga kita memuji Asmanipun Gusti kanthi repèning **PKJ. 106 “KATUNGGILNÀ KAWULÀ GUSTI”**

Umt : (karepèkaken rambah kaping 2)

PKJ. 106 “KATUNGGILNÀ KAWULÀ GUSTI”

Cakepan: Pdt. Uri Christian Sakti Labèti

Gusti katunggilnà kulà
 kanthi tangsuling tresnà sing Padukà,
 Gusti katunggilnà kulà
 kanthi tangsuling katresnan sanyatà.
 Allah kang Tunggal, Ratu kang Bâkà,
 umat raharjâ, nampi sih-nugrahanyâ.
 Gusti katunggilnà kulà
 kanthi tangsuling tresnà sing Padukà,
 Gusti katunggilnà kulà
 kanthi tangsuling katresnan sanyatà.

PANGAKEN DOSA

PS : “Manawa kita padha ngakoni dosa kita, Panjenengané iku setya tuhu lan adil, temah bakal ngapura sakèhing dosa kita, sarta ngresiki sakèhing piala kita.” – 1 Yokanan 1:9.

Kanthi andhap asoring manah, sumangga kita ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti déné Panjenenganipun pirsá sadaya wohing pamawas lan pandamel kita.

Umt : Kawula ngakeni dosa ing ngarsa Paduka Gusti | saèstu kawula ngakeni karingkihan kawula.

PS : Sumangga kita raos-raosaken kalepatan saha panerak ingkang sampun kita tindakaken; kita pasrahaken dhiri sawetahipun ing sih-piwelasipun Gusti.

**(umat ngunjukaken ndonga piyambak,
salajengipun PS nutup pandonga)**

Umt : (ngrepèken **PKJ. 179**)
PKJ 179 “KATRESNAN INKGANG AGUNG”
Cakepan: Pdt. Uri Christian Sakti Labèti

- 1) Tresná kang tuhu agung mung saking Gusti,
ingkang kulå tapi ing sajroning ati.
Yésus Gusti Máasih lan Máhá Suci,
ngurbanen sarirá rahayu kang prapti.
pati lan pejah teluk wit wunguné Gusti,
gesang langgeng lan mulyå pinaringken Gusti.
- 2) Milå kulå prajangi setyå mring Gusti,
murih karahayon lestari s’laminyå.
Neksèni tresnanyå maring sesami,
wah sadâyå tumitah mrih gesang raharjå.
Nadyan panggodhá nempuh, pejah myang pati,
kulå tan éwah gingsir suméndhé Pamartå.

PAWARTOS SIH-RAHMAT (umat jumeneng)

PS : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Panjenenganipun tuhu-setya myarsakaken pandonga umatipun lan Panjenenganipun makarya kanthi daya kuwaos ingkang nganyaraken gesang kita. Wonten ing Sang Kristus, kita boten namung pikantuk pangapuntinging dosa, nanging ugi katunggilaken

kaliyan Gusti Allah punapa déné sesami, lajeng gesang winengku ing panguwaosing Roh Suci. Sabdanipun Gusti nandhesaken: “Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar: kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata wus teka” (2 Korintus 5:17).

Adeging umat ingkang sampun kapulihaken saha katunggilaken ing pandonga, sumangga kita masrahaken dhiri sawetahipun dhumateng Sang Kristus, ngaturi wewengan pakaryan kuwaosipun Gusti nuntun kita murih setya leladi lan neksèni. Sesarengan kita pratélakaken **“GUSTI KULĀ PRAJANJI”**

Umt : (ngrepèkaken **KJ. 369:1, 3-4**)

KJ. 369 “GUSTI KULĀ PRAJANJI”

Cakepan: Pdt. Uri Christian Sakti Labèti

- 1) Gusti kulā prajangi tansah setyā-tuhu,
suméndhé jiwa rāgā mrih tentrem-rahayu.
Ing tengahing prahārā wah salir rubédā,
Padukā tamèng kulā peparang santosā.
- 2) Padukā kang ngayomi ing lampah kawulā,
katempuh ing sangsārā wah kathah rubédā,
kinupeng ing panggodhā tumindak durākā,
karahayon Padukā lestantun s’laminyā.
- 3) Ngugemi prasetyanyā mring umat kang setyā,
gesang langgeng s’lamanyā ing swargā kang mulyā.
Pangrèh Padukā Rāmā tansah kulā antyā,
nuntun lampah kawulā nunggil lan Pamartā.

PALADOSAN SABDA

(umat lenggah)

PS : (nedonga badhé nampi Sabda)

Waosan Kapisan

Lkt 1 : Waosan kapisan kapethik saking **Lelakoné Para Rasul 1:6-14**. (sasampunipun maos) Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt : Puji sokur konjuk Gusti.

Masmur Tanggapan

Lkt 2 : Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kanthi maos sesautan **Masmur 68:1-10; 32-35** kawiwitan saking kula.

Wasan Kalih

Lkt 3 : Wasan kalih kapethik saking **1 Pétrus 4:14; 5:6-11**. (sasampunipun maos) Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt : Puji sokur konjuk Gusti.

Wasan Injil

PS : Pamaosing Injil, kapethik saking **Yokanan 17: 1-11**. (sasampunipun maos) Makaten Injiling Yésus Kristus. “Ingang rahayu inggih punika tiyang ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken.” Haléluya!

Umt : (*aklamasi*) Haléluya, Amin!

Kotbah

Wekdal Ening

Pangaken Kapitadosan *(umat jumeneng)*

Prdt 3 : Sesarengan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman, sumangga kita pratélakaken lan kita teguhaken malih ingkang dados isining kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

Umt : (sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Donga Syafaat *(umat lenggah)*

PS : (nuntun donga *syafaat*)

PISUNGSUNG

Prdt 4 : Wujuding raos sokur ingkang kita pratélakaken ing pangibadah kanthi ngaturaken pisungsung wekdal

samangké, tinalasan Sabdanipun Gusti kados ingkang kaserat déning Rasul Paulus ingkang kapacak ing serat **Rum 12:1** “Kang iku para sadulur, marga saka sihkamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati.”

Umt : (ngrepèkaken **PKJ. 264 “PUNĀPĀ DAMELÉ NGIBADAH”**)

PKJ. 264 “PUNĀPĀ DAMELÉ NGIBADAH”

Cakepan: Uri Christian Sakti Labèti

- 1) Pangibadah ingkang tuhu konjuk mring Gusti, nggih legawå rilå ugi trusing ati.
Pangibadah ingkang tuhu konjuk mring Gusti, cihnaning sokur kang mengku jroning ati.
Refrein:
Pangibadah kang tuhu sajati pisungsungnå.
Tresnå, ngapunten, lan mitulungi mring pepådå.
Pangibadah kang tuhu sajati pisungsungnå.
Jujur ing lampah murni ing driyå karsaning Råmå.
- 2) Mila præ kancå gyå leladi mring tyang kang sisah, gesangnyå ajrih, sumelang, ugi semplah.
Gusti ngutus præ umatnyå tresnå sasåmå,
nggih pisungsung kang sajati wit welasnyå.
Refrein:
- 3) Bingahing manah yèn tetulung maring pepådå,
pangajeng-ajengnyå tuwuh myang ngrembåå.
Gusti kang sampun mbabar tresnå paring nugråå,
temah kitå inguwalnå sing antåå.
Refrein:

Donga Pisungsung

(umat jumeneng)

Prdt 4 : (nuntun donga pisungsung)

Kidung Pangutusan

PS : Samangké kita kautus wangsul maring jagad boten kanthi daya karosan kita piyambak, nanging minangka umat ingkang sampun katunggilaken ing pandonga makaten ugi kasagedaken makarya-lelados awit pakaryan panguwaosipun Gusti Allah. Donga nunggilaken manah kita kaliyan karsanipun Gusti lan dayaning pandonga. Panguwaosing Roh Suci ndayani kita jumangkah dados seksining Sang Kristus ing sadhéngah prajanji ingkang kita budidaya nindakaken. Awit saking punika, sumangga kita pratélakaken pasrahing dhiri saha prajanjining kapitadosan kita, kanthi sesarengan ngrepèkaken kekidungan **“PRASETYANINGSUN MRING PRÁ UMAT”** minangka pratélan saranduning gesang kita ingkang kapasrahaken ing Astanipun Gusti ingkang tuhu-setya.

Umt : (ngrepèkaken **Gita Bakti/ GB. 114 “PRASETYANINGSUN MRING PRÁ UMAT”**)
<https://youtu.be/SloZnbgDulg?si=w9Dig9iFESxGplQ>

**GB. 114 “PRASETYANINGSUN
MRING PRÁ UMAT”**

Cakepan: Pdt. Uri Christian Sakti Labèti

1. Ing salampahing gesang lan ing jroning pandongå, ing bingah dalah sisah, Gusti nunggil kulå.
Langkung ngaré samodrå nemahi gung sangsårå, pangrekså lan pangrèhnyå nentremken ing driyå.
Refrein: Gusti kang ngrekså kulå.
Gusti kang mbabar k'wåså.
Gusti kang tuhu-setyå.
datan gingsir salaminyå.
2. Mring sasåmå kang semplah nggih winengku panggresa, pinoyok lan cecamah rudatin kang panggah.
Gusti ngutus mring kulå mbabar tentrem raharjå,

Temahan sami sukå wit sihing Pamartå.

Refrein:

PANGUTUSAN

- PS : Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti ingkang sampun nunggilaken kita ing pandonga.
- Umt : Manah kawula ngener dhumateng Gusti | lan sumadhiya mbangun-turut Panjenenganipun.
- PS : Sang Kristus ngutus panjenengan dados seksnipun ing pundi kémawon panjenengan kapapanaken.
- Umt : Kawula sumadiya neksèni Sang Kristus.
- PS : Pinujia Gusti ingkang maringi Roh Suci, ingkang tansah nunggil kaliyan kita.
- Umt : Samangké éngga salaminipun.

BERKAH

- PS : Gusti Allah ingkang Maha Setya, tansah ngrimati lampah gesang panjenengan. Gusti Yésus Kristus ingkang Maha Mirah tansah neguhaken kapitadosan lan nunggilaken manah panjenengan sadaya. Roh Suci ingkang Maha Wikan ndayani panjenengan satemah tansah taberi, tunggil ing manah, lan mbangun-turut ing timbalanipun. Amin.
- Umt : (ngrepèkaken **KPJ. 460 “TENTREM RAHARJA”**)
 KPJ. 460 “TENTREM RAHARJA”

Tentrem raharja sing Gusti kita,
 tumrah mring kita;
 tentrem raharja sing Gusti kita,
 tumrah mring kita.

[cjkh~ucsl]



LITURGI**Minggu Péntakosta***Minggu, 24 Mèi 2026*

Katrangan:

PS: Palados Sabda

Ltgs: Liturgos

Prdt: Pradata

Umt: Umat

**“Makarya,
Nglarasaken
maring
Roh Suci”****PACAWISAN**

- Wekdal ening / donga pribadi
- Warta Geréja kawaosaken

TIMBALAN NGIBADAH

Prdt : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, kedadosan Péntakosta ingkang sampun kalampahan èwon taun kapengker, boten badhé dipun supèkaken déning jagad. Ing dinten kasebat dados bukti bilih Sang Kristus netepi prasetyanipun. Panjenenganipun ngutus Sang Juru Panglipur, Rohing Kayektosan. Dayaning Roh Suci ndadosaken para siswa kuwagang ngwujudaken pakaryan karahayonipun Gusti Allah lan nyrambahi sadaya bangsa. Pawartosing Injil sangsaya sumebar lan sangsaya kathah tiyang sami tepang dhumateng Sang Kristus minangka Gusti lan Juru Wilujenging jagad. Péntakosta sanès namung ngèngeti kedadosan ing jaman kapengker. Dinten samangké éngga Bénjang kalanggengan, Roh Suci tansah makarya maringi daya kuwaos ndayani pagesangan.

KIDUNG PAMBUKA

(umat jumeneng)

KPKA-BMGJ 112 “MUGI MBERKAHI KULA”

- 1) Adhuh Gusti kula sèstu ngorong berkah Paduka,
yèku kang ngayemken kalbu mugè mberkahi kula,
nggih kula, nggih kula mugè mberkahi kula

- 2) Mugi sampun anglangkungi dhateng kula dhuh Rama, mrih kula luwar sing pati mugi mlasi mring kula, nggih kula, nggih kula mugi mlasi mring kula.
- 3) Sampun anglangkungi kula dhuh Pamarta kang setya, mrih kula unggul sing dosa mugi nimbali kula, nggih kula, nggih kula, mugi nimbali kula.

VOTUM

PS : “Pitulungan kita punika, wonten ing Asmanipun Gusti, ingkang nitahaken langit lan bumi.

Umt : Ingkang tuhu-setya ing salami-laminipun.”

PS : Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

Umt : Samangké éngga salaminipun.

PS+Umt : (*aklamasi*) Amin, Amin, Amin.

SALAM

PS : Salam rahayu, Gusti nunggil panjenengan!

Umt : Nunggil ing panjenengan ugi.

PRATÉLAN PAMBUKA

(*umat lenggah*)

Ltgs : Péntakosta mujudaken wekdal ingkang wigati tumrap Geréja murih tumut tumandang damel ing pakaryan karahayonipun Gusti Allah tumrap jagad. Geréja boten prayogi namung kèndel kémawon ing satengahing kawontenan jaman ingkang tansah éwah gingsir. Geréja kedah wantun makarya kanthi trengginas lan nglarasaken paladosanipun kanthi éwah-éwahan ingkang kababar. Éwa samanten, pakaryan saha sikep purun nglarasaken dhiri punika sanès awit pangaribawaning jagad. Pakaryan saha sikep purun nglarasaken dhiri punika sumberipun saking Gusti Allah.

Roh Suci paring daya karosan tumrap Geréja murih gesang, makarya, lan nglarasaken dhiri. Péntakosta

neguhaken manah kita ngraos-raosaken pakaryaning Roh Suci. Manah panjenengan prayogi kabikak lan ngraosaken pakaryanipun, Roh Suci tumedhak ing satengah kita.

KIDUNG PAMUJI

KPJ. 295 “WIT SANG ROH SUCI”

- 1) Wit Sang Roh Suci, kula sagedna,
martosken Injil adi Kraton Swarga.
Wit Sang Roh Suci, kula sinung daya,
neksèni Yésus Gusti, Sang Pamarta.
- 2) Wit Sang Roh Suci, kula wicaksana,
wijang nerangaken sabda karsèng Allah.
Wit Sang Roh Suci, kawula sembada,
nglampahi gesang tansah lembah-manah.
- 3) Wit Sang Roh Suci, kula datan semplah;
nadyan manggih rubéda tansah panggah.
Wit Sang Roh Suci, kula tan suwala,
jroning kinaniyaya, tetep setya.

DONGA PANGAKENING DOSA

- Ltgs : Para sadhèrèk, sumangga kita ndedonga.
Gusti, Paduka maringi kawula sih-nugraha inggih punika Roh Paduka ingkang Suci satemah kawula gesang mbangun-turut ing sih-susetya Paduka.
- Umt : Dhuh Rohing Gusti ingkang Suci, | karsaa ngapunteni kawula. | Kawula boten sawetahipun gesang | mbangun-turut ing sih-nugraha | ingkang Paduka paringaken tumrap kawula.
- Ltgs : Dhuh Rohing Gusti ingkang Suci, Paduka maringaken manéka warni nugraha satemah kawula tangi lan tandang damel ing satengahing jagad ingkang tansah éwah gingsir.

- Umt : Dhuh Rohing Gusti ingang Suci, | karsaa ngapunteni kawula, | déné kawula asring maélu | maring pepénginaning jagad | ingkang nawèkaken manéka warga panggodha.
- Ltgs : Dhuh Rohing Gusti ingkang Suci, Paduka nyingkiraken geter-sumelang lan maringi kakiyatan tumrap kawula murih ngedalaken wohing gesang ingkang munpangati.
- Umt : Dhuh Rohing Gusti ingkang Suci, | karsaa ngapunteni kawula, | awit kawula asring sanget | ngutamèkaken raosing manah | ingkang geter-sumelang | awit kawula | namung ngutamèkaken dhiri kawula piyambak.
- Ltgs : Dhuh Rohing Gusti ingkang Suci, Roh Paduka maringi daya karosan satemah kawula trengginas nindakaken dhawuh-paréntahipun Sang Kristus.
- Umt : Dhuh Rohing Gusti ingkang Suci, | karsaa mitulung| satemah kuwagang | nemahi pakaryan lan gesang kanthi trengginas | sesarengan kaliyan Paduka.
- Ltgs : Dhuh Rohing Gusti ingkang Suci, sih-rahmat Paduka katumrahaken tumrap Geréja Paduka lan neguhaken geréja-geréja murih manjing dados berkah tumrap bebrayan agung.
- Umt : Dhuh Rohing Gusti ingkang Suci, | karsaa maringi kawula | kakendelan, | murih gesang kawula | dados berkah ing bebrayan agung.
- Ltgs : Dhuh Rohing Gusti ingkang Suci, wonten ing Paduka kawula sumarah lan nyuwun sih-rahmat déning patunggilan katresnan ingkang langgeng; Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.
- Ltgs+Umt : Amin.

KIDUNG KASANGGEMAN

KPJ. 294 “TYASKU MUGA KASOKANA”

- 1) Tyasku muga kasokana Rohé Hyang Masuci,
Gusti kang asetya tuhu wus paring prajanji.
Refrein: Dhuh Pamarta kang sinalib
kang mugè wontena,

Pentékosta agung malih,
mradini ing donya

2) Gusti, mugi Roh Paduka tansah tumedhaka,
dhateng pasamuwan Paduka, wah ing manah kula.
Refrein:

3) Dhuh, mugi Rama myarsakken sambaté pra putra,
manah énggal, pinaringna dhumateng kawula.
Refrein:

4) Dhuh Rohullah, mugi mrasuk ing manah kawula,
nunten suci miwah padhang, lan unggul ing yuda.
Refrein:

PAWARTOS SIH-RAHMAT (umat jumeneng)

PS : Punika pratélan sih-nugraha saking Gusti: “Manawa kowé padha tresna marang Aku, padha netepana pepakonKu, Aku bakal nyuwun marang Sang Rama, nuli kowé bakal padha diparingi Sang Juru Panglipur liyané, supaya Panjenengané nunggala karo kowé” (Yokanan 14:15-17). Makaten sih-rahmat saking Gusti.

Umt : Puji sokur konjuk Gusti!

TENTREM RAHAYU

PS : Tentrem-rahayunipun Gusti wontena ing panjenengan.

Umt : Tentrem-rahayunipun Gusti ugi wontena ing panjenengan.

- *umat sami tangkep asta lan ngucap “Tentrem-rahayunipun Gusti wonten ing panjenengan.”*

KIDUNG TANGGAPAN (umat jumeneng)

KPJ. 289 “SANG ROH SUCI MUGI PARENG”

1) Sang Roh Suci mugi pareng anedhaki tyas kula,
dimèna tentrem rahayu, kapenuhan ing tresna.
Refrein: Dhuh Gusti kang setya Paduka kulandelaken;

mugi pareng nedhakaken Roh Suci ing tyas kula.
Gusti, mugi nucèkaken tyas kula.

- 2) Sumangga cahya Paduka amadhangna tyas kula,
mugi pepetenging dosa binirata sadaya.

Refrein:

- 3) Mugi ngirid lampah kula manut pangrèh Paduka.
Paduka kula bektèni ngantos dugèng wekasan.

Refrein:

PALADOSAN PANGANDIKA *(umat lenggah)*

- Donga badhé nampi Pangandika (déning PS)
- Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

Lkt : (maos **Lelakoné Para Rasul 2:1-21**)
Makaten Pangandikanipun Gusti!

Umt : Puji sokur konjuk Gusti!

Masmur Tanggapan

Lkt : (maos utawi nglagokaken **Masmur 104:24-34, 35b**).

Waosan Kalih

Lkt : (maos **1 Korinta 12:3b-13**)
Makaten Pangandikanipun Gusti!

Umt : Puji sokur konjuk Gusti!

Waosan Injil

PS : Waosan Injil kapethik saking **Yokanan 20:19-23**.
(sasampunipun maos) Makaten Injiling Yésus Kristus.
“Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken
pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken.” Haléluya.

Umt : (aklamasi) Haléluya, Haléluya, Haléluya!

- Kotbah
- Wekdal Ening

PANGAKEN KAPITADOSAN *(umat lenggah)*

Prdt : Sesarengan umatipun Gusti ing sadhéngah jaman lan panggènan, sumangga kita nganyaraken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli:

DONGA SYAFAAT

(déning PS, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

Prdt : Tansah ngucap sokur konjuk Gusti. Panjenenganipun nedhakaken Roh Sucinipun murih jagad kapulihaken. Winengku ing raos sokur saha ngèngeti pangandikanipun, sumangga kita ngaturaken pisungsung konjuk Gusti. Masmur 50:23, "Sapa kang ngaturaké pamuji minangka kurban, iku ngluhuraké Ingsun; sapa kang jujur lakuné, karahayon peparipé Gusti Allah bakal Suntedahaké."
Sadèrèngipun ngaturaken pisungsung kita, sumangga kita ndedonga.

- *Pradata nuntun donga pisungsung.*

KPJ. 288 "SANG ROH SUCI DEDALEM ING ATI"

- 1) Sang Roh Suci dedalem ing ati,
amrih tyang gesang énggal sejati,
tumemen olah katresnan,
wah karoban kabingahan,
Sang Roh Suci dedalem ing ati.
- 2) Sang Roh Suci dedalem ing driya,
temahan gesang tentrem-raharjo,
sabar, sarèh, paramarta, kautamèn dèntengenna,
Sang Roh Suci dedalem ing driya.
- 3) Sang Roh Suci dedalem ing ati,
damel tyang pitados setya-bekti,

andhap-asor, alus-budi, saged ngemudheni dhiri.
Sang Roh Suci dedalem ing ati.

- *umat jumeneng ngrepèkaken kidung doksologi (KJ 303a “Pujilah Khalik Semesta” – kolèktan mbekta pisungsung lan jumeneng ing ngajeng (utawi sanctuary).*

KIDUNG DOKSOLOGI

KJ. 303a “PINUJIÅ ALLAH MÅKWÅSÅ”

Cakepan: Uri Christian Sakti Labèti

Pinuji Allah Makwåså, etuking nugråhå yekti,
swargå lan bumi memujå; Sang Råmå, Putrå, Roh Suci!

PANGUTUSAN

PS : Manah panjenengan kabikaka murih nampèni
katetepan saking Roh Suci.

Umt : Kawula mbikak manah | ngener Panjenenganipun.

PS : Wartakna kabar kabingahan tumrap jagad.

Umt : Kawula punika seksi-seksi kabar kabingahan | saking
Gusti Allah.

PS : Mulyakna Panjenenganipun lumantar gesang
panjenengan,

Umt : Badhé kawula luhuraken | Gusti etuking sadhéngah
berkah.

KIDUNG PANGUTUSAN

(umat jumeneng)

KPJ. 292 “SANG ROH SUCI, ROHING KATRESNAN”

- 1) Sang Roh suci, rohing katresnan,
nuntuna mring kula s’laminya;
nyingkirna raos pasulayan,
amrih jagad tentrem raharja,
ngrukunken tyang kang cecongkraham,
mbereg nilar tumindak dosa;
ngiyatken manah ingkang semplah.
Dhuh Gusti, nuntuna mring kula.

- 2) Dhuh Roh Suci, roh kasunyatan;
nunggila mring kula slaminya,
mrih babaring karsaning Allah
wah tobating tyang ambek-siya.
Labuh-labet sepi ing pamrih,
nglawan panindhes klayan sih;
tan ajrih pepalang - rubéda.
Dhuh Gusti, nunggila mring kula.
- 3) Dhuh Roh Suci, roh kaadilan,
ngantia mring kula slaminya;
mbabar adil tresnaning Allah,
kraharjan warata sumrambah.
Ngluwari tyang binanda dosa,
nguculi jireting duraka,
ngayomi tyang ringkih wah papa.
Dhuh Gusti, nunggila mring kula

BERKAH

PS : Nampènana berkahipun Gusti:

“Binerkahana panjenengan ingkang tansah kumandel
dhumateng Sang Yéhuwah lan pangajeng-ajengipun
dhumateng Sang Yéhuwah! Panjenengan kadya uwit
ingkang tinamen ing pinggiring toya, ingkang oyod-
oyodipun mrambat ing pinggiring lèpèn lan ingkang
boten nemahi bentèr sumelèt, ronipun panggah ijem,
boten samar ing mangsa ngerak lan tanpa kendhat
ngedalaken woh.”

“Sih-nugrahaning Gusti Allah Sang Rama, Sang Putra,
lan Sang Roh Suci nunggil ing kita sadaya, samangké
éngga salami-laminipun.” Amin.

Umt : (*aklamasi*) Haléluya (5x) Amin (3x).

(wsn~ucsl)



BAHAN LITURGI

Minggu Tritunggal

Minggu, 31 Mei 2026

Cathetan:

- PS: Palados Sabda
P: Pradata (Majelis Geréja)
U: Umat
L: Lèktor

**Tritunggal
Tan Winates**



CECAWIS (saget dipuntata kados padatan ing geréjanipun piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngugelaken *lagu-lagu* supados pasamuwan saget ngraosaken pangibadah ingkang badhé lumampah
- Pasamuwan sami lumebet ing wekdal tidhem kanggé cumawis dhiri.

TIMBALAN PANGIBADAH (*Pasamuwan Jumeneng*)

P1: Pasamuwan ingkang dipunkasihi Gusti, dinten punika kita sami ngriyadinaken Minggu Tritunggal. Pahargyan punika mbereg kita sami supados sami tumungkul manambah lan sujud bekti dhumateng Gusti Allah ingkang kawontenanipun tanpa winates, kados ingkang kacetha ing Tritunggal ingkang sejatosipun.

Sumangga kita sami sowan ing Ngarsanipun, kanthi pepujèn KPJ 22:1-3

KPJ 22:1-3 “PUJI KONJUK ALLAH RAMA”

- 1) Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra
Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya sawiji.
Haléluya! Haléluya! Tetiganya sawiji.

- 2) Pinuji Ratuning swarga, Gustiné pra manungsa,
nggih Ratuning pasamuwan, Ratu sumbering gesang.
Haléluya! Haléluya! Ratu sumbering gesang.
- 3) Pinuji Allah Makwasa kang nitahken jagad rat,
wah milujengken manungsa, krana gunging sih-
rahmat.
Haléluya! Haléluya! Krana gunging sih-rahmat.

VOTUM

PS: Pangibadah punika kalampahan ing asmanipun Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

U: (Ngrepèkaken **Amin, Amin, Amin**)

4/4 do = C

5 7 $\dot{1}$. | 5 7 $\dot{1}$. | $\overset{5}{\underbrace{4}} 3$. ||
A - min A - min A - min

SALAM

PS: “Sih Rahmatipun Gusti Yésus, lan sihipun Allah, saha patunggilanipun Sang Roh Suci nunggil ing panjenengan sedaya” (2 Korintus 13:13)

U: **Ugi nunggila ing panjenengan**

PAMBUKA

(Pasamuwan Lenggah)

P2: Ayub ngendika, “Sanyata Gusti Allah iku agung, ora kena kagayuh kalawan kawruh kita, cacahing tauné ora bisa kasumurupan...” (Ayub 36:26). Pramila saking punika, mboten gampil kanggé kita mangertosi karsanipun Gusti. Nanging punika mboten dados jalaran kita mangu-mangu bab pangauwos lan kaleresanipun. Tritunggal ingkang sejati dados bukti kaagunganipun Gusti, ing salebetipun punika kita nampi sih rahmat lan timbalan kanggé sesarengan makarya ing pakaryanipun Gusti Allah ingkang ageng, ing tengahing jagad punika.

U: (Ngrepèkaken **KPJ 26:1-3**)

KPJ 26:1-3 “PINUJI GUSTI”

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.
Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.
- 2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.
Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.
- 3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.
Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.

PANGAKEN DOSA

PS: Rasul Paulus ngémutaken kita, “***Marga kabèh wong wis padha gawé dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah***” (Roma 3:23). Pramila, sumangga kita sami ngakeni dosa lan kanthi tumemen mratobat ing ngarsanipun Gusti.

U: (Ngrepèkaken **KPJ 46:1-3**)

KPJ 46: 1-3 “AWIT KATHAH DOSA KULA”

- 1) Awit kathah dosa kula,
mila tansah kemengan
Gusti kang madhangi
manah myang tukung kabingahan
- 2) Mugi karsa angaksama
ing klepatan kawula.
Tyas kula mugi dadosa
padaleman Paduka.
- 3) Gusti kang kula ndelaken,
mugi nuntun mring kula.

Kula badhé ngèstokaken
ing sakarsa Paduka.

PAWARTOS SIH RAHMAT (*Pasamuwan Jumeneng*)

PS: Awit ageng sih katresnanipun, Gusti karsa paring sih rahmatipun ingkang ngapunteni dosa, **“Sabab iya ana ing Panjenengané marga saka rahé, kita kaparingan tetebusan, yaiku pangapuraning dosa, manut gunging sih-rahmaté, kang wus dilubèraké marang kita kalawan sagunging kawicaksanan lan pangretèn.”** (Éfésus 1:7-8)

U: (Ngrepèkaken **KPJ 97:1,2**)

KPJ 97:1,2 “UWAL SING LAKNAT”

- 1) Uwal sing laknat; iba begjaku! Gusti wus séda, mbirat dosaku, temah luwar sing paukuman, dènya ngluwar babar pisan.

Reff: Babar pisan dènya nulungi, babarpisan dènya ngrampung.
Rumaketa ing pamenthangan, mesthi luwar babarpisan.

- 2) Saiki kita padha mardika, Gusti wus nanggal ing slamet kita,
linuputken sing karusakan, sinucèkken babar-pisan,

Reff:

PALADOSAN PANGANDIKA (*Pasamuwan Lenggah*)

PS: (Ngonjukaken Donga Èpiklésé)

Waosan Sepisan

L1: Waosan Sepisan saking **Purwaning Dumadi 1:1-2:4a**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Jabur Tanggapan

L2: Sumangga kita sami nanggapi Pangandikanipun Gusti kanthi maos **Jabur 8** kanthi sesautan.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **2 Korinta 13:11-13**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, kapedhet saking **Matéus 28:16-20**

Mekaten Injilipun Yésus Kristus; ingkang rahayu inggih ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Gusti lan ugi ingkang nggatosaken. Haléluya!

U: (Ngrepèkaken **KJ 473a “HALÉLUYA”**)

do = g 3 dan 2 ketuk

5̣ 5̣ | 6̣ 5̣ ' 1̣ 1̣ | 2̣ 1̣ ' 4̣ 4̣ | 3̣ 2̣ 1̣ 2̣ | 1̣ . ||

Ha - le - lu - ya, Ha - le - lu - ya, Ha - le - lu - ya!

Kotbah

Wekdal Ening

Donga Rama Kawula

Pangaken Pitados (*Pasamuwan Jumeneng*)

P3: Sesarengan kaliyan sedaya umatipun Allah ing sadhéngah mangsa, sumangga kita nélakaken kapitadosan kita kanthi mratélakaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Donga Syafaat (*Pasamuwan Lenggah*)

PS: (Ngunjungkaken pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

P4: Sumangga kita sesarengan ngaturaken raos sokur kita dhumateng Gusti kanthi ngaturaken sedaya gesang kita

dhumateng Panjenenganipun, ***Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati.*** (Rum 12:1)

U: (Ngrepèkaken **KPJ 161:1-4**)

KPJ 161:1-4, “JIWA-RAGA KAWULA“

- 1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta, mugé dados lantaran kamulyaning Pangéran, kamulyaning Pangéran.
- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya, mrih sesami basuki, nampèni sihing Gusti, nampèni sihing Gusti.
- 3) Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat, temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji, datan kendhat pinuji.
- 4) Bandha lan kasugihan, wekdal, wah kasagedan, nggih gesang sawetahnya dadya pisungsong nyata, dadya pisungsong nyata.

Donga Pisungsong (Pasamuwan Jumeneng)

P4: (Nuntun donga pisungsong lan pungkasaning pangibadah)

PANGUTUSAN

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti

U: Kawula nggeneraken manah dhumateng Gusti

PS: Tampènana pangutusanipun : ***“Mulané padha lungaa, sakabéhing bangsa padha dadèkna siswaKu, lan padha baptisen ing asmané Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci, apadéné padha wulangan bab apa kang wis Dakdhawuhaké marang kowé kabèh”*** (Matéus 28:19-20a)

U: **Punika kawula, mugi karsaa ngutus kawula!**
(Ngrepèkaken **KPJ 439:1,2**)

KPJ 439:1-2 “ING JAGAD KANG PETENG”

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang nggresula
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Reff: Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngengètna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah

- 2) Angundhangna sih rahmaté Gusti
kanthi setya nglampahi;
margining luwar saking sangsara
temah samya raharja
Reff:

BERKAH

PS: Sami mengkera kanthi tentrem rahayu, lan tampènana
berkahipun : **“Lah, Aku tansah nunggal karo kowé,
nganti tumeka ing wekasaning jaman.”** (Matéus
28:20b)

U: (Ngrepèkaken) **Haléluya! (5x) Amin! (3x)**

do = d 4 ketuk

1	.	2	3	5		6	.	7	i	7'		i	.	7	6	5											
Ha	-	le	-	lu	-	ya	,	ha	-	le	-	lu	-	ya	,	ha	-	le	-	lu	-	ya	,				
5	.	1	2	3	4		3	.	5	i	5'		6	.	5	.	4	.	3	.		2	.	1			
ha	-	le	-	lu	-	ya	,	ha	-	le	-	lu	-	ya	!	A	-	min	,	a	-	min	,	a	-	min	!

(ery-yfcl)



“BAHAN PÉNTAKOSTA ADIYUSWA”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi
pasamuwan ing ngriki.**

**BAHAN PÉNTAKOSTA
ADIYUSWA**

Waosan:
Rum 12:11

**Sanajan Sepuh,
Mboten Kendho**



PAMBUKA

P: Sedhèrek-sedhèrek, sumangga kita wiwiti pakempalan menika kanthi ngidung Kidung Lami 95:1-4 “ING WAKTU BADHÉ WINULANG”

- 1) Kula sami kekempalan memuji dhateng Paduka Dhuh Allah ingkang sinuwun ing salami-laminipun
- 2) Nggèn kula badhé winulang mugé Paduka paring t'rang Kula sageda mangertos sarta nglampahi sayektos
- 3) Ingkang kinarya lantaran memulang ing pasamuwan Mugé Paduka tulungi lantaran saking Roh Suci
- 4) Roh Paduka tumendhaka, ing manah kalebetana Mindhaka dados utami, ing lampah saya prayogi

VOTUM (JABUR MASMUR 54:6)

P: “Satemené Gusti Allah iku kang mitulungi aku; Pangéran iku kang ngemong uripku.”

U: **Amin**

SALAM

P: Gusti nyarengi panjenengan

U: **Lan nyarengi panjenengan ugi**

SABDA PANUNTUN

P: Nabi Yoèl naté paring pameca, mekaten: “Sawusé mangkono bakal kelakon, Ingsun bakal ngesokaké RohingSun marang manungsa kabèh, temahan anakira

lanang lan wadon bakal padha medhar wangsit; para pinituwanira bakal padha olèh pangimpèn, lan nomomanira padha ndeleng wahyu. Dalah para baturira tukon lanang lan wadon, bakal padha Sunesoki RohingSun ing dina-dina iku. (Yoèl 2:28-29).

Ing dinten Péntakosta, pameca menika sampun katetepan, “Bareng ing dina riyaya Péntakosta, kabèh wong padha nglumpuk. Dumadakan ana swara saka ing langit, saèmper sumiyuting angin gedhé, kang ngèbeki saomah kang kanggo lelunguhan, banjur padha ndeleng ilat-ilatan kaya urubing geni, kang ambyar lan nibani sawiji-wijining wong mau kabèh. Tumuli kabèh padha kapenuhan ing Roh Suci sarta banjur padha wiwit guneman nganggo basa-basa liya, bab kang kawisikaké déning Roh supaya kalairaké. (Lelakoné Para Rasul 2:1-4)

Sakmenika, kita kekempalan kanggé mèngeti Péntakosta, amargi Sang Roh Suci sampun dipun paringaken mboten namung kagem para sakabat ing jaman rumiyin, nanging ugi kanggé kita sedaya.

KEKIDUNGAN KPK BMGJ 286:1-4 “PENTÉKOSTA”

- 1) Gusti kang satuhu setya sampun paring prajANJI tansah nunggil kagungannya lantaran Sang Roh Suci, ing Pentékosta ari, tumedhak Sang Roh Suci.
- 2) Sanyata wecaning nabi, wit sih mirmaning Gusti, pra tyang pracaya pinesthi, pinaringan Roh Suci ing Pentékosta ari, tumedhak Sang Roh Suci
- 3) Salir tyang pracaya yekti, kapenuhan Roh Suci, sinungan kasektèn adi, neksèni Injil suci, ing Pentékosta ari, tumedhak Sang Roh Suci
- 4) Samangkya ugi binabar, tumedhaking Roh Suci, tyang pracaya gesang anyar, tresna kang trusing ati, ing Pentékosta ari, tumedhak Sang Roh Suci

PELADOSAN PANGANDIKANIPUN GUSTI

Pandonga Epiklésé

Pamaosing Kitab Suci: Rum 12:11

Panyuraos:

“Sanajan Sepuh, Mboten Kendho”

Warga Adiyuswa ingkang dipun kasihi déning Gusti, menapa ingkang panjenengan penggalih nalika mireng tembung “sepuh”? Kathah ingkang gadhah pemanggih bilih sepuh menika temtu ringkih. Menapa leres? Saèstu leres, nggih? Dipun pirsani kémawon sekar. Menawi sampun sepuh lajeng alum, garing, lajeng gogrog. Manungsa inggih sami. Sangsaya sepuh, sangsaya ringkih lan gampil sakit. Pamireng lan paningal sami suda, sampun mèh mboten gadhah daya kekiyatan malih. Kok mlajar utawi obah kanthi rikat, kanggé mlampah alon-alon utawi tangi saking patileman utawi kursi kémawon kangèlan. Raosipun, sangsaya sepuh sangsaya mboten gadhah daya. Nanging, sampun ngantos kesupèn. Tiyang sepuh mboten namung gadhah karingkihan. Taksih kathah kaunggulanipun tiyang sepuh.

Waosan Kitab Suci kita dinten menika mboten namung kanggé tiyang enèm, nanging ugi para adiyuswa, tiyang-tiyang ingkang sampun sepuh. Rasul Paulus ngendika, “Anggonmu taberi aja nganti kendho, padha dibanter ing roh, lan padha leladia marang Gusti.” Sakdèrèngipun, ing Rum 12:1, Rasul Paulus mituturi pasamuwan supados misungsungaken badan kagem Gusti Allah minangka pangibadah ingkang sejati. Sinten ingkang kedah misungsungaken badanipun dhateng Gusti? Menapa namung tiyang-tiyang enèm? Temtu mboten! Pitutur menika kanggé sedaya tiyang pitados: kakung lan putri, enèm lan sepuh, sugih lan mlarat. Mila, sampun ngantos gadhah pemanggih bilih “badan ingkang sepuh” menika awon lan mboten pantes dipun pisungsungaken

kagem Gusti. Badan ingkang sepuh, sareng kaliyan sedaya karingkhanipun, ugi wohing pakaryanipun Gusti ingkang dipun titahaken prayoga linuwih.

Mila, para Adiyuswa ugi dipun timbali supados ngrimati *semangat* peladosan ing saklebeting gesang minangka pisungsung kagem Gusti. Menawi para adiyuswa sampun mboten saged nindakaken ayahan kados nalika enèm, menika limrah. Manungsa saged nampèni perkawis menika, menapa malih Gusti ingkang saèstu pirsu karingkhan kita. Nanging, sampun ngantos kèndel! Sumangga nindakaken menapa ingkang taksih saged dipun ayahi kanthi *semangat* lan sukarena. Para adiyuswa sampun sepuh, nanging sampun ngantos kendho.

Ing kanthah panggènan, para adiyuswa menika golongananing warganing geréja ingkang sregep lan setya. Para adiyuswa tansah rawuh gasik sakdèrèngipun pangibadah dipun wiwiti. Sami sopan lan ndhèrèk pangibadah kanthi saèstu. Sami ngormati sakramèn lan ngajèni para pelados ing geréja minangka abdinipun Gusti. Sami misungsungkaken menapa ingkang dipun gadhahi lan saksaged-saged mboten dados momotan tumrapping tiyang sanès. Para adiyuswa dados sesepuh ingkang mumpuni. Malah ingkang sami gesang prasaja, tanpa kalenggahan lan kasugihan, asring dados tuladha anggènipun tulus lan ngabdi.

Kathah adiyuswa nélakaken bilih anggènipun sregep mboten naté kendho, rohipun tansah gesang, lan tansah kangen lelados kagem Gusti kanthi kasagedanipun. Panjenengan sami kados pundi?

Wekdal ening

KIDUNG KPJ 289:1,3 “SANG ROH SUCI MUGI PARENG”

- 1) Sang Roh Suci mugu pareng anedhaki tyas kula, dimèn atentrem rahayu, kapenuhan ing tresna

Réfréin:

Dhuh Gusti kang setya, Paduka kula ndelaken;
mugi pareng nedhakaken Roh Suci ing tyas kula
Gusti, mugi nucèkaken tyas kula

- 3) Mugi ngirid lampah kula manut pangrèh Paduka
Paduka kula bektèni ngantos dugèng wekasan.

Réfréin:

Dhuh Gusti kang setya, Paduka kula ndelaken;
mugi pareng nedhakaken Roh Suci ing tyas kula
Gusti, mugi nucèkaken tyas kula

PANDONGA SAFAAT

PISUNGSUNG

- P: Sumangga nélakaken panuwun kanthi ngaturaken
pisungsung kagem Gusti, alandhesan 1 Tésalonika 5:18,
“Padha ngunjukna panuwun ing sabarang kang tinemu,
awit iku kang dikarsakaké déning Gusti Allah ana ing Sang
Kristus Yésus tumrap kowé.”
- U: (Ngaturaken pisungsung lan pamuji KPJ 154:1, saged
dipun kidungaken wongsal-wangsul sakcekapipun)
KPJ 154 “ADRENGING TYAS KULA”

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi, kula kagunganta.

Réfréin:

Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagama Paduka pirantos sapala.

- P: (Ngunjukaken pandonga pisungsung lan panutup)

BERKAH

- P: “Binerkahan wong kang kumandel marang Sang Yéhuwah, lan pangarep-arepé marang Sang Yéhuwah! Dhèwèké bakal kaya wit kang tinandur ana ing pinggiring banyu, kang oyod-oyodé mrambat ing pinggiring kali, lan kang ora ngalami tekané panas sumelèt, godhongé ajeg ijo, ora samar ing mangsa ngerak lan tanpa kendhat metokaké woh.” (Yérémia 17:7-8)
- U: (Ngidung KPJ 466)
Amin, haléluya! Amin, haléluya!
Amin, haléluya! Amin, haléluya!

(ery-kristi)



“BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI”
Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi
pasamuwan ing ngriki.

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
DIWASA 1**

Minggu Paskah VI

Waosan:

1 Pétrus 3:13-22

**Pasamuwan
dalam
Kasangsaran**



Cecala

Kasangsaran pancèn dados prakawis ingkang limrah ing gesangipun manungsa. Nanging, anggènipun negesi asring ngarah dhateng makna ingkang négatif (mboten mbangun). Ing pangertosan iman Kristen, kasangsaran ngadhahi watak *paradoks* (lelawanan), antawising négatif (mboten mbangun) lan positif (mbangun). Mekaten ugi wonten ing kanyataning kasangsaran krana patrap ingkang mboten adil. Pasamuwan kaatag supados mboten kèndel kémawon krana patrap ingkang mboten adil punika, Pasamuwan ugi kaatag ngraosaken rahayu (binerkahan) ing satengahing kasangsaran punika. Rahayu saged dipun maknani minangka pangajeng-ajeng sasampunipun ngraosaken kasangsaran. Kados seratan R.A. Kartini ingkang nyerat “*Habis Gelap Terbitlah Terang*”. Rahayu tegesipun kita ningali pacobèn minangka tandhanipun Allah rawuh, sarta nedahaken wontenipun pangajeng-ajeng kita dhumateng Allah ing salebeting kasangsaran.

Srana panyuraos Kitab Suci punika, ancasipun Pasamuwan saged mangertosi lan nanggapi kasangsaran kadosdéné pasamuwan-pasamuwan sakawit, ingkang ningali kasangsaran minangka wujud lelabetanipun ing Sang Kristus, ananging kanggé nanggapi kasangsaran atetales katresnanipun Allah mboten namung kèndel-pasrah amargi nyengker-ngluhuraken (nganggep suci) kasangsaran punika.

Panyuraos cekak 1 Pétrus 3:13-22

Serat 1 Pétrus kalebet serat wradin, inggih punika serat pangengèn (*pastoral*) ingkang katujokaken dhateng pasamuwan ing sadhéngah tlatah lan kanyatan. Serat punika katujokaken kanggé ngémutaken lan ngiyataken pasamuwan sakiwa-tengenipun tlatah Asia Alit sisih lèr (1:1) krana panganiaya déning Karajan Rum nalika semanten. Sacara umum, serat punika ngatag pasamuwan mangertosi bilih kasangsaran krana pitados dhumateng Kristus punika nyata, nanging ugi ngémutaken bilih Allah mboten nilar pasamuwan.

1 Pétrus 3:13-22 nyethakaken kanyatan punika, ing pundi krana iman lan kayektèn tiyang pitados kaaniaya. Panyerat 1 Pétrus ngersakaken supados pasamuwan nyawisaken dhiri krana wontenipun kasangsaran. Nanging panyerat ugi ngiyataken supados srana kasangsaran kita saged ngraosaken rahayu (binerkahan) lan nampèni berkah prasetyanipun Gusti (kcn. Mat 5:10). Pangadika punika ngémutaken kita supados mboten ajrih dhateng kasangsaran, lan pitados menawi Allah nganthi kita. Pangandika punika ugi ngatag pasamuwan kanggé mbudidaya tanggeljawab ing pitados lan pangajeng-ngajeng dhumateng Allah kanthi alus lan andhap-asor, mboten namung kèndel lan pasrah kémawon. (15)

1 Pétrus 3:13-22, mbereg pasamuwan supados tetep sabar ngadhepi kasangsaran, karana lumantar tanggapan kita awit baptisan lantaran wungunipun Yésus Kristus, kita kawilujengaken (bdk. 1:3). Pangandika punika nggambaraken ing salebeting pitados dhateng Gusti Yésus, kasangsaran mboten dados kapitunan, nanging berkah. Contonipun, nalika tiyang minggah ing redi, pacobèn punika wewah dados berkah nalika piyambakipun dumugi pucak redi lan ngraosaken éndahing sesawangan. Malah ing sauruting lampah ingkang rumpil, piyambakipun saged ngraosaken berkah kadosta segering hawa lan éndahing alam. Punika wujuding pangajeng-ajengipun panyerat 1 Pétrus bab kasangsaran, nanging sanès minangka kawontenan ingkang mesthi bilih kasangsaran punika asalipun saking Allah, nanging anggèn kita suméndhé dhateng Allah ing salebeting kasangsaran.

Andharan

Ing kanyatan Indonesia, Pasamuwan, saé bebadan punapa déné warga-umat, kadhangkala dipun-kubengi déning patrap mboten adil. Malah asring Pasamuwan ngalami piyambak patrap mboten adil punika. Nanging, kanyatan ngetingalaken kadhangkala Pasamuwan kèndel kémawon nanggapi lelampahan punika, utaminipun menawi mboten wonten daya pangaribawanipun dhateng pasamuwan. Srana jejer “Geréja ingkang *adaptif*,” pasamuwan kakersakaken mboten namung nglarasaken dhiri kaliyan patrap ingkang mboten adil, nanging saged nyuraos lan nanggapi patrap mboten adil kanthi atetales Injil lan katresnaning memitraniipun Allah.

Wonten tigang pangertosan *adaptif* (nglarasaken) ingkang wigatos kaandharaken. Sepisan, Pasamuwan kaatag *adaptif* salebeting maknani pacobèn. Waosan kita ngémutaken Pasamuwan supados nampik *fatalisme religious* (paham takdir/nasip), nyengker utawi nganggep suci kasangsaran minangka karsanipun Gusti, umpaminipun nalika warganing pasamuwan ngalami kangélan ékonomi utawi kécalan pakaryan mboten namung kasuwun sabar sacara rohani, nanging ugi dipun réncangi lan dipun kiyataken srana pandamel ingkang nyata. Kaping kalih, saged nglarasaken dhiri srana étika lan gesanging masyarakat. Pasamuwan kabereg gumrégah lumampah mboten namung ing tata pangibadah, nanging rawuh sacara nyata ing masyarakat, contonipun nalika pasamuwan mboten nutup paningal dhateng prakawis lingkungan, kamiskinan utawi kaprihatosan sosial ing sakupenging papan pangibadah. Pasamuwan katimbangan supados wantun ngedalaken suwanten kanggé nglawan prakawis-prakawis sosial ingkang kalampahan sakupenging pasamuwan, kados ta kanthi nglairaken sikap *kritis* lan *étis* nalika *kebijakan publik* malah ngrugèkaken masarakat alit. Kardinal Ignatius Suharyo ing piwulang Natal warsa 2025 maringi pepéling tumrap Pasamuwan supados rawuh mbekta suwanten kautamèn (*suwara kenabian*) ing prakawis sosial, ékologi, lan patrap mboten adil. Kaping tiga, *adaptif* sacara *praksis*. Pasamuwan dipunajèni mboten karana namung rawuh, nanging ugi aktif

sacara *praksis* nglawan patrap mboten adil, saé sacara liturgis saha ing masarakat, kados nalika pahargyan pangibadah mboten mandheg ing donga lan pralambang, nanging kalajengaken srana tumindak nyata ingkang nyakup kabetahan nyata sesami.

David Bosch, satunggaling téolog saha misionaris Kristen saking *Afrika Selatan* ingkang mirunggan lelados ing ayahan *misiologi*, paring pamanggih bilih Pasamuwan punika kedah rawuh kanggé tiyang sanès. Langkung lebet malih, Pasamuwan punika satunggaling patunggilan ing donya ingkang rawuh boten namung kanggé para warganipun, nanging ugi kanggé tiyang sanès. Awit saking punika, Pasamuwan kedah sadhar bilih lelampahan boten adil punika mboten saged dipun kèndelaken kémawon. Pasamuwan kaatag “nyuwanten” minangka wujud anggènipun lelawanan ing satengahing kasangsaran. Sabar saha ngraosaken rahayu ing salebeting kasangsaran kados ing waosan wekdal punika, mboten ateges bilih Pasamuwan boten perlu nggadahi pangaribawa, ananging minangka wujud timbalan supados Pasamuwan nyata-rawuh ing satengahing kasangsaran. Mboten malah nambah kasangsaran ingkang langkung lebet, nanging kanthi nyebaraken memitranging Allah Trinitas lumantar tuladhanipun Yésus kanthi kakiyataning Roh Suci.

Nggegilut Bab Inkang Karembag

1. Kadospundi Pasamuwan saged nggadahi sikap adil saha wicaksana ing satengahing lelampahan boten adil ing donya?

Pasamuwan nggadahi sikap adil saha wicaksana kanthi nyengkuyung kamanungsan, utaminipun tiyang ingkang ringkih, saha wantun rawuh lan tumindak ing satengahing prakawis nyata.

2. Kadospundi supados Pasamuwan boten nyengker (nganggep suci) kasangsaran minangka “berkahipun Gusti”?

Pasamuwan boten ngluhuraken kasangsaran, nanging maknani kasangsaran minangka timbalan supados preduli, ngréncangi, saha nglawan patrap boten adil.

3. Kadospundi tanggapanipun Pasamuwan sapunika saha punapa ingkang kedah dipun-indakaken?

Pasamuwan sampun rawuh lumantar pandonga saha paladosan, nanging taksih kedah langkung wantun nglairaken swanten saha nyambetaken pangibadah kaliyan tumindak nyata ing satengahing masarakat.

(ddn-hw)



**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
DÉWASA 2**

Sumengkanipun Gusti Yésus

Waosan:

Lukas 24:44-53

**Kinanthi saha
Dipunjangkepi**



Cecala

Ing gesang jaman sapunika, kathah tiyang milih tumindak kanthi cepet kanggé njawab tuntutan ing jaman. Nalika kahanan wewah, Pasamuwan ugi rumaos kedah énggal tanggap, tumindak, saha nglampahi samukawis supados mboten kaanggep kantun.

Nanging, Injil Lukas nyariosaken lelampahan Sumengkanipun Kristus kanthi cara ingkang mboten limrah. Gusti Yésus sumengka mboten nalikanipun para murid sampun mapan lan cumawis kanthi wetah, nanging malah nalika para murid kedah sinau gesang tanpa sesarengan Gusti Yésus sacara langsung. Mboten wonten lampah salajengipun ingkang saged dipun-pesthèkaken, mboten wonten piwulang teknis ingkang gumathok, namung dhawuh supados nyrantos lan tetep setya.

Sumengkanipun Kristus asring dipun-mangertosi minangka lelampahan kécalan: Gusti Yésus sumengka-tindak, para murid dipun tilar, lan Pasamuwan kedah énggal tumindak supados boten kantun-katilar. Nanging Lukas paring gambaran bilih Sumengka punika sanès pratandha mboten rawuhipun Gusti Allah, nanging minangka sawetawis cara Gusti Allah nyarengi umatipun. Para murid boten dipun tilar, nanging dipun kanthi srana cara anyar saha dipun jangkepi kanggé timbalan ingkang langkung wiyar.

Pirembagan wiwitan

Punapa kita naté mireng tembung *Fomo*? Tembung punika cekakan saking *Fear of Missing Out*, ingkang nggambaraken raos ajrih, was-was, utawi mboten jenjem amargi rumaos katilar *momèn* (wekdal ingkang saé), *trèn* (gagrag anyar), *informasi* (pawartos), utawi pengalaman aji ingkang dipun-nikmati tiyang sanès, utaminipun nalika mirsani *medhia sosial* (praboting pasrawungan). Lelampahan punika ndadosaken pepénginan kiyat supados tansah nyambung. Asring gesanging kapitadosan kita lumampah kados mekaten. Nalika éwah-éwahan nempuh gesang kita, raos *fomo* asring karaosaken lan krenteg kapisan sanès sikap setya, nanging réaksi (tanggapan) ajrih katilar-kantun utawi kecalan kendhali.

Kadospundi Gesang Kita?

- Punapa panjenengan naté ngraosaken *fomo* utawi ajrih katilar-kantun? Punapa wujudipun?
- Kadospundi tanggapan panjenengan dhateng raos punika? Karembaga pengalaman pribadi utawi pengalaman minangka warganing pasamuwan nalika wonten reaksi cepet malah ndadosaken prakawis anyar.

Katrangan Teks saha Tafsiranipun

Kawaosna Lukas 24:44–53 kanthi alon saha taliti.

Ing Injil Lukas, sadèrèngipun Lelaloné Para Rasul, lelampahan Sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga dipun-cariyosaken kanthi cekak. Nanging, cekakipun cariyos punika malah nélakaken bobot teologisipun. Kawigatosanipun Lukas mboten anggènipun ngrengga cariyos sumengkanipun Gusti Yésus, nanging wonten ing piwulangipun Gusti Yésus ingkang pungkasan ing ayat 44–49. Ing ngriku, Gusti Yésus ngandika bilih sadaya Pakaryanipun wiwit sangsara, séda, dumugi wungunipun saking séda, punika minangka netepi sadaya ingkang sinerat ing Kitab Suci. Pangandika punika nyethakaken *idhèntitas* (cecirènipun) lan misinipun Mésias (Sang Kristus),

ingkang sampun dipun seksèkaken saha dipun alami sacara langsung déning para murid.

Kanthi mbikak akal budinipun para murid (ay. 45), Gusti Yésus mapanaken iman wonten ing tetalesing pangertosan bab karsanipun Gusti Allah ing sejarah kawilujengan, boten namung wonten ing pengalaman émosional utawi *réaksi spontan*. Saking pangertosan punika tuwuh timbalan pangutusan: martosaken pamratobat saha pangapuntening dosa dhateng sakathahing bangsa (ay. 47–48). Pamratobat punika boten tegesipun namung dados keduwunging wewatekan pribadi kémawon, nanging nedahaken éwah-éwahaning *orientasi* (enering) gesang sacara wetah. Enering gesangipun manungsa kaarahaken malih dhateng Kratoning Allah, kadosdéné ingkang dipun wulangaken lan kababaraken déning Gusti Yésus piyambak.

Kratoning Allah, kados ingkang kagambaraken ing Injil, ngadeg ing kautamèn-kautamèn ingkang lelawanan kaliyan nalaring kratoning donya: katresnan, kayektèn, saha kaadilan. Katresnan kababar lumantar tumindak ngedum berkah saha ngapunteni; kayektèn kababar lumantar kajujuran saha *integritas*; kaadilan kababar lumantar pangrimat dhumateng ingkang ringkih saha imbangipun antawising hak saha kawajiban. Kautamèn-kautamèn punika cetha sanget lelawanan kaliyan polaning gesang ingkang kabereg déning kekarepananing manungsa. Pramila, pawartos pangapuntening dosa mboten namung uleman wewatekan, nanging uleman kanggé lumebet ing tatanan gesang anyar.

Pawartos pangapuntening dosa nandhesaken dhimènsi (ukuraning) sih-rahmat ing pakaryanipun Gusti Allah ingkang milujengaken. Pangapunten boten namung mulihaken sesambetan antawising manungsa kaliyan Gusti Allah, nanging ugi mbikak papan cawé-cawénipun manungsa ing pakaryaning kawilujengan punika. Papan punika kaparingaken langkung rumiyin dhateng para murid minangka seksinipun Kristus, lan lumantar paseksinipun para murid, dipun terasaken dhateng umat ing sadhéngah jaman, kalebet Pasamuwan sapunika.

Nanging Lukas nélakaken bilih misi punika boten dipunlampahi kanthi kasesa. Gusti Yésus malah dhawuh

supados para murid nyrantos dumugi dipun pirantosi kanthi kuwaos-kakiyatan saking papan ngaluhur, inggih punika Roh Suci (ay. 49). Dhawuh nyrantos punika nedahaken bilih kasetyan saha siyaga rohani langkung utami tinimbang *aktivisme* (kagiyatan) agami. Kuwaos Roh Suci ingkang badhé kababar ing dinten Péntakosta dados jaminan bilih para murid mboten kautus piyambakan.

Sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga (ay. 50–51) nandhani pungkasaning rawuhipun sarira Kristus saha wiwitaning mangsa anyar gesanging iman. Para murid dipun-timbali supados gesang kanthi kapitadosan tanpa karawuhan sacara kasat mata. Tanggapanipun para murid ingkang tetep bingah saha ngluhuraken Allah. (ay. 52–53) nedahaken iman ingkang boten gumantung kapasthèning kahanan, nanging gumantung kaliyan setyanipun Gusti Allah ingkang tansah nganthi.

Pirembagan Pungkasan

Adhedhasar Lukas 24:44–53, katingal bilih Gusti Yésus boten paring piwulang rinci bab punapa ingkang kedah énggal dipun tindakaken déning para murid sasampunipun Sumengkanipun, nanging dhawuh supados nyrantos dumugi dipunjangkepi.

- Miturut panjenengan, kénging punapa Gusti Yésus milih cara punika?
- Punapa ingkang kawangun déning Gusti Yésus wonten ing dhirinipun para murid lumantar dhawuh nyrantos?
- Menawi panjenengan dados para muridipun Gusti Yésus sapunika, punapa ingkang badhé panjenengan tindakaken?
- Kadospundi caranipun nglampahi iman ingkang tansah dipun-kanthi saha dipun-jangkepi?

Panutup

Cariyos bab para muridipun Gusti Yésus sasampunipun Wungunipun saking séda, para murid wangsul dhateng Yérusalèm tanpa kawontenan ingkang saged dipun pesthèkaken ing tembé-wingkingipun, tanpa rawuhipun Gusti Yésus sacara jasmani, saha tanpa rancangan gumathok. Nanging, para murid

milih tetep manggèn, ngibadah, saha nyrantos mawujudipun prasetyaning Gusti Allah. Para murid mboten énggal tumindak amargi ajrih, nanging tetep setya nyrantos dumugi dipunjangkepi. Ing wekdal punika imanipun dipun-wangun, dumugi wekdalipun dipunjangkepi kanthi kuwaos saking ngaluhur saha siyaga nindakaken timbalan minangka seksinipun Sang Kristus. Krana punika, kita kedah mlampah boten kanthi was-sumelang, nanging kanthi kapitadosan ingkang kiyat. Dipun-kanthi déning Gusti saha dipunjangkepi déning kuwaos saking papan ngaluhur, kita katimbangan minangka Pasamuwan ingkang mboten réaktif (énggal-énggal nanggapi), boten kécalan arah, saha tetep tanggel jawab ing satengahing éwah-éwahaning donya.

(enp-hw)



**BAHAN
PANYURAO S KITAB SUCI
DIWASA 3**

Minggu Paskah kaping VII

Waosan:

Yokanan 17: 1-11

**Tetep ing
Donya,
Rineksa déning
Gusti Allah**



Purwaka

Samangké kita gesang ing jagad ingkang sangsaya rikat sanget ngalami éwah-éwahan. Kathah bab ingkang kala rumiyin karaos lumampah kanthi anteng (*stabil*), nanging samangké karaos sarwi mboten mesthi. Reregèn kabetahaning gesang sangsaya mindhak, papan panyambut damel mboten saged dipun jagèkaken, malah rebut ungguling gesang dados saya ngangseg. Mila mboten sekedhik tiyang ingkang kedah nyambut damel langkung wekel, ananging malah sangsaya ngraosaken sayah lan ketaman was sumelang kanggé gesang tembénipun.

Ing gesang padintenan, kita ugi asring ngalami pametek ingkang mboten ènthèng. Ing papan panyambut damel, tiyang asring dipun aben-ajengaken kaliyan pilihan-pilihan ingkang awrat, badhé ndhèrèk cara gesang ingkang mboten jujur kanggé nglajengaken gesang kanthi gampil, utawi tetep setya njagi iman lan nyepengi paugeran luhur nanging kedah ngadhepi résiko gesang ingkang rekaos. Ing satengahing brayat kita ngadhepi tarunging batos ingkang kalajeng-lajeng, bèntenipun pamanggih, lan wontenipun tatu-tatuning manah ingkang angèl dipun pulihaken. Ing satengahing masarakat, patrap sami déné aos-ingaosan sangsaya langka kapanggihaken, tiyang gampil nepsu, gampil njeksani lan cepet mungkasi *rélas*i (sesambetan).

Kemajenganing tèknologi ugi nukulaken pangancam kanggé gesang kita. Mèdhia sosial (sarananing pasrawungan) ndadosaken kita, manungsa setunggal kaliyan sanèsipun tansah wonten ing salebeting sesambetan, nanging punika ugi ndadosaken manah kita ngraosaken lungkrah lan sayah. Kita

kanthi gampil saged nyawang gesangipun tiyang sanès ingkang ketalipun langkung suksès, langkung bingah lan langkung mapan tinimbang dhiri kita. Kanthi punika, tanpa kita sadhari kita gampil kathukulan raos mèri, mindher (cilik atèn) utawi malah nglokro. Ing kawontenan kados mekaten, iman karaos namung wonten ing awang-awang lan pandonga karaos ampang.

Menawi nyawang mangajeng, gesang ing jagad punika kadosipun mboten sangsaya gampil. Pangancam ing bab tumindak ékonomi, éwah-éwahaning kabudayan lan ugi éwah-éwahan paugeraning gesang taksih kémawon lumampah kanthi rikat. Anak-putu kita badhé gesang ing jagad ingkang saèstu bènten kaliyan jagad ingkang kita alami samangké. Pitakènan kanggé kita sedaya samangké, sanès kados punapa lan mbénjing punapa jaman éwah-éwahan punika kelampah, nanging mesthinipun, pitakènan kanggé kita samangké inggih punika, kados pundi mratélakaken iman ing satengahing éwah-éwahanipun jaman.

Katrangan Ringkes Yokanan 17:1-11

Yokanan 17:1-11, nuntun kita lumebet ing pandonganipun Gusti Yésus sadèrèngipun Gusti ngadhepi kasangsaran lan salib. Gusti Yésus pirsas, bilih Panjenenganipun badhé nilaraken para murid. Panjenenganipun ugi pirsas bilih jagad ingkang badhé dipun adhepi déning para murid punika keras lan kathah résikonipun. Nanging ingkang damel kagèt inggih punika, Gusti Yésus mboten ndedonga supados para murid kapundhut saking jagad punika, nanging supados Gusti Allah ngreksa para murid nalika para murid taksih wonten ing jagad punika. Sapérangan ingkang saged kita panggihaken ing katarangan punika, mekaten:

1. **Kesadharan bab wèkdalipun Gusti Allah lan kasunyataning gesang.** Gusti Yésus murwakani pandonganipun srana pangandika, “Dhuh Rama, sampun dumugi ing wancinipun...” Pangandika punika mratélakaken bilih Gusti Yésus mboten nglirwakaken kasunyataning gesang ingkang nembé lan badhé dipun lampahi. Panjenenganipun pirsas punapa ingkang badhé lumampah, inggih punika

kasangsaran, katampik, lan salib. Gusti Yésus mboten kagungan pangajeng-ajeng wontenipun éwah-éwahan kawontenan dados sarwi gampil lan sekéca. Lan ugi, Panjenenganipun mboten ngelon-lon kasunyatan ingkang mesthi kelampah lan kedah dipun adhepi. Ing ngarsanipun Gusti, bab punika baken sanget. Awit ing gesang punika kathah tiyang ingkang nggadahi pangajeng-ajeng dhateng imanipun supados gesangipun sarwi pinanggih gampil, aman lan nyaman. Nalika ketaman prekawising gesang, kita nggresah, “Kénging punapa Gusti ngéndelaken sedaya prekawis punika kedah kula alami?” nanging ing ngriku Gusti Yésus paring piwulang, bilih iman ingkang déwasa punika iman ingkang wantun ngadhepi kasunyataning gesang punapa wontenipun, mboten nampik kangèlaning gesang ingkang kelampah, nanging tetep pitados bilih Gusti Allah rawuh lan makarya ing salebeting prekawis punika.

2. **Gesang langgeng kawiwitan sapunika.** (ayat 3) “Wondéné menggah gesang langgeng punika manawi tiyang sami wanuh kaliyan Paduka, Allah ingkang sajati piyambak, sarta dhateng Yésus Kristus utusan Paduka.” Kathah tiyang nginten bilih gesang langgeng punika namung ngrembag bab gesang sasampunipun pejah. Nanging Gusti Yésus nandhesaken, bilih gesang langgeng punika kawiwitan saking gesang ing wekdal sapunika, nalika kita gesang ing salebeting sesambetan kaliyan Gusti Allah. Punika satunggaling wawasan penting kanggé ngleresaken gesanging iman. Bilih gesang langgeng sanès prekawis mbéngang, nanging magepokan kaliyan cara gesang kita samangké, cara kita nyambut damel, cara kita nanduki sesami, cara kita ngadhepi prekawising gesang. Dados iman Kristen punika sanès cara gesang ingkang mlajeng saking jagad, nanging cara énggal gesang ing satengahing jagad punika.
3. **Kasetyan ing gesang padintenan.** (ayat 4) “Kawula sampun ngluhuraken Paduka wonten ing bumi kanthi patrap anggèn Kawula sampun ngrampungaken padamelan ingkang Paduka bebahaken dhateng Kawula supados katindakaken.” Gusti Yésus mboten ngluhuraken Allah, Sang Rama kanthi

nilar jagad punika, nanging malah kanthi nindakaken jejibahanipun ing satengahing jagad. Panjenenganipun gesang sesrawungan kaliyan tiyang-tiyang limrah, ngadhepi pasulayan, katampik, lan ugi asring klentu dipun mangertosi. Tumrap kita, punika ngémutaken, bilih pakaryan padintenan, tanggél jawab ing brayat, pasrawungan punika minangka papan kanggé ngluhuraken asmanipun Gusti. Iman mboten namung ketingal ing geréja, nanging ing griya, ing papan panyambut damel lan ing satengahing masarakat.

4. **Tetengering dhiri ingkang béda ing satengahing donya** (ayat 6). Gusti Yésus ngendika bab sinten ta sejatosipun para murid, “tiyang-tiyang punika kagungan Paduka.” Punika mboten ateges bilih para murid kedah nilar jagad punika. Inkang dipun kersakaken ing ngriki, bilih paugeraning gesangipun para murid punika bènten kaliyan paugeraning jagad, enering gesangipun béda kaliyan enering donya. Tiyang pitados tetep gesang ing ngalam donya, nanging cara gesangipun mboten maèlu dhateng jagad ingkang sok asring cengkah kaliyan karsanipun Gusti. Punika pancèn sanès prekawis ingkang ènthèng, krana jagad asring metek gesanging tiyang pitados supados kèlu dhateng jagad, nglirwakaken paugeraning iman namung kanggé gesang nyaman cara kadonyan.
5. **Timbalan supados tanggon, mboten mlajeng.** Tanpa tèdhèng aling-aling Gusti Yésus ngendika, “Wondéné Kawula sampun boten wonten ing donya malih, nanging tiyang-tiyang punika taksih wonten ing donya.” Pangandika punika nandhesaken bilih gesang ing ngalam donya punika sanès kacilakan, nanging pérangan saking timbalaning iman. Para murid mboten katimbalan ndhelik utawi nebih, nanging kedah tanggon lan purun dados seksinipun Gusti. Tumraping geréja ing wekdal samangké, bab punika tegesipun: kita mboten gampil nglokro nalika gesang karohanèn kita karaos sampun lungkrah, mboten kepareng kèndel dados sarem ing tengahing masarakat. Kita kedah tansah neksèkaken sih katresnanipun Allah.

6. **Gusti Allah ingkang ngreksa kanthi mepeng** (ayat 12)
Gusti Yésus ndedonga: “Kawula ingkang ngreksa wonten ing asma Paduka.” Tembung “ngreksa” tegesipun rumeksa kanthi kebaking kawigatosan, ngrimati kanthi katresnan, lan nyarengi ing sedaya lampah gesangipun. Punika baken, krana iman punika mboten namung gegandhèngan kaliyan kekiyatanipun manungsa. Ing tengahing jagad ingkang awrat, saben wekdal kita mbetahaken pangreksanipun Allah.
7. **Patunggilan minangka kekiyataning iman.** Gusti Yésus mungkasi pérangan punika kanthi pandonga supadosa para murid tansah manunggal. Awit kawontenaning jagad ingkang keras punika gampil nukulaken crah lan sinengitan ing salebeting pasrawungan, brayat lan ugi pasamuwan. Awit saking punika, patunggilan sanès prekawis ingkang sepélé, krana dados kekiyatan karohanèn kanggé ngreksa iman supados tetep gesang.

Yokanan 17:1-11 mulang bilih, donya punika kebak pangancam, déné iman mboten nebihaken kita saking donya, Gusti Allah tetep ngreksa kita sanajan kita taksih gesang ing donya. Gusti Yésus mboten nilar para murid tanpa pandonga. Lan pandonga punika dados kekiyataning iman pasamuwan ing salami-laminipun. Pandonganipun Gusti Yésus punika nyadharaken kita, bilih iman Kristen punika sanès iman ingkang nebih saking kasunyataning gesang. Gusti mboten nimbali kita ngungkuri prekawising gesang, mbegegeg mandheg nanggapi éwah-éwahaning gesang, utawi nebih saking jagad punika. Kosok wangsulipun, Gusti nimbali kita tetep tanggon ing gesang, makarya, lan srawung ing jagad punika kanthi iman ingkang sangsaya tuwuh ngrembaka, saged “*lentur*”, nanging tetep setya ing tengahing éwah-éwahanipun jaman, krana kita tansah dipun reksa déning Allah Pribadya.

Pokok Pirembagan kanggé mbeblesaken Pangandikanipun Gusti:

1. Punapa tegesipun “rineksa déning Gusti” miturut kanyataning pengalaman gesang panjenengan?

2. Nalika Gusti Yésus ngendika “tetep ing donya”, patrap punapa ingkang asring kita lampahi: mlajeng, kèlu utawi ngudi tetep setya? Kénging punapa mekaten?
3. Ing gesang padintenan (ing tengahing brayat, padamelan lan masarakat), ing pérangan ingkang pundi, panjenengan saèstu rumaos bilih iman panjenengan dipun uji déning jagad? Kersaa mbagèkaken pengalaman panjenengan!

(as-ip)



**BAHAN
PANYURAO S KITAS SUCI
DIWASA 4**
Minggu Tritunggal

Waosan:
Yokanan 17: 20-23

**Allah Tritunggal
punika
Allah Ingkang
Nunggilaken**
☪☪☪

Purwaka

Kathah pemanggih bab Allah Tritunggal. Béda-bédaning pemanggih bab Allah Tritunggal saking sedaya tradhisinipun tiyang-tiyang ingkang ngrungkebi agami Kristen mbuktèkaken bilih piwulang bab Allah Tritunggal punika pancèn lebet lan rowa sanget. Kejawi punika, pancèn Gusti Allah piyambak punika winadi, temahan mboten mokal menawi kathah wawasan ugi bab Gusti Allah. Awit saking punika, piwulang bab Allah Tritunggal kaanggep piwulang ingkang paling angèl dipun mangertosi. Bènten-bènten wawasan utawi pamanggih yektosipun minangka nugraha saking Gusti piyambak. Wewadining Allah mboten mesthi kedah dipun udhari, nanging malah utaminipun kedah dipun pahargya.

Ing runtuting sujarahipun tiyang-tiyang ingkang ngrungkebi agami Kristen, kathah geréja ingkang taksih nggondhèli paham *modalitas/modalisme* kanggé ngudi mangertosi bab Allah Tritunggal. Modalisme inggih punika pemanggih ingkang nengenaken bilih Gusti Allah punika satunggaling pribadi ingkang mratélakaken dhiri wonten ing tigang wujud utawi *peran* ingkang bènten, lan wonten ing tigang wekdal ingkang bènten ugi. Nanging para Bapa Leluhuring Geréja ing Konsili Konstantinopèl (lan konsèp punika ingkang dados cepenganipun geréja-geréja samangké) nerangaken bilih Allah Tritunggal punika minangka manunggaling hakékat, panguwaos lan kaalahanipun.

Wonten cara ingkang langkung gampil kanggé mangertosi Allah Tritunggal, inggih punika kanthi tigang

tembung “sanès” lan tigang tembung “inggih punika”. Sang Rama punika sanès Sang Putra lan Sang Roh Suci; Sang Putra punika sanès Sang Rama lan Sang Roh Suci; Sang Roh Suci punika sanès Sang Rama lan Sang Putra. Déné, Sang Rama inggih punika Allah; Sang Putra inggih punika Allah; Sang Roh Suci inggih punika Allah. Krana sesambetan ingkang raket sanget ing katresnan, pramila Allah Tritunggal sinebat minangka Allah Patunggilan.

Katrangan Ringkes Yokanan 17: 20-23

Yokanan 17: 20-23 minangka pérangan saking périkop ingkang kaparingan jejer “Gusti Yésus Ndongakaké Para Sekabaté.” Périkop punika kawentar ing antawisipun tiyang pitados. “Supados sadayanipun sami dadosa satunggal”, ing basa Latin-ipun, “*ut omnes unum sint*”, asring kapethik dados *semboyan* utawi *motto* ing sapérangan bebadan Kristen, utawi ugi asring dados landhesan pirembaran-pirembaran *ékuménis* utawi ing semangat *Keesaan Geréja*. Waosan ingkang nglantahesi Panyuraos Kitab Suci wanci punika kepareng nglantaraken kita ngener dhateng panyuwunipun Sang Putra supadosa sadaya tiyang ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun dadosa satunggal, kados déné Sang Putra lan Sang Rama punika satunggal.

Nalika maos waosan punika kanthi satiti, mbokbilih tuwuh pitakènan, lajeng wonten ing pundi Sang Roh Suci? Ing pangandikanipun Gusti Yésus ing waosan kita, Sang Roh Suci panci mboten kasebat sacara nglaha. Nanging ing Injil Yokanan, manunggaling sesambetan ing antawisipun Sang Rama lan Sang Putra punika saged dumados awit panguwaosipun Sang Roh Suci. Ing bab-bab saderengipun, Injil Yokanan mratélakaken andharan ingkang kaparingan jejer “Gusti Yésus Njanjèkaké Sang Juru Panglipur” (Yok. 14:15-31), lan ugi “Pakaryané Sang Juru Panglipur” (Yok. 16:4b-15). Saking kalih andharan punika, paling mboten nuntun kita saged mangertosi bilih ing périkop “Gusti Yésus Ndongakaké Para Sekabaté”, Sang Roh Suci inggih Sang Juru Panglipur punika ugi makarya sesarengan kaliyan Sang Rama lan Sang Putra.

Andharan

Sanès prekawis ingkang ngaya wara menawi kasebataken bilih gesanging pasamuwan kita samangké lumampah ing geréja ingkang ngrangkul béda-bédaning kawontenan. Warganing pasamuwan utawi para *simpatisan* geréja gadhah pemanggih lan kawontenan ingkang béda-béda, para Dhiaken ugi nggadhahi pemanggih lan kawontenan ingkang béda setunggal kaliyan setunggalipun, mekatena tumrapping para Pinisepuh lan para Pandhita, semanten ugi ing antawising para *aktifis* geréja sanèsipun. Kawontenan kados mekatena punika sok asring karaos mboten nentremaken. Nanging, punika yektosipun malah kawontenan gesang ingkang perlu dipun pahargya sesarengan.

Saking Yokanan 17: 20-23, Gusti Yésus ngersakaken supados kita, para tiyang pitados awit karena pawartosing para rasul, gesang kita tansah wonten ing patunggilan. Saking ngriki, kawistungal menawi Gusti Yésus saestu pirsu bilih crah lan pasulayan badhé gampil lumampah wonten ing geréja, inggih ing satengahing gesangipun pasamuwan. Gesanging pasamuwan ingkang kawarnan déning béda-bédaning kawontenan lan pamanggih gampil sanget dados dadakan wontenipun crah lan pasulayan. Nanging kanthi ngresepi pandonganipun Gusti Yésus, kita sedaya dipun sadharaken bilih gesang ing patunggilan punika gesang ingkang kinersakaken déning Gusti Allah, ingkang supados kita gondhèli lan tansah kita gesangi.

Kanggé nggesangi pandonganipun Gusti Yésus, baken sanget menawi sedaya pasamuwan kedah gadhah kaprigelan lan ketrampilan karohanèn supados saged ngawékani kawontenan lan pamanggih ingkang béda-béda punika. Awit kawontenan lan pamanggih ingkang béda-béda punika kanyatan ingkang limrah. Namung mekatena, kawontenan lan pamanggih ingkang béda-béda punika wonten ing gesang kita mboten kanggé ngajrih-ajrihi kita. Bab punika malah saged nggladhi kita supados gampil nanggapi patunggilan ingkang kebak kawontenan lan pamanggih ingkang béda-béda. Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci punika inggih pribadi ingkang béda-béda, nanging gesang lan makarya sesarengan kanthi raket sanget.

Panuntunipun Gusti mbokbilih angèl dipun mangertosi, saé minangka pribadi punapa déné minangka patunggilaning pasamuwan. Namung mekaten, kanthi patuladhanipun Allah Tritunggal, kita saged gesang ing patunggilaning manah minangka pasamuwan ingkang sami déné tresna-tinresnan, kados sesambetan katresnaning Allah Tritunggal ingkang ngasihi kita sami (17: 23). Srana katresnaning Allah Tritunggal, kita sedaya kasagedaken gesang minangka pasamuwan ingkang *adaptif* (gampil nampèni setunggal lan setunggalipun), manunggal sesarengan mahargya kawontenan lan pamanggih ingkang béda-béda. Inggih mekaten kawontenan lan kahanan ingkang mujudaken *idèntitas* (tetenger) sejatinipun kita sami.

Pokok Pirembagan kanggé mbeblesi Pangandikanipun Gusti:

1. Saben pribadi kaaturan ngendikakaken bab béda-bédaning kawontenan lan pamanggih setunggal lan setunggalipun. Menawi wonten, saged mbagèkaken pengalaman ing peladosan ingkang kawarnan déning kawontenan lan pamanggih ingkang béda-béda (saged ing babagan pangertosan, visi, cara, lsp.). Lajeng kados pundi amrih manggihaken *solusi* supados tetep saged nindakaken peladosan kanthi sawetahing manah?
2. Saben Pribadining Allah Tritunggal nunggil ing katresnan, lan panjenenganipun nresnani kita supados kita saged sami déné tresna-tinresnan. Miturut panjenengan, kados pundi *peran*-ipun katresnan ing salebeting gesang masamuwan?
3. Saben pribadi keparenga mbagèkaken pangertosanipun ngéngingi Allah Tritunggal sadèrèng lan sasampunipun ndhèrèk Panyuraos Kitab Suci wanci punika!

(rts-ip)



“BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA”

**Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi
pasamuwan ing ngriki.**

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 1**

Waosan:
Lelakoné Para Rasul 1:1-11

**Ngantu-antu
kuwaosing
Sang Roh Suci**
☪☪☪

1. WEKDAL TIDHEM

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 21:1+2 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

1. Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya.
Haléluya! Haléluya!
2. Pujinen Hyang Murbèngrat,
Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

3. DONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 289:1+2 SANG ROH SUCI MUGI PARENG

1. Sang Roh Suci mugé pareng anedhaki tyas kula,
dimèn atentrem rahayu, kapenuhan ing tresna.
Reff: Dhuh Gusti kang setya, Paduka kula ndelaken;
mugé pareng nedhakaken Roh Suci ing tyas kula.
Gusti, mugé nucèkaken tyas kula.
2. Sumangga cahya Paduka amadhangna tyas kula,
mugé pepeteng dosa binirata sadaya.
Reff:

5. WAOSAN KITAB SUCI: Lelakoné Para Rasul 1:1-11

6. RENUNGAN

“Ngantu-antu kuwaosing Sang Roh Suci”

Ing satunggaling *episode* (péranganing cariyos) saking *sérial film TV* (film TV ingkang nganggé sambungan) irah-irahanipun *The Chosen*.

([https://en.wikipedia.org/wiki/The_Chosen_\(TV_series\)](https://en.wikipedia.org/wiki/The_Chosen_(TV_series)))¹, Ing ngriku wonten tetembungan ingkang nengsemaken, ingkang kaginakaken wonten ing pirembaran ing antawisipun para tiyang ingkang main film, inggih punika “jagad namung badhé tepang pangandikanipun Gusti lan mboten suwantenipun.” Tetembungan punika kaucapaken déning salah satunggaling muridipun Gusti Yésus nalika Panjenenganipun sumengka dhateng ing suwarga. Kadosipun sekabat punika kepingin supados jagad tepang kaliyan Gusti. Mbokbilih langkung mirunggan malih, piyambakipun kepingin supados jagad tepang pangandikanipun ugi suwantenipun Gusti (*His Words* ananging ugi *His Voice*). Temtu kémawon, menawi kita madosi ing kitab suci, kita boten badhé manggihaken wawan pangandikan punika, ananging punika namung gegambaran ing film ingkang njalari kita sami mangertos bilih wonten raos kangen ingkang ageng sanget ing manahipun para

¹ *The Chosen* punika satunggaling sérial drama télévisi ingkang nyariyosaken lampahing sugengipun Gusti Yésus saking paningalipun tiyang-tiyang ing sakiwatengenipun. Film Sérial punika nandhesaken gambaran bab mbangun sesambetan minangka manungsa limrah, alandhesan cariyos ing Kitab Injil. Produksinipun kadukung déning *crowdfunding*, film *The Chosen* nggadahi ancas mbabar cariyos kitab suci ingkang langkung dipuntampi déning masarakat lan gampil dipuntingali déning saben tiyang lintas budaya sarta antar génerasi. Filmipun sakpunika nembé tayang ing layanan *streaming* Netflix.

muridipun Gusti Yésus menggah ing Panjenenganipun. Mbokbilih ngantos wekdal punika tumrap kula lan panjenengan, ugi nggadha pèpinginan jagad saged tepang kaliyan Gusti Yésus.

Lelampahan punika temtu angèl kasupèkaken awit nalika prekawis punika kelampahan taksih sesarengan kaliyan Gusti Yésus sakdèrèngipun Panjenenganipun sumengka dhateng ing suwarga. Punapa malih para sekabat sami nyeksèni piyambak kadospundi anggènipun Sang Rabi nglampahi séda sinalib lan ing tigang dintenipun wungu saking antawisipun tiyang pejah. Raos kangen ingkang ageng punika mboten badhé cekap nggambaraken raosing manah ingkang kepingin saged sesarengan malih kaliyan Gustinipun. Kados ingkang kaucapaken “*Gusti, punapa sapunika anggèn Paduka badhé mulihaken karajan kanggé Israèl?*” Pitakénan punika tuwuh mboten namung kèndel ing panyuwun kémawon, ananging ugi ngemu isining pangajeng-ajeng. Para sekabat nggadha pangajeng-ajeng, lumantar pangalamaning gesang sesarengan kaliyan Gusti Yésus, perkawis punika sageda kelampahan lan karaosaken malih ing wekdal samangké punapadéné ing tembénipun.

Punapa malih, para murid sampun ngraosaken kawontenan éndah awit sampun kamardikakaken lan kapulihaken minangka sekabatipun Gusti Yésus. Semanten ugi lumantar ingkang sampun karaosaken punika dados jalaran para murid ngraosaken tandha rawuhipun Gusti Allah ingkang mirunggan ing gesangipun. Satemah lumantar pakaryan kawilujengaken ingkang sampun tinampi punika ingkang dados pambereg badhé tansah kawujudaken ing gesang tembénipun. Ananging tibak-ipun, Gusti Yésus paring wangsulan: “*kowé ora prelu nyumurupi mangsa lan wektu, kang katamtokaké déning Sang Rama piyambak, manut panguwasé.*”

Senajan Gusti Yésus ngandika ingkang mekaten, nanging nyatanipun tetembungan punika kepara dados pambereg tumrap para murid nalika mboten sesarengan

malih kaliyan Panjenenganipun. Pamberegipun punika arupi pangatag supados para murid tansah wantun nedahaken paseksi (His Voice) tumrap sadaya ingkang sampun kawucalaken (His Words) déning Gusti Yésus.

Langkung saking punika, nalika para murid sami nengga rawuhipun Sang Roh Suci ingkang badhé kaparingaken, para sekabat kedah sami nggadahi tanduk utawi pratingkah nggegesang kuwaosipun Gusti ing salebeting pangantu-antu. Kadospundi caranipun?

Ing gesanging jagad ingkang kebak ing swanten mbrebegi, kebaking swanten ingkang nyamuraken swantenipun Gusti Yésus, kados wontenipun panindhes lan panganiaya, para sekabat kedah saged ngraosaken lan ngalami piyambak kuwaosipun Gusti Yésus. Kanthi mekaten, panguwaosipun Gusti ingkang kaparingaken punika ingkang dados landhesan kukuh minangka atur paseksi bab pakaryan lan piwulangipun Gusti dhumateng jagad.

Pitakènanipun dhumateng kita, kadospundi caranipun ngantu-antu kuwaosipun Gusti Yésus ing gesang sakpunika, kados ingkang kinersakaken déning irah-irahaning Pakempalan Pandonga dinten punika?

Cara ngantu-antu kuwaosipun Gusti Yésus inggih punika kawiwitan anggèn kita sami nyawisaken gesang kanthi nampi timbalan paladosan saking Gusti. Landheping pangraos nampi timbalan paladosan saking Gusti punika, ingkang badhé mbikak manah kita satemah saged ningali punapa lan dhateng sinten kita sami prelu makarya kagem Gusti. Déné menawi kita ngraosaken awrat lan kados-kados mboten saged nindakaken ayahanipun Gusti punika, sumangga tumengaa dhumateng Gusti, awit Gusti Yésus piyambak ingkang badhé mitulungi, satemah kita kasagedaken nyanggi timbalan paladosan saha kuwagang ngadhepi sadaya temahaning timbalan. Kados mekaten ingkang katindakaken déning para sekabatipun Gusti Yésus nalika samanten.

Punapa para sedhèrèk èstu purun nampi dhawuhipun, inggih nglampahi timbalaning paladosanipun

lan ngantu-antu kuwaosipun ingkang badhé kebabar nalika kita purun atur paseksi dhateng jagad?

Sumangga sami kita sanggemi lan lampahi sesarengan kanthi ngèngeti bilih Panjenenganipun badhé tansah setya ing prasetyanipun mranata lan mimpin lampahing gesang kita.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 417:1+2 SAURUTING LAKU

1. Sauruting laku kang dakalami,
Gusti tansah tindak ngrumiyini.
Mula kang dadi osik ing atiku,
"Gustiku sèstu setya tuhu!"
Réff: Salakuku Gusti datan négakken,
klayan setya dènira angreksa.
Ing wusanané, Gusti marengaken
aku ndhèrèk ing kamulyan swarga.

2. Ing nalika imanku wiwit goyah,
yèn tansah nyipati kang gumelar,
sanalika aku énggal gumrégah,
wit Gusti nora bakal nilar.
Réff:

8. PANDONGA

Pakempalan pandonga dinten ingkang kapisan punika badhé katindakaken ing salebeting kelompok. Isining pandonga dipunpilah 2 pérangan:

Ingkang sapisan, pasamuwan ing kelompok punika sami gentosan dedonga supados Gusti kersa maringaken kasetyan dhateng juru pandonga ing salebeting ngantu-antu lan ngraosaken kuwaosipun Gusti. Ngantu-antu bab dhawuh ingkang kadospunapa ingkang njalari kita kasagedaken atur paseksi bab pakaryanipun.

Ingkang kaping kalih, ngantu-antu dhumateng Gusti ingkang badhé paring kuwaos supados saged nglampahi lan nanggél

sadaya ingkang badhé tinampi lan karaosaken nalika nglampahi timbalanipun.

Isining pandonga safaat ingkang kaping kalih:

- Dedonga kanggé brayatipun para tiyang ingkang purun dongakaken supados tansah ngraosaken kakiyatanipun Gusti satemah tansah nggadhahi raos kangen ingkang makantar-kantar ing salebeting pangajeng-ajeng lan nglairaken panguwaosing Sang Roh.
- Dedonga kanggé gesanging tetunggilan ing satengahing pasamuwan supados tansah wonten papan kanggé ngiyataken lumantar pengalamananing gesang sesarengan kaliyan Sang Kristus.
- Dedonga kanggé jagad, supados Sang Roh Suci kersa nuntun umatipun ing salumahing bumi ngraosaken panuntuning Sang Roh ing salebeting nglampahi manéka warni lampahing gesang ing satengahing bangsa lan negari.

Pandonga katutup déning ingkang mimpin pakempalan pandonga kanthi ngèngeti prasetyanipun Gusti kados ingkang sinerat ing Kitab Lelakoné Para Rasul 1:8.

9. KIDUNG PANUTUP

KPJ 417:3 SAURUTING LAKU

3. Aku pracaya mring pangrèhé Gusti,
awit gesang langgeng ing astané.
Gustiku kang ngasta soroging swargi
wah nuntun aku mring kratoné.
Reff: Salakuku Gusti datan négakken,
klayan setya dènira angreksa.
Ing wusanané, Gusti marengaken

(ka-ias)



**BAHAN
PEKAMPALAN PANDONGA 2**

Waosan:
Jabur Masmur 93

**Iman
ingkang
Kekah**
☪☪☪

1. WEKDAL TIDHEM

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 14:1+2 KULA SAMYA TETUNGGILAN

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan
Réff: Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja.
- 2) Kula rinoban ing begja rintén-dalu tan kendhat,
ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat.
Réff:

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 78:1+2 IBA BEGJAKU

- 1) Iba begjaku lamun yakin
Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.
Reff: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya.
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya.

- 2) Lamun pasrahku trusing kalbu,
temah sampurna kabungahanku
Pra malaékat asung puji,
samyá ngundhangken sihing Gusti.

5. WAOSAN KITAB SUCI: Jabur 93

6. RENUNGAN

“Iman ingkang Kekah”

Kadospundi wartosipun para sedhèrèk? Menawi wonten pitakénan ingkang mekaten, umumipun kathah tiyang ingkang lajeng paring wangsulan ringkes, Saé!“ Ananging, punapa kita mangertos bilih jagad punika nembé ing kawontenan ingkang mboten saé?“ Punapa kémawon ingkang sejatosipun nembé kelampahan ing jagad punika? Nyatanipun kados ingkang kita tingali ing pungkasaning taun kapengker, wontenipun bancana alam ingkang dipunadhepi déning sedhèrèk-sedhèrèk kita ing Sumatera. Ing wiwitaning taun énggal, kita sampun kaabenajengaken kaliyan bena ing pundi-pundi papan, kados ing Jakarta; pesawat ingkang dhawah ing Sulawèsi sisih kidul; semanten ugi menawi nyipati cara mimpinipun Présidèn Donald Trump ingkang njalari kuwatosipun bangsa-bangsa sanès, lan sakpiturutipun. Kawontenaning jagad ingkang makaten temtu badhé njalari tuwuhing raos kuwatos, ajrih mbokbilih ugi malah mboten kepingin mangertosi.

Ing raosing manah ingkang kados makaten, mbokbilih lajeng tuwuh pitakénan; Punapa ingkang saged dados cepengan supados mboten kuwatos, ajrih lan semplah? Ing Kitab Jabur 93, kita manggihaken wangsulanipun. Juru Masmur miwiti seratanipun kanthi tembung “Pangéran Yéhuwah iku Jumeneng Raja“ Pangandika punika nedahaken bilih Gusti Allah ingkang dados Raja lan kuwaos mranata gesang kita. Senajan jagad éwah gingsir ananging Panjenenganipun mboten éwah lan lesah. Gusti Allah badhé

tansah jumeneng kukuh ing gesang ingkang tansah ngalami éwah-éwahan.

Menawi kita gatosaken, wonten tigang prekawis ingkang badhé kaaturaken déning Jabur 93 inggih punika:

Inkang sapisan, Gusti Allah kuwaos nglangkungi gonjang-ganjingé jagad, kumrasaking lèpèn lan jumleguring alun ing seganten. Juru Masmur ing kitab Jabur 93 punika badhé nedahaken dhateng kita bilih ing gesang punika badhé tansah wonten prahara ingkang dipunadhepi déning para pitados, lan saged kémawon njalari semplah. Ananging tansah èngeta lan pitadosa bilih Gusti Allah punika langkung ageng, kuwaos lan ngédap-édapi katimbang praharaning gesang. Panjenenganipun badhé tansah ngamping-ampingi lan maringi pitedah ing wekdal ingkang prayogi. Mbokbilih, wekdal punika kita taksih sami ajrih lan kuwatos karena kawontenaning gesang lan jagad punika. Kita ugi taksih bingung kedah nglampahi gesang kita kadospunapa. Tumraping tiyang pitados, kita kedah tansah kukuh nglampahi gesang ing kapitadosan kita kaliyan Gusti.

Inkang kaping kalih, Gusti Allah badhé mitulungi kita ing wekdal ingkang mesthi kelampahan miturut kersanipun. Prakawisipun, mboten sadaya tiyang purun nglampahi gesang miturut wekdal lan kersanipun Gusti Allah. Kita sami kepingin énggal rampung prakawisipun, kamangka mbokbilih Gusti ngginakaken prakawis punika supados kita langkung mangertosi kekeraning kersanipun. Kita kepingin uwal saking rubéda lan bilai, prakawising brayat lan bangsa, mboten ngalami sesambetan ingkang awon, lsp. Kamangka kasunyatanipun mboten kados ingkang dados pepénginan kita. Wonten wekdalipun, kita badhé nglampahi prakawis-prakawis punika supados langkung diwasa ing iman. Langkung kiyat lan langkung mangertos kadospundi Gusti rawuh lan nyagedaken nglampahi gesang kados ingkang kinersakakaken déning Gusti

Kaping tiga, Gusti Allah ngwengani margi. Ing panutuping kitab Jabur 93 kita manggihaken bilih

pangandikanipun Gusti punika minangka panuntuning gesang kita utawi “kompasing” gesang kita.

Ing film *Piratès of the Caribbéan*, Sang Kaptin rampok ing sagaten, Jack Sparrow, tansah mbekta kompas. Kompas ingkang dipun bekta tansah mbiyantu anggènipun manggihaken margi. Ing gesanging tiyang pitados kompasing iman kita punika inggih pangandikanipun Gusti. Pangandikanipun Gusti punika panuntuning gesang ingkang mboten naté éwah senjata jagad lan gesang kita saben wekdal ngalami éwah-éwahan. Pangandikanipun Gusti punika tansah mbiyantu kita mlampah sesarengan kaliyan Gusti, pramila kedah dados gondhélaning gesang kita saben wekdal.

Milanipun para sedhèrèk, kadospundi kita nggadhahi iman ingkang kekah? Wangsulaniipun inggih punika, ingkang sapisan, tansah lumampaha sesarengan kaliyan Gusti, tansah pitados bilih Gusti langkung kuwaos saking prekawis lan praharaning gesang ingkang kita adhepi. Ingkang kaping kalih, tansah pitados bilih pitulunganipun Gusti kebar ing wekdalipun. Kaping tiganipun, Panjenenganipun piyambak ingkang badhé mbikak margi pitulungan nalika kita rumaos sampun mboten wonten margi pangluwaran. Lumantar punika, mugi ing éwah-éwahaning gesang ingkang njalari kita sami kuwatos lan ajrih, kita kedah mbudidaya supados nggadhahi iman ingkang kekah, tansah dados sarem lan pepadhanging jagad ing sakiwa tengen kita. Gusti mesthi tansah mitulungi, nyagedaken lan paring berkah dhateng kita sadaya!

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 102:1-3 ALLAH YÉKU PANGÈN KULA

- 1) Allah yéku pangèn kula kang gung sih tresnanya.
kula tansah rinimatan srana gung kadamman.
- 2) Kula tansah dènayomi, mila ayem yekti;
tinuntun ing margi adi, wit asmané Gusti.

- 3) Kula tan ajrih bilai, wit kinanthi Gusti;
wah lestantun pangreksanya, temah kula begja.

8. PANDONGA

Métode: Donga Zéntangle


Donga Zéntangle punika satunggaling cara dedonga supados kita saged nglampahi donga réflèktif lan méditatif kanthi nggambar pola-pola ingkang karaos angèl lan ingkang karaos gampil gambaripun. Saben kita nggambar pola punika dados lambang raos sokur, panyuwunan lan pangraosing manah tumrap pakaryanipun Gusti ing lampahing gesang. Cara punika dados sarana kanggé nunggilaken *seni visual* lan latihan konsèntراسi supados kita saged ngraosaken ayem ing pangangen-angen (rélaks). Nalika kita sampun ngraosaken ayem, mbokbilih kita lajeng saged pepanggihan utawi ngraosaken rawhipun Gusti temah kita saged sesambetan kaliyan Panjenenganipun.

Pancèn, cara ingkang katindakaken nalika nggambar sinambi dedonga kados makaten punika, mboten sadaya tiyang saged nglampahi. Menawi warga pasamuwan saged nglampahi cara sanès supados saged pepanggihan kaliyan Gusti, pandonga Zéntangle mboten prelu katindakaken.

Ancasing cara dedonga ingkang makaten minangka cara mbiyantu kita supados saged sesambetan sacara mirunggan kaliyan Gusti Allah.

(pitedah jangkep saged dipunpirsani ing youtube GKI Pakuwon ingkang judulipun “Podcast Ministry “Zentangle” GKI Pakuwon” (link: <https://youtu.be/TNaF5 - blqM?si=3GFqSQZBW6qdCVWn>).

Conto pola-pola ingkang gampil lan saged kaginakaken ing pandonga Zéntangle:



(<https://myndfulact.com/artikel/zentangle-art-untuk-pemula-temukan-kreativitas-dan-ketenangan-dalam-setiap-garis/>)

Piranti ingkang kabetahaken inggih punika:

- Kertas
- Alat tulis (pulpèn/pènsil)

Pitedah nindakaken donga Zéntangle:

- Nyawisaken kertas lan alat tulis ingkang badhé kaginakaken.
- Lenggah ingkang sekéca, kanthi manah wening lan sacara mirunggan mbudidaya ngraosaken tetunggilan kaliyan Gusti ing pandonga.
- Saksampunipun punika, lajeng wiwit nggambar pola-pola ingkang prasaja utawi gampil (kados conto ingkang kaparingaken).
- Ing salebeting nindakaken punika, prayogi malih menawi kaiiringan musik ingkang lirih, saged saking lagu ingkang judulpun “BersamaMu – JPCC Worship”
- Ing salebeting nggambar punika, pasamuwan saged kaaturan ngaturaken panuwun dhumateng Gusti, nyenyuwun saha atur pandonga dhumateng Gusti.

Saksampunipun gambar karampungaken, saged katutup kanthi pandonga ingkang isinipun pambereg supados saged mujudaken ing gesang.

Cara dedonga sanèsipun saged katindakaken kanthi wening lan ngaturaken pandonga safaat ingkang isinipun, antawisipun:

- Dedonga kagem brayat lan réncang supados sami nggadhahi iman ingkang kekah.
- Dedonga kagem geréja supados saged dados sarana ingkang kaagem déning Gusti kanggé ngiyataken imanipun pasamuwan.
- Dedonga kagem bangsa Indonésia lan jagad supados para pemimpnipun saged nindakaken ayahanipun kanthi sesarengan lumampah kaliyan Gusti lan purun madosi kersanipun Gusti.
- Kapungkasan pandonga berkah saking pemimpin PA.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 120:1-3 KULA MBOTEN BADHE NILAR

- 1) Kula mboten badhé nilar dhateng Gusti Pamarta;
dhateng pundi Gusti tindak, kula ndhèrèk Paduka
Réff: Kula tut wingking Gusti ing salami kula gesang,
awit yèn tanpa Gusti, kawula tan saged mimpang
- 2) Nadyan gung karibedan, kawula tan was-sumelang.
Gusti paringa tatag, kula kiyat tan gumiwang.
Réff:
- 3) Kula tansah ndhèrèk Gusti, nadyan sring kamomotan;
nyawa kula memuji, tamtu antuk pitulungan.
Reff:

(nih-ias)



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 3**

Waosan:
Éfesus 1 : 15-23

**Pangajeng-ajeng
Sayekti
ing
Sang Kristus**
☪

1. WEKDAL TIDHEM

2. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 71 DUK NYIPATI GUNG PAKARYANING GUSTI

1

Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumlegering gludhug ing akasa,
kula ngungun gunging kamulyanta.

Refr.: Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.

2

Lamun nlasak tengahing wana-wasa
sato peksi kekidungan ramya.

Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
gung gumelar sesawangan adi.

Refr.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 81 LAMUN ATIMU SUSAH

1

Lamun atimu susah, mareka marang Allah!
Allah paring pikekah angger sira apasrah.

2

Lamun peteng atimu wah sumelang pikirmu,
sesambata mring Gusti, mesthi dèn pitulungi.

5. PAMAOSING KITAB SUCI:
Éfesus 1 : 15-23

6. PANGGEGILUT

“Pangajeng-ajeng Sayekti ing Sang Kristus”

Kathah tiyang rembagan babagan pangajeng-ajeng, ananging punapa mboten kathah tiyang pitados gesangipun prasasat sampun sami kécalan pangajeng-ajeng? Kathah tiyang ngandika, “Gusti mesthi mitulugi” ananging tetiyang punika dedonga namung amargi pakulinan kémawon (kadosdéné latah). Kalamangsanipun kita ugi mrangguli kathah tiyang sami dedonga saderengipun nedha, ananging amargi sinarengan kaliyan gegojègan lan clomètan, sadèrèngipun séndhok mlebet ing tutuk, piyambakipun ngambali dedonga sepisan malih, inggih amargi kèsupèn sadèrèngipun sampun dongakaken tetedhan punika punapa dèrèng. Kanthi mekaten nêring sesambetan kaliyan Gusti Allah dados éwah, saking pangalaman ingkang ngiyataken dados sesambetan ingkang nglaha tanpa daya punapa-punapa kajawi namung pakulinan limraih. Manéka warni lelagon ingkang ngêmot bab pangajeng-ajeng tetep kaunjukaken, ananging ing kanyatan rikala ngadhepi reribeding gesang, tiyang pitados tetep kawengku ing raos ajrih tumrapping wekdal candhakipun, tanpa wantun nglisanaken. Ngantos wusananipun pangajeng-ajeng namung kèndel dados pocapan karohanèn, tanpa wonten dayanipun ingkang saged nuwuhaken krenteging gesangipun.

Ing abad 20, satunggaling *psikiater* Yahudi inggih punika Viktor Frankl paling mboten ugi ngraosaken kawontenan ingkang sami. Wekdal semanten piyambakipun sawêg dumunung ing sisihing gesang kamanungsan ingkang

paling awon, inggih rikala piyambakipun kinunjara déning Nazi. Piyambakipun kécalan kamardikan, kécalan brayat, kepara kécalan pangajeng-ajeng tumrap gesang tembé wingkingipun. Rahayunipun, Frankl ningali tiyang-tiyang ingkang wonten ing *kamp konsentrasi* (pakunjaran) lan manggihaken bilih kathah tiyang pejah boten amargi panindhés utawi kerap, ananging tiyang-tiyang punika kalawau sampun kécalan kréntêg kanggé gesang. Piyambakipun nyerat, „*Ugêr wong isih duwé, ‘ya ngapa’ kok urip, bakal sanggup ngadhêpi mèh kabèh ‘kêpriyé’.*“

Kahanan gesanging Frankl boten sansaya saé. Pepeteng tetep nglimputi. Inkang ndamel piyambakipun tatag sanès kréntêg saé ingkang kothong, ananging kapitadosan bilih gesangipun taksih nggadhahi ancas lan teges, sinaosa piyambakipun dèrèng mangertos kadospundi pungkasaning cariyos gesangipun. Saking gesangipun Frankl kita saged nyinau bilih pepadhang ingkang sayektos punika pinanganipun mboten saking sanjawining gesang kita, ananging kepara murup lan tansah madhangi ing batos kita.

Émanipun, sapérangan tiyang nalika nggadhahi pangajeng-ajeng, piyambakipun gadhah pepénginan bilih kawontenan ing sakiwa-tengenipun dados langkung saé. Éwasemanten Rasul Paulus, wonten ing pandonganipun tumrap pasamuwan ing Éfesus, ngandharaken bab pangajeng-ajeng ingkang bèntên.

Inkang kaping sepisan, Rasul Paulus ngêkahakên pasamuwan kanthi raos sokur menggah ing kapitadosan saha katresnaning pasamuwan dhumateng sedaya warganing pasamuwanipun Allah (Ay. 15-16). Sinaosa mekaten, Rasul Paulus ngrumaosi bilih iman dalah katresnan ingkang dipun gadhahi pasamuwan ing satunggaling wekdal ugi saged sayah ing satengahipun pamêtêking jagad ingkang kiyat.

Awit saking punika Rasul Paulus boten dedonga murih kahanan ngalami éwah-éwahan, kosokwangsulipun, Rasul Paulus ndedonga supados Gusti Allah maringi rohing kawicaksanan (*pnéuma sophias*) lan wahyu (*apokalupsis*; mbikak ingkang ketutup) murih mripating manah (*kardias*:

pusêring gesang) tiyang-tiyang pitados ing Éfesus kapadhangan kinèn saged wanuh kaliyan Panjenenganipun lan nggadahi pangajeng-ajeng ing Panjenenganipun (Ay. 17-18). Awit karingkhaning tiyang ingkang pitados dhumateng Gusti sanès awit wekdal ngajeng ingkang peteng, ananging amargi mripating manah ingkang karaos kêsêl kanggé ningali pepadhang.

Kathah tiyang rumaos kesel kanggé panggah ing ~~rikala~~ wekdal-wekdal ingkang boten ngrêmênakên lan kesel ngantu-antu pepadhang saking Gusti. Awit saking punika, kathah tiyang betahaken pakaryaning Roh Allah.

Paulus mastani pangajeng-ajeng punika kanthi tembung Yunani ἐλπίς (*elpis*) inggih punika kapitadosan ingkang lair saking lan ngener dhumateng timbalaning Gusti Allah (Ay. 18b), bèntên kaliyan pengajeng-ajeng saha krêtênging jagad ingkang gampil semplah. *Elpis* punika sanès namung pangangen-angen bilih sedaya badhé pinanggih gampil, ananging ênêring gesang ingkang kêkah jumeneng ing kasetyaning Allah. Tetep kêkah lumampah ing dinten punika awit Gusti Allah sampun prajANJI menggahing dinten candhakipun.

Pandonganipun Rasul Paulus ngenêr dhateng ancas ingkang sami. Prakawis ingkang dipun betahaken pasamuwanipun Gusti boten rikating wangsulan tumrap sawernining prakara ingkang wonten, ananging pepadhang ingkang nuntun manahing pasamuwan wangsul malih. Manah ingkang kapadhangan déning Rohing Allah, nggesangaken malih pangajeng-ajeng bilih gesanging pasamuwan punika aji lan bilih kuwaosipun Gusti Allah taksih makarya ing saben gesanging pasamuwanipun (Ay. 19). Kuwaos punika inggih kuwaos ingkang sami, ingkang ngwungokaken Sang Kristus saking antawisipun tiyang pejah saha ngluhuraken Panjenenganipun ngungkuli ing sanginggiling sadaya panguwaos (Ay. 20-21). Saha bilih Sang Kristus punika minangka Sesirahing Pasamuwan (Ay. 22-23), lan ing salebeting Panjenenganipun, yektining pangajeng-ajengipun pasamuwan saèstu ngoyod.

Wekdaling antawisipun Sumengka lan Péntakosta punika inggih wekdal ing pundi pasamuwanipun Gusti kedah ngrerantos salebeting kapitadosan, sinaosa gesanging umat taksih karaos peteng. Wekdal punika sampun ngantos kaanggep kothong, ananging wekdal ing pundi Gusti ngersakaken supados mripating manah kita kapadhangan déning pangajeng-ajeng lan kapitadosan dhumateng Sang Kristus, lan boten kaisi kaliyan raos ajrih. Awit saking punika, mungkasi panggegilut punika, sumangga kita suméné sawetawis lan niti priksa kanthi jujur ing dhiri kita piyambak-piyambak: **Pangajeng-ajeng ingkang kados pundi ingkang sejatosipun saweg kita gesangi?**

(Salajengipun menggah tumindak ing kagiyatan “masrahaken momotaning gesang wonten ing ngarsanipun Gusti”, katerangaken mawi basa Indonesia kados ing ngandhap punika)

Act of Letting Go

Makna: Menyerahkan beban hidup dan memohon agar mata hati diterangi oleh Roh Kudus (Ef. 1:18)

Pengantar:

Saudara kita akan menyerahkan seluruh beban hidup kita kepada Tuhan. Kalau ada di antara Saudara yang mengalami masa-masa gelap selama ini, dengan beban hidup dan doa yang belum dijawab oleh Tuhan, dan itu membebani kita, mari kita bawa kepada Tuhan dan lepaskan segala yang tidak perlu kita tanggung atau pikul. Biarlah mata hati kita diterangi oleh Roh Kudus dan kita menyerahkan semua beban hidup kita kepada Dia. Serahkanlah semua, agar hati kembali diterangi pengharapan Kristus.

Yang diperlukan :

- Potongan kertas kecil (sejumlah peserta)
- Alat tulis
- Salib wangi kecil (sejumlah peserta)
- Kotak wadah kertas atau tempat sampah khusus untuk membuang kekhawatiran yang ditulis di kertas kecil

Cara:

- Jemaat diberi kertas kecil
- Diminta menuliskan **satu ketakutan, luka, atau kelelahan**
- Kertas dikoyak atau dilipat dan dimasukkan ke wadah yang disediakan (tanpa dibaca)
- Jemaat **mengambil salib kecil yang wangi** sebagai gantinya, memegangnya atau menciumnya sambil berdoa pelan:
“Tuhan, terangilah mata hatiku.”
- Jemaat kembali ke tempat duduk dalam keheningan.

7. PEPUJÈN: POP ROHANI**Hanya Kristus Harapanku**

In Christ Alone. Keith Getty & Stuart Townend (Translated by Pdt. Juswantori Ichwan)

1. *Hanya Kristus harapanku
 Dia terang dan kuatku
 Batu penjuru yang teguh
 di kala badai menderu
 Kasih dan damaiNya besar
 kalahkan takut dan gentar
 Penghiburku, naunganku
 dalam kasihNya 'ku teduh*
3. *Dalam hidupku tak sesal
 Dalam mati ku tak gentar
 Kuasa-Nya tinggal dalamku
 Memandu hingga ajalku
 Tiada yang dapat pisahkan*

*Ku dari tangan kasih-Nya
Hingga Dia panggilku pulang
Dalam kuasa-Nya ku teguh*

8. PANDONGA SESARENGAN

- Kita dedonga murih Gusti tansah madhang ing mripating manahipun warganing pasamuwan, kanthi mekaten gesangipun boten dipun kuwaosi raos ajrih utawi kasayahaning pitados, ananging kanthi tumemen lumampah ing satengahing pangajeng-ajeng, ing salebeting pangajeng-ajeng sayekti ingkang ngoyod ing Sang Kristus.
- Kita dedonga murih patunggilaning pasamuwan dados papaning pepadhang lan pangajeng-ajeng, papaning saben tiyang ringkih, sayah, lan ketaton katuntun “wangsul” déning katresnaning Sang Kristus lumantar dumuginipun tiyang setunggal dalah sanèsipun.
- Kita dedonga murih bangsa lan negari kita binerkahan dening Gusti lumantar wontenipun tiyang-tiyang ingkang ajrih-asih dhumateng Panjenenganipun lan nggadahi pangajeng-ajeng ingkang prayogi saha langkung saé tumrap wekdal ingkang badhé kelampahan.

9. PEPUJÈN: POP ROHANI

Kaulah Harapan

Cipt. Sari Simorangkir

https://youtu.be/fNfWZYk6w_w

Bukan dengan kekuatanku
Ku dapat jalani hidupku
Tanpa Tuhan yang di sampingku
Ku tak mampu sendiri
Engkaulah kuatku
Yang menopangku
Reff: Kupandang wajahMu dan berseru
Pertolonganku datang darimu
Peganglah tanganku jangan lepaskan

Kaulah harapan dalam hidupku

(cjkh – mgk)



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 4**

Waosan:
Lukas 24: 44-53

**Ngoyod
Ing
Sabda**
☪☪☪

1. WEKDAL TIDHEM

2. KIDUNG PEPUJÈN
KPJ 283 BILIH ROH SUCI

1

Bilih Roh Suci makarya ing manah kula,
kula memuji Gusti kanthi sukarena,
awit Roh Suci paring manah sukarena,
gesang langgeng ayem tentrem salaminya.

Refr.: Roh Suci, Ooo, Roh Suci
makarya ing manah kula.
Roh Suci, Ooo, Roh suci
makarya ing manah kula.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PEPUJÈN
KPJ 287 ROH SUCI ROH SEJATI

1

Roh Suci Roh Sejati, mugè rawuh ing ati
Ngénggalna manah kula, mrih ing lampah prayoga,
setya bekti mring Gusti, wah asih mring sesami.
wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.

2

Dhuh Roh Suci, Roh Allah, anyantosakna manah.
Lamun karoban sisah, tatag, tanggon, tan semplah.

Manggul salibing Gusti, martosken Injil Suci.
Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 24: 44-53

6. PANGGEGILUT

“Ngoyod ing Sabda”

Punapa kita naté nyuwun pirsana:

- Kénging punapa ing satengahing kemajenganing tèknologi lan kathahing pawartos, malah dadosaken kathah tiyang sami bingung, uwas, lan kécalan nêring gesang?
- Kénging punapa pawartos goroh (hoaks), pocapan nggêgêthing, lan sesatron gampil sumebar, kepara ing satengahing patunggilanipun tiyang-tiyang ingkang ngakeni gesangipun minangka tiyang pitados?
- Kénging punapa kathah tiyang Kristen ingkang katingal sregep paladosan ing geréja, ringkih rikala ngadhèpi prakawis ingkang mbebayani, kasangsaran, utawi éwah-éwahaning gesang?

Kadadosan-kadadosan ingkang saged dipun terangkan punika nedahaken satunggaling kanyatan ingkang wigati: **Boten sedaya ingkang mapan ing paningal kita, nggadhahi nêr ingkang cetha lan boten sedaya ingkang kados-kados mlampah majeng, nggadhahi landhesan ingkang kekah.** Punapa tegesipun? Tiyang ingkang sinawang mapan, asring nggorohi kita kados-kados tiyang punika nggadhahi nêr lan lampahing gesang ingkang cetha. Kasunyatanipun, tiyang-tiyang kalawau nggadhahi geguletaning gesang ingkang rumpil kan angèl, ugi tanpa mengertos margining uwal saking geguletaning gesangipun wau. Kajawi punika, wonten kathah tiyang ingkang kadosipun moncèr, sregep ing paladosan, lan katingal paling pitados, malah linimputan

raos kuwatos lan ringkih, sasampunipun nglangkungi reribed ingkang nempuh gesang lan kapitadosanipun.

Punika sababipun, Gusti nimbali kita sadaya kanggé wangsul sinau malih lumantar Sabdanipun Gusti. Wigatos sanget tumrap kita ngoyod lan ngrembaka kanthi landhesan ingkang kekah. “Ngoyod” ing ngriki ateges kita boten kanthi gampang kèli kanggé dados bakuh ing kapitadosan, lan “ngrembaka” ing ngriki ateges kita miwiti kanthi ngrumaosi lan niti priksa dhateng dhiri pribadi: Punapa kita sampun nggadhahi tetalesing kapitasosan ingkang kekah?

Lukas 24: 44-53 mitulungi kita ningali kadospundi Gusti Yésus nggulawenthah para sakabatipun murih saged ngoyod salebeting sabda sadèrèngipun para sakabat kautus ngladosi jagad. Punika ingkang dadosaken sababipun ing waosan kita, Gusti Yésus nadhesaken bilih sedaya lelampahaning sugengipun minangka katetepaning Kitab Suci. Ing madyaning jaman ing pundi kayektosan asring kaanggep gumantung kaliyan suwanten ingkang paling kathah utawi *algoritma média sosial*, Pangandikanipun Gusti ngèngêtakên bilih kayektosan sejati tukipun saking Gusti Allah ingkang setya ing Prasetyanipun. Gesang ngoyod ing sabda ateges boten gampang kaontang-antingaken déning andharaning lelampahan ingkang kondhang, ananging tetep adhedhasar janjinipun Gusti dhateng kita lumantar sabdanipun.

Ing ayat 45, Gusti Yésus bikak pikiranipun para sakabat supados sami mengertos Kitab Suci. Punika dados sangsaya jumbuh ing satengahing kathahipun tiyang ingkang gampang mitadosi pawartos-pawartos saking tiyang-tiyang ing sakiwa-tengenipun, ananging boten kanthi saèstu nlesih saha nyuraos maknanipun tuwin kayektosaning sabdanipun Gusti. Kamangka pangandikaniun Gusti boten namung kanggé dipun mangertosi, ananging Gusti paring pangandika kanggé madhangi pikiran kita wonten ing marupi-rupi pancasan ingkang kita damel.

Ing ayat 46-47, Gusti Yésus nadhesaken bilih kasangsaran, wungu, pitobat, lan pangapuntinging dosa

punika mujudaken wigatining Injil. Panandhes punika trep ing satengahing kanyatan bab indhaking prakawis keséhatan méntal, kasayahaning gesang, lan icaling maknanipun gesang ñer ingkang karaosaken kathah tiyang ing jaman samangké. Pangandikanipun Gusti nedahaken bilih kasangsaran punika sanès pungkasaning cariyos. Salebeting Sang Kristus ingkang sampun wungu saking séda, tansah wonten pangajeng-ajeng saha pamulihan, mekaten ugi timbalan kanggé gesang ing salebeting pitobat miwah gesang ingkang tansah kaanyaraken.

Salajengipun Lukas nambahaken bilih pawartos bab kawilujengan punika kedah kawartosaken dhateng sedaya bangsa, “kawiitan saking Yérusalèm” (ayat 47). Panandhes punika boten namung kapinujon. Yérusalèm inggih punika papanipun Gusti Yésus nandhang sangsara, séda, lan wungu saking séda. Yérusalèm minangka kitha punjêring sejarah pakaryan kawilujenganing Gusti Allah katindakaken secara nyata ing salebeting sejarah. Kanthi miwiti saking Yérusalèm, Injil ngoyod ing lelampahan nyata inggih punika pakaryan kawilujenganing Sang Kristus tumrap manungsa ingkang dosa lan boten namung pamanggih karohanèn ingkang mboten kasat pancadriya. Kitha punika ugi minangka pusering kapitadosan umat Israèl lan lambang dumadosing pamecaning para nabi bilih kawilujengan badhé mili saking Sion tumuju ing bangsa-bangsa. Saking papan ingkang naté dados papan panampik lan pamenthangan punika, Gusti Allah malah murwakani pakaryan mulihaken jagad, minangka pratandha bilih sihrahmatipun Gusti kuwagang ngéwahi kagagalan dados wiwitan ingkang énggal.

Ing kanyataning gesang jaman samangké, “kawiitan saking Yérusalèm” ngemu suraos bereg kita menggalihaken sinten tetiyang ingkang paling caket ingkang ugi perlu kapulihaken lan wanuh kaliyan Injilipun Gusti. Amargi kawiitan saking kita, kita tinimbalan kanggé nampi pangapunten saha kaanyaraken déning Sang Kristus. Sasampunipun punika kita tinimbalan supados dados juru

seksinipun Sang Kristus. Kanthi mekaten, ayat 47 nandhesaken bilih Injil boten namung pawartos bab wekdal ing mangsa ngajeng, nanging kuwaosing Guti Allah ingkang makarya ing wekdal samangké, kawiwitan saking gesang kita, lajeng lumampah saking “pokipun tatu” tumuju pemulihan tiyang sajadad.

Kadospundi anggèn kita badhé jumangkah tumuju pamulihan sajadad? Ing ayat 48, para sakabat kabereg kanggé jumangkah minangka “juru seksi”. Ing jaman *digital* samangké, Gusti nimbali saben tiyang pitados minangka juru seksi lumantar *unggahan, komentar*, lan cak-cakaning gesang padintenan.

Ayat 49 ngèngêtakên para sakabat kanggé ngrerantos kuwaos saking ngaluhur. Samadyaning “*budaya instan*” (budaya cepet lumadi) ingkang meksa sedaya sarwa rikat, pangandikanipun Gusti malah mucal bab sarèh lan gumantung dhumateng pakaryanipun Roh Suci. Boten sedaya prakawis kedah énggal katindakaken; wonten wekdal kanggé nengga, kawangun, lan jinangkepan.

Ayat 50-53 nggambaraken para sakabat ingkang kebak ing raos bingah, tumêmên ngibadah, saha ngkuhuraken Gusti Allah. Punika nyolok sanget bèntenipun kaliyan kanyatan ing wekdal samangké ing pundi kathah tiyang kécalan kabingahan sinaosa nggadahi samukawis sadaya. Sabda ingkang ngoyod ngasilaken kabingahan ingkang boten gumantung kaliyan kawontenan, ananging ing karawuhan miwah janjinipun Gusti.

Lukas 24: 44-53 bêtêg kita ngilo dhateng gesang kapitadosan kita ing satengahing jagad ing kebak ing éwah-éwahan ingkang rikat sanget. Kita gesang ing jaman nalika pawartos lubèr-lubèr, nanging kawicaksanan kepara angèl kapanggihaken; rikala sesambungan digital sangsaya wiyar, ananging sesambetan ingkang lebet sangsaya ringkih. Ing kawotenan ingkang kados mekaten, kathah tiyang (kalebet tiyang pitados) gampil kécalan ner, gampil sayah karohanènipun, lan gampil kuciwa.

Pangandikanipun Gusti punika nanting kita supados niti priksa kanthi jujur: ***Ing ngendi oyoding urip kita tinandur?*** Punapa wonten ing *stabilitas ekonomi* (kamapaning ékonomi), *pangakuan sosial* (pangakenipun tiyang ing pasrawungan), *keamanan jabatan* (kamantebaning kalenggahan), utawi wonten ing pamanggihipun ingkang *dhominan* (ingkang nemtokaken)? Utawi èstu-èstu wonten ing pangandikanipun Allah ingkang langgeng? Oyod ingkang klèntu saged ugi pamarem ingkang namung kanggé sawetawis wekdal, ananging boten kiyat nyanggi kita rikala praharaning gesang anempuh.

Gusti Yésus boten énggal-énggal ngutus para sakabatipun, sinaosa para sakabat sampun ningali wungunipun Gusti Yésus saking séda. Langkung rumiyin Panjenenganipun nuntun para sakabat lumebet ing panggegiluting sabda. Punika minangka panyaruwé alus tumrap patrap kita ingkang kepéngin énggal-énggal tumindak, nyaruwé, utawi ngladosi, tanpa langkung rumiyin nyumanggakaken Sabda ndandosi manah lan pamikir kita. Sabda ingkang boten rinesepaken ing manah namung badhé ngedalaken *reaksi emosional* (tanggapan ingkang gampil muntab), sanès *respons iman* (tanggapaning iman).

Panggegilut kita ing dinten punika ugi ngrembag kanyatan menggah sayahaning karoahanèn saha sayahing jiwa ingkang kathah karaosaken déning tiyang ing jaman samangké. Kathah tiyang katingal *aktif* (mempeng), *produktif* (kathah asilipun), *lan relijius* (nglampahi agami), ananging batosipun kothong. Lukas 24: 44-53 nedahaken bilih kabingahan sejati tuwuh nalika sabda dipunmangertosi, Roh Suci kaantos-antos, lan gesang sawetahipun kapasrahaken dhumateng Gusti. Kabingahan punika boten amargi asiling kawontenan ingkang dipunidham-idhamaken, ananging amargi saking kapitadosan bilih gesang punika wonten ing rancanganing Gusti Allah.

Gesang ingkang ngoyod ing Sabda kanggé jaman sapunika ugi betahaken paseksining kapitadosan. Paseksi ingkang boten namung bab pitembungan, ananging

babagan gesang sawetahipun: Kadospundi tumindak kita ing papan umum, kadospundi kita ngadhepi bêbèntên, kadospundi kita gesang ngrengkuh tiyang ingkang ringkih. Gesang ingkang ngoyod ing Sabda mesthi badhé nyunaraken katresnan, sarèh, lan pangajeng-ajeng, kepara ing kawontenan ingkang sarwa bèntên saha wontenipun pasulayan ing satengahing pasrawungan.

Tundhanipun, penggegilut punika ngulemi kita kanggé wangsul mangun wiramaning gesang karohanèn ingkang waras. Pangandikanipun Gusti boten dipunkersakaken namung kanggé pangibadah mirunggan, ananging dadosa ambeganing gesang padintenan. Nalika sabda punika dados oyod, pramila pandonga, pangibadah, paladosan, lan paseksi badhé tuwuh ngrembaka akanthi limrah. Saking ngriku tuwuh iman ingkang kekah, pangajeng-ajeng ingkang gesang, lan tresna ingkang nyata tumrap jagad. Amin.

7. PEPUJEN

KPJ 292 SANG ROH SUCI, ROHING KATRESNAN

1

Sang Roh suci, rohing katresnan,
nuntuna mring kula slaminya;
nyingkirna raos pasulayan,
amrih jagad tentrem raharja,
ngrukunken tyang kang cecongkrahan,
mbereg nilar tumindak dosa;
ngiyatken manah ingkang semplah.
Dhuh Gusti, nuntuna mring kula.

2

Dhuh Roh Suci, roh kasunyatan;
nunggila mring kula slaminya,
mrih babaring karsaning Allah
wah tobating tyang ambek-siya.
Labuh-labet sepi ing pamrih,
nglawan panindhes klayan sih;

tan ajrih pepalang - rubéda.
Dhuh Gusti, nunggila mring kula.

8. PANDONGA

Pandongga dinten punika badhé kawiwitan kanthi pitakènan-pitakènan ingkang badhé dhèrèkakên pasamuwan kanggé ngonjukaken pandonganipun secara pribadi.

Pitakènan-pitakènanipun:

Sepisan: Punapa kita sampun mbebecik “saking dhiri kita piyambak” langkung rumiyin kanthi mulihaken tatuning batos kita, lumantar sabda ingkang nuntun kita kanggé mbebecik dhiri? Sami dedongaa supados kita lan brayat kita ngraosaken pamulihaning batos saking kasayahaning karohanèn, sirnaning maknanipun gesang lan tatuning gesang. Sami dedongaa murih wonten kabingahan ageng rikala Gusti mulihaken kita lan brayat.

Kaping kalih: Punapa kita sampun dados juru seksinipun Gusti ing satengahing jagad punika? Kanthi nyêksèkakên pakaryan Astanipun Gusti ing gesang kita? Sami dedongaa supados Gusti mitulugi kita mapanaken landhesaning gesang boten wonten ing pamanggihipun jagad, kamoncèran, utawi raos tetentrem ingkang namung sawetawis wekdal, ananging wonten ing kayektosan sabdanipun. Sami dedongaa murih Roh Suci mbikak pikiran lan manah kita kanggé mangertosi Kitab Suci, kanthi makaten sabda memangun tata cara kita mikir, mutusaken, lan ngadhèpi kanyataning gesang. Dedonga supados Roh Suci paring kasabaran tumrap kita kanggé ngajeng-ajeng Panjenenganipun ngagem kita kanggé nyunarakèn katresnan, pangajeng-ajeng, tuwin kayektosanipun Gusti ing gesang pandintenan kita.

9. PEPUJEN

KPJ 392 MUGI SIH-RAHMATÉ NJENG GUSTI

1

Mugi sih rahmaté Njeng Gusti lan sihé Allah Sang Rama,
nunggila ing prasudara, pinanggiha sami basuki.

Refr.: Wilujeng mlampah, wilujeng mlampah,
mbénjing nggih pinanggiha malih.
Wilujeng mlampah, wilujeng mlampah,
mbénjing nggih pinanggiha malih.

2

Mangsa tamtu silih-gumanti; wanci siyang gantos ratri,
swau kita tetunggilan, samangkya kita pepisahan

Refr.:

(sgpa - mgk)



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 5**

Waosan:
Lelakoné Para Rasul 1: 6-14

**Saiyêg
nDêdonga
Sesarengan**
☪☪☪

1. WEKDAL TIDHEM

2. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 155 AKU TAN NATÉ MANGERTI

1

Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka,
mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya.
Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.
Tinuntun dumugèng janji mring kasampurnan swarga.

2

Aku asring tan mangerti karsèng Allah Makwasa.
Donga panyuwuning ati tan kajurungan mulya.
Nging yektiné, Gusti nganthi; astanya tansah ngreksa.
Dé panuntuning Roh Suci, sirna pangrehing dosa.

3

Uripku ing pangrèhé Gusti, tan ana pangrèh liya.
Kasarasan lan rejeki, wuwuhing sih-nugraha.
Rancangan tinata tliti, pratandhaning sutresna.
Aku tan kwatir, tan wedi, mung begja kang pinanggya.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 166 KULA NGATURKEN SEMBAH BEKTI

1

Kula ngaturken sembah bekti,
 dé Gusti tansah mberkahi
 nggèn kula tansah nambut kardi
 kanthi temen lan taberi.
 Abot ènthèng datan ngresula,
 lelados kang trusing driya,
 berkah rejeki sing Maluhur
 tinampi lan puji sokur.

2

Kula sumarah mring Pangéran
 kang maringi pangayoman,
 dadosa dalu lelimengan
 punapa padhang rembulan.
 Satangi kula saking tilem,
 manah sakalangkung tentrem.
 Kula saged ngaso sekéca,
 wit astané Gusti ngreksa.

3

Kula memuji datan kendhat
 mring sihé Allah murbèngrat.
 Wanci énjing surya sumunar,
 mulyaning alam ginelar.
 Tetuwuhan wah sato-kéwan
 mawarni ngebaki bumi.
 Gya kawula gumrégah tangi,
 nindakken karsaning Gusti.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lelakoné Para Rasul 1: 6-14

6. PANGGEGILUT

“Saiyêg nDêdonga”

Pundi ingkang dadosaken para sadhèrèk rumaos dados dhiri pribadhi: dedonga sesarengan tiyang sanès, utawi dedonga piyambakan?

Dedonga punika minangka cara anggèn kita ngaturaken isining manah kita dhumateng Gusti. Lumantar pandonga wonten sesambetan langsung, *intim* (raket), saha *personal* (asipat persun) ing antawis kita kaliyan Gusti. Ing pandonga kita saged ngaturaken pikiran, punapadéné raos kita, kita saged tetunggilan kaliyan Gusti, ngluhuraken Gusti, caos sokur, lan ngakèni dosa kita. Malah salabeting pandonga kita saged nglairaken raos kangen tuwin impèn kita katur Panjenenganipun.

Émanipun kathah tiyang Kristen nganggep bilih dedonga namung minangka tata upacara agami ingkang dados pakulinan limrah. Punapa malih menawi piyambakipun dedonga sesarengan kaliyan tiyang sanès. Pandonga kraos kados satunggaling pakulinan limrah utawi papan ingkang ngajangi kanggé mratélakaken éndahing tetembungan. Boten gumun wonten ingkang ngendika, “*Ah, aku ora bisa dedonga. Sliramu waé kang dedonga!*” Pramila salajengipun tiyang damel cathetan pandonga, boten amargi piyambakipun boten saged dedonga, ananging amargi ajrih menawi pandonganipun kabiji awon.

Kamangka dedonga inggih punika cara ingkang dipun paringaken Gusti dhateng kita kanggé matur kanthi merdika dhumateng Panjenenganipun, ananging ugi mirengaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan kita.

Gusti ngersakaken kita dados para Putranipun pramila rikala kita dedonga dhumateng Panjenenganipun, kita tansaha purun ngengakaken karingkihan kita, kekirangan kita kapara isining manah kita magepokan awrating perjuanganing gesang kita minangka tiyang pitados. Punika sababipun kita wanuh kaliyan tetembungan, “Pandonga punika minangka ambeganing gesangipun tiyang pitados.” Amargi kanthi dedonga, kita nembé ngimat lan ngiyataken kapitadosan kita.

Sesarengan kaliyan kamajenganing jaman lan tèknologi wekdal samangké, ing pundi kita saged gumantung dhateng tèknologi langkung saking dhumateng Gusti,

punapa pitakènan kita dhumateng Gusti: Kening punapa kula kedah dedonga? Kapan lan kaping pinten kita kedah dedonga? Punapa ingkang kedah kula tindakaken rikala dedonga? Punapa taksih perlu kula dedonga rikala kula rumaos Gusti boten naté maringi ingkang kula kajengaken?

Pitakenan kados mekaten saèstu bèntèn kaliyan pengalamaning para murid rikala Gusti Yésus sumangka dhateng swarga. Dedonga boten minangka satunggaling kuwajiban ingkang dipun-peksakaken malih. Dedonga ugi boten minangka syarat ingkang kedah dipun cekapi kanggé dados pandhèrèkipun Sang Kristus. Para murid dadosaken pandonga malah minangka cara kanggé nggayuh satunggal ancas, setunggal manah, setunggal pangajeng-ajeng. Kéning punapa para murid nggadahi krenteg ingkang sami nalika dedonga? Pranyata kawontenan gawat ingkang dadosaken para murid tetep nyawiji ing pandonga. Sumangga kita tingali pengalamaning para murid lumantar Lelakoné Para Rasul 1: 6-14.

Waosan kita dumados saking kalih périkop. Perikop sepisan nyariosaken bab Gusti Yésus ingkang sumangka dhateng swarga. Para murid ing perikop sepisan punika sawêg ngraosaken *transisi* (éwah-éwahan) lan kawontenan ingkang mboten saged dipun-pesthèkaken bab wekdal ingkang badhé kelampahan, pramila tuwuh pitakènan saking para murid dhumateng Gusti. Para murid mèh boten saged ngetutaken malih lelampahan-lelampahan ingkang dumados urut gentosan kanthi rerikatan. Samukawis sedaya ingkang rumiyin naté kaweca, samangké dados kasunyatan. Tundhanipun tuwuh pitakènan saking para murid dhumateng Gusti Yésus ingkang sejatosipun namung kanggé kapentinganing para murid piyambak. Èstunipun Gusti boten patosa nanggapi bab punika, amargi sejatosipun wonten prakawis ingkang langkung wigatos kanggé katindakaken. Gusti ngersakaken para murid samekta ngèstokakèn dhawuhipun Gusti inggih punika martosaken Injil, memucal saha nyariyosaken Gusti Yésus dhumugèng ing ponconting bumi. Lumantar lelampahan punika, para

murid èstunipun kacawisaken kanggé nindakaken jejibahanipun kanthi kabiyantu déning kuwaosing Roh Allah ingkang sampun katampi lan makarya ing gesangipun piyambak-piyambak. Rawuhipun malaikat kekalih ingkang kautus déning Gusti Allah nandhesaken bilih sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga boten minangka pungkasaning gesang, ananging janji bilih Panjenenganipun badhé rawuh malih kanggé mratélakaken kaunggulan saha kamulyanipun Gusti menggahing Pasamuwanipun. Awit saking punika, para murid ingkang ing wekdal semanten tumenga ing langit, kinèn utawi kadhawuhan ngeneraken gesangipun wangsul malih tumuju dhateng jagad minangka wujud samektaning gesang salabeting ngrerantos rawuhipun Gusti. Para murid kabereg kanggé nyeksèkaken bab punapa ingkang sampun dipun sumerepi miwah kapireng.

Wondéné perikop ingkang kaping kalih nyariyosaken bab para murid ingkang sampun mangertosi pawartos ingkang kapangandikakaken déning malaikat kekalih lan wangsul saking paredèn Zaitun tumuju ing Yérusalèm. Waosan punika nyathèt bilih para murid mlampah “salakon ing dina Sabat” (ayat 12). Punika ateges taksih udakawis setunggal kilometer kados pranataning sabat. Ananging ingkang langkung wigatos saking punika inggih punika rikala para murid sesarengan wangsul tumuju Yérusalèm, rikala dumugi ing kitha, piyambakipun lajeng sesarengan lumebet ing kamar ing nginggil, ing panggènan ing dipun pondhoki para murid. Griya ingkang nggadhahi payon rata lan wonten kamaripun sawetawis kathah, ingkang saged kaginakaken kanggé miyambak murih boten kaganggu lan dipun ganggu déning péranganing brayat sanès. Ing ngrika pranyata sampun wonten murid sanèsipun, sapérangan para wanita, Maryam ibunipun Gusti Yésus, dalah sadhèrèk-sadhèrèkipun Gusti Yésus. Punapa ingkang katindakaken ing ngrika? Ing ayat 14, sedaya sami saiyeg anggènipun sami mèmèng ing pandonga.

Saiyeg ing pandonga saged dipun mangertosi minangka manunggaling raos, pikiran, lan ancas ingkang sami. Malah wontening raos manunggil, sesarengan, lan tumemen salebeting dedonga dhumateng Gusti lan ngajeng-ngajeng Panjenenganipun, kadosdéné patunggilaning para muridipun Gusti Yésus ingkang tumemen dedonga sesarengan sasampunipun wungunipun Sang Kristus saking séda. Anggènipun para murid sesarengan kaliyan para pawèstri lan brayatipun Gusti Yésus nedahaken bilih wontenipun patunggilan lan kasetyaning para murid kanggé ngrerantos janjinipun Gusti Allah ingkang badhé rawuh. Tumemenipun ing pandonga ingkang sami katindakaken para murid ngetingalaken patrap sumarah saha gondhèlan ing kuwaosing Gusti Allah ing satengahing kawontenan ingkang boten mesthi sasampuning sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga. Salebeting tidheming pandonga, para murid nyinau murih saged nyalarasaken ing antawisipun pikajenging pribadi kaliyan karsanipun Gusti Allah. Kasetyan kanggé tansah nyatunggil ing pandonga mratandhani anggènipun samekta kanggé nampi kuwaosing Roh Suci lan nglajengaken misinipun Sang Kristus.

Saking waosan punika kita sinau bilih rikala para muridipun Gusti Yésus kabidhung pakèwed, kahanan ingkang boten mesthi ing gesangipun kepara was-sumelang, sedaya samidéné lestantun nyatunggil. Para murid boten sami miyambak, boten sami mlampah piyambak-piyambak, ananging nyatunggil lan saiyeg ing pandonga. Pandonga sesarengan ingkang katindakaken para murid sesarengan, nedahaken bilih para murid wau taksih ngyakini saha mitadosi menggah janjinipun Gusti lumantar tumedhkipun Roh Suci ingkang badhé maringi pangajeng-ajeng anyar ing gesanging para murid sadaya. Kajawi saking punika, pandonga sesarengan ingkang kaonjukaken ugi dados wujud kelairing kapitadosan, kasetyan, saha anggènipun gumantung ing pakaryaning Allah. Rikala para murid sami nyatunggil ing pandonga, sawernining cecongkran ingkang sadèrèngipun pinanggih ing satengah-tengahing

para murid, boten dados pirembagan malih. Pandonga ingkang kaonjukaken kanthi tumemen dados bukti samektaning dhiri mapag ayahan timbalan saking Gusti candhakupun. Ngantos boten wonten malih pitakènan ing antawisipun para murid: *Apa awaké dhéwé kudu dedonga? Kanggo apa dedonga? Lan kepriyé carané dedonga?*

Tiyang pitados ing wekdal samangké èstunipun ugi gesang ing salebeting pakèweding gesang ingkang boten gampang. Ananging kita kesupèn bilih tugas kita inggih punika ngrerantos kuwaosipun Roh Suci miwah nyariyosaken prakawis punika dhateng jagad. Lumantar cariyosipun para muridipun Gusti Yésus kita kaèngetaken bilih Gusti nimbali kita kanggé nindakaken timbalanipun Gusti kanthi gondhèlan ing Panjenenganipun lumantar pandonga. Kanthi mekaten pandonga èstu-èstu saged dados ambeganing gesang kita. “Panjenenganipun namung satebihipun pandonga!”

Ing samadyaning manéka-warni karépotan dalah kawontenan ingkang boten mesthi ing jagad punika, kita kaèngêtakèn ugi bilih nalika kita dedonga sesarengan kita sinau nunggal ati lan pikiran kanthi ngiwakaken prabéda saha wontenipun cecongkahan ing antawisipun sesaming tiyang pitados. Ngantos pakulinan dedonga, boten namung kanggé maringi tuladha dhateng para muridipun Gusti Yésus ingkang ngupadi murih boten mlampah piyambakan rikala para murid punika ngadhepi momotan ingkang awrat. Ananging para murid ugi paring tuladha dhateng kita kadospundi patrap nyatunggil pranyata minangka cara tiyang pitados kanggé samidéné mbiyantoni kepara saiyeg ing pandonga kalawan ngrerantos janjinipun Gusti Allah ingkang badhé rawuh.

Kejawi punika, dedonga sesarengan ugi saged dados papaning mesu kapitadosan ingkang tinarbuka dhumateng kanyataning bebrayan agung ingkang wonten. Nalika sami tetunggilan kita saged nyariyosaken kanyatan lan momotan ingkang saweg kita adhepi sesarengan kanggé nglajengaken dalah manggihaken misinipun Allah ing tengahing jagad.

Kanthi mekaten, kita nunggal manah dedonga ngiras samidéne nyengkuyung pambanguning kapitadosan ingkang kita raosaken minangka para muriding Panjenenganipun ingkang saweg dados seksi ing satengahing jagad.

Dedonga sesarengan ugi saged dados wadhah anggèn kita sami ngakeni winatesing dhiri murih kita boten namung bereg sedhèrèk tunggil kapitadosan sesarengan nyengkuyung ananging ugi sesarengan mitadosaken gesang dhumateng Gusti. Salebeting pandonga sesarengan, Gusti rawuh lan kuwaos mulihaken gesang kita. Kepara rikala kita nggadhahi pangajeng-ajeng sesarengan salebeting ngrerantos wewadining Gusti Allah, dedonga sesarengan dadosaken kita sinau wanuh kaliyan Gusti salebeting katentreman murih tuwuhing kekiyatan lan pangajeng-ajeng gesang anyar sesarengan.

Dados saking Lelakoné Para Rasul 1: 6-14, mirungganipun ayat 14, kita sinau supados samidéne nyengkuyung, ngiyataken, minangka pakulinaning gesang pribadi, brayat, sarta patunggilaning kapitadosan kita. Pakulinan punika inggih minangka landhesan ingkang kiyat kanggé nyawisaken dhiri kita dados juru seksining Panjenenganipun dumugèng poncoting bumi. Mugi lumantar patunggilan pandonga dinten punika, kita nyawisaken dhiri minangka papan ingkang nganyaraken kapitadosaning sesami. Mugi Gusti Yesus mberkahi patunggilan kita: Nunggal ati lan pikir ing Gusti. Amin.

7. **PEPUJÈN: POP ROHANI**

Doa Mengubah Segala Sesuatu

<https://youtu.be/zWId3rZ131s?si=VdD2TOeOQwezYwBU>

Saat keadaan sekelilingku
 Ada di luar kemampuanku
 Kuberdiam diri mencari-Mu
 Doa mengubah segala sesuatu

Saat kenyataan di depanku

Mengecewakan perasaanku
Ku menutup mata memandang-Mu
Sebab doa mengubah segala sesuatu

Doa orang benar bila didoakan
Dengan yakin besar kuasanya
Dan tiap doa yang lahir dari iman
Berkuasa menyelamatkan

Seperti mata air ditangan-Mu
Mengalir ke manapun Kau mau
Tiada yang mustahil di mata-Mu
Doa mengubah segala sesuatu

Doa orang benar bila didoakan
Dengan yakin besar kuasanya
Dan tiap doa yang lahir dari iman
Berkuasa menyelamatkan

Seperti mata air ditangan-Mu
Mengalir ke manapun Kau mau
Tiada yang mustahil di mata-Mu
Doa mengubah segala sesuatu

8. PANDONGA

Kapérang-péranga warganing pasamuwan ingkang rawuh dados kelompok-kelompok. Saben kelompok kedadosan saking tigang priyantun.

Warganing pasamuwan ingkang rawuh kasuwun ngedumaken pokok pandonga dhateng kelompokipun, supados tiyang setunggal kelompok nyumerepi momotan ingkang saweg karaosaken wargaming kelompok sadèrèngipun sami dedonga. Salajengipun sami dedongaa kados pokok pandonga punika secara gegentosan:

- Dedonga murih pasamuwan sami nunggal ati lan pamikir, saiweg ing pandonga.

- Dedonga murih saben warganing pasamuwanipun Gusti tansah tumemen lan ngestokaken karsanipun Gusti Allah ing salebeting gesang pribadi, brayat, pasamuwan, lan paladosan sesarengan.
- Dedonga murih geréja dados lantaranipun Gusti ngudhari momotaning gesangipun warganing pasamuwan, lumantar pakempalan –pandongga samangké lan ing têmbé.

9. PEPUJÈN: POP ROHANI

TERIMA KASIH TUHAN

https://youtu.be/pN8I_sCwafk?si=hZlf2SlJiIU_3SXI

Terima kasih Tuhan
untuk kasih setiaMu
yang ku alami dalam hidupku

Terima kasih Yesus
untuk kebaikanMu
sepanjang hidupku

T'rima kasih Yesusku
buat Anug'rah yang Kau b'ri
s'bab hari ini
Tuhan adakan Syukur bagiMu

(yew – mgk)



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 6**

Waosan:
Jabur Masmur 68:1-10, 32-35

**Sami
Ngakenana
Panguwaosipun**
☪☪☪

1. WEKDAL SIDHEM

2. KIDUNG PAMBUKA

“Luhurna, Luhurna Asmanya”*

*Cakepan Agung Jatmiko miturut PKJ 2 “Mulia, Mulia Nama-Nya”

1 . 5 5 . | 5 . 1 1 1 | 1 . 6 6 . | 6 . 1 2 | 3 3 . 5 5 | 1 1 1 6 1 | 2 . . . | 2 . . . |
Lu-hurna lu-hur-na as-ma-Nya kon-juk Gusti panglembana puji sem-bah

1 . 5 5 . | 5 . 1 1 1 | 1 . 6 6 . | 6 . 4 3 2 | 3 . 3 2 1 | 2 . 2 1 7 | 1 . . . | 1 . . . |
Lu-hurna pa-ngwa-san-é Al-lah sing nga-lu-hur te-dhak donya li- nu-hur-na

7 1 | 2 . 5 7 1 | 2 . 2 1 2 | 3 . 2 1 . | 1 . 7 1 | 2 . 5 7 1 | 2 . 2 . . . |
Mulyakna li-nu-hur-na Sang Kris-tus Gus-ti Gus-ti-né pa-ra gus-ti Ra-

2 1 2 | 3 . . . 4 3 | 2 . . . | 1 . 5 5 . | 5 . 1 1 1 | 1 . 6 6 . | 6 . 4 3 2 |
tu-né pra ra - tu. Lu-hur-na lu-hur-na As-ma-nya Sang Pa-né-

3 . 3 2 1 | 2 . 2 1 7 | 1 . . . | 1 . . . ||
bus Ma-ha Su-ci Ma-ha A-gung

3. PANDONGA

4. PUJÈN ÈPIKLÉSÉ

KPJ 198:1–2 “Lampahing Gesang Puniki”

1. Lampahing gesang puniki tan kalis ing pepalang,
Nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang.

Kadya langit kalimputan mendhung kandel lan méga,
 Ing sasirnanira tamtu padhang njingglang sanyata
 Reff. Bibar jawah mijil kluwung, mengku janji prasetya;
 Sasisihing sisah ngantya kluwunging sih Njeng
 Gusti.

2. Lamun prahara anrejang, peteng ndhedhet limengan,
 Yakina trusing wardaya, dhatenging pitulungan.
 Rumentahing sihé Allah, cihnaning kawlsannya,
 Awit Gusti angandika, "Aja sumlang ing driya!"
 Reff.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Jabur 68:1-10, 32-35

6. ANDHARANING SABDA

“Sami Ngakenana Panguwaosipun”

Wonten ing gesang saben dinten, tuwuhing raos
 tentrem kebabar nalikanipun ningali sedaya ingkang dados
 sèndhènaning gesang sarwa gumathok. Nyumèndhèkaken
 gesang ing rumaketing sesambetan, kalenggahan,
 pengalaman, punapa déné kasudibyaning pribadi. Nalika
 sedayanipun lumampah rancak, rumaos saged ngadeg
 piyambak. Émanipun, nalika nampèni mawerni-werni
 karibedan lan panandhang; badhéa sesakit, kapitunan
 punapa déné prekawis ing satengahing brayat, pérangan
 kawitan ingkang tuwuh inggih punika pitakènan: *Sinten
 ingkang saged mitulungi? Pambudidaya punapa ingkang
 saged katindakaken? Awis-awis ingkang sami pitakèn:
 Punapa saèstunipun ingkang dados kersanipun Gusti Allah
 ing sadhéngah karibedan lan panandhang punika?*

Jabur 68 kaserat ing satengahing kawontenaning umatipun Israèl ingkang neksèni piyambak kados pundi pakaryanipun Gusti ingkang nyata ing pagesanganing umat. Ing satengahing gesang ingkang kebak karibedan, juru masmur ngémutaken bilih panguwaosing Gusti Allah boten namung téori kémawon ananging kasunyatan ingkang kebar ing pagesanganing umat. Juru masmur mbereg umat supados boten namung ngènget-ènget pakaryanipun Gusti ing mangsa kapengker ananging ugi sami ngakeni lan ngluhuraken panguwaosing Gusti ingkang tansah kebar ing dinten punika. Pangaken ingkang boten namung kèndel ing pocapan ananging ngoyod ing patraping kapitadosan ingkang tuwuh lan ngrembaka ing sauruting lampah sesarengan kaliyan Gusti Allah ingkang Maha Wisésa.

Jabur 68 punika kawiwitan kalayan pratélaning kapitadosan ingkang sanyata: *“Allah jumeneng, mungsuhé padha buyar.”* Nggambaraken bilih boten wonten panguwaos punapa kémawon ingkang lestari wonten ing ngarsanipun Gusti. Para mengsah kagambaraken kadosdéné kukus ingkang kabur sirna lan lilin ajèr; sanyata ringkih lan boten langgeng. (ayat 3). Wondéné panguwaosing Gusti punika langgeng; tansah makarya lan ngluwari. Mungguhing tiyang mursid, punika dados sumbering kabingahan lan kabagyan (ayat 4), nélakaken bilih panguwaosing Gusti Allah tansah ngener dhateng kaadilan, gesang, saha pamulihan.

Salajengipun, juru masmur ngémutaken panganthinipun Gusti dhateng umatipun nalikanipun sami lumampah ing ara-ara samun. Gusti Allah datan tebih lan datan kèndel, lumampah ing ngajenging umat, nuntun lan ngamping-ampingi ing kawontenaning gesang ingkang ringkih sanget (ayat 6-7). Malah alam jembar kagambaraken nanggapi kerawuhanipun Gusti, *“bumi gonjang-ganjing lan langit nurunaken jawah”* (ayat 9), mratélakaken bilih panguwaosing Gusti Allah nglimputi sagunging tumitah. Sinaosa makaten, panguwaosipun Gusti Allah ugi karaosaken ing pangrimating gesang padintenan ingkang sanyata: nyawisaken papan tumrap ingkang kasingkiraken,

maringi ayem tumrap ingkang kesayahen lan kamomotan, saha nyekapi kabetahaning gesang umat Kagunganipun.

Ing pérangan ingkang pungkasan, juru masmur jembaraken pangakening kapitadosan punika sacara wradin (*umum/universal*). Sedaya karajan ing jagad sami kabereg ngidungaken lan ngluhuraken kamulyanipun Gusti Allah. Panguwaosipun nglangkungi tapel watesing bangsa, kabudayan lan jaman (ayat 32-35). Pangaken menggahing panguwaosing Gusti Allah punika sanès peksan, ananging tanggapaning iman menggahing pengalaman tumrap pangrèhipun Gusti Allah ingkang maringi kekiyatan lan kasantosan dhateng Umatipun. Gusti Allah kagambaraken minangka sumbering kakiyatan ingkang sanyata ingkang nyantosakaken gesanging umat.

Ing jaman kemajengan ingkang sarwa boten gumathok punika nuwuhaken mawerni-werni prekawising gesang: ékonomi ingkang mbebayani, risaking sesambetan, pameteking gesang, lan sayahing spritual. Jabur 68 ngèngetaken bilih panguwaosing Gusti datan suda babar pisan. Gusti Allah ingkang mimpin umat ing satengahing arara samun, inggih Gusti Allah punika ugi ingkang taksih makarya ing pagesanganing umat ing dinten punika. Sami ngakeni panguwaosipun Gusti Allah ateges mapanaken Gusti Allah minangka sumbering pangajeng-ajeng, boten namung dados jejangkepaning kapitadosan. Pangaken punika kebar ing pandonga ingkang temen-temen; pitados ing salebeting karibedan, tuwin kesanggaman nelakaken paseksi lumantar gesang ingkang kebak pambangun turut. Mangsa Péntakosta mbereg para pitados nglengganani malih bilih panguwaosipun Gusti Allah kebar ing pakaryaning Sang Roh Suci ingkang nyantosakaken, ngayaraken saha ngébahaken pasamuwan. Ing pakempalan pandonga punika, sumangga kita boten ngemungaken nyadhong pitulunganipun Gusti, ananging ugi kalayan andhap asoring manah sami ngakeni: bilih Gusti Allah kita punika Gusti Allah ingkang Maha Kawasa, ing mangsa kapengker, samangké lan salami-laminipun. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 375:1–2 “Dhuh Gusti Pangayoman Kawula”

1. Dhuh Gusti, pangayoman kawula.
 Wiwit anem kawula, dados tameng rumeksa;
 Wiwit wonten kandhutan, etuking sih nugraha.
 Reff. Sampun tinégakken ngantos sepuh kawula, Gusti;
 sampun tinilar kala badan sangsaya ringkih,
 dimèn kawula mboten ingina sarta datan
 nalangsa,
 krana Paduka pangayoman kawula.
2. Dhuh Gusti, pangayoman kawula,
 Paduka trus pinuji, tan kendhat saben wanci
 Jer pakaryan Paduka sawendah wah prayogi.
 Reff.

8. PANDONGA

- Ngaturaken pamuji sokur awit panguwaos lan
 panggulawenthahipun Gusti Allah ing pagesangananing
 umat.
- Nyadhong kasantosaning kapitadosan murih
 kasagedaken ngakeni panguwaosipun Gusti Allah ing
 salebeting panggulet, pérangan ingkang sarwa boten
 gumathok lan tantanganing gesang.

9. PUJÈN PANUTUP

KPJ 71:1–2 “Duk Nyipati Gung Pakaryaning Gusti”

1. Duk nyipati gung pakaryaning Gusti
 Lintang abyor ing dalu kang sepi,
 Wah gumlegering gludhug ing akasa,
 Kula ngungun gunging kamulyanta.
 Reff. Nyawa kula gya sumyak sung puja,
 Yekti Allah mahakwasa.
 Nyawa kula gya sumyak sung puja,

Yekti Allah mahakwasa.

2. Lamun nlasak tengahing wana-wasa
Sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
Gung gumelar sesawangan adi.
Reff.

(cpba-aj)



BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 7

Waosan:
1 Pétrus 4:12-14; 5:6-11

Ing
Sawingking
Kasangsaran
☪☪☪

1. WEKDAL SIDHEM

2. PUJÈN PAMBUKA

KPJ 145 “Yèn Praharaning Urip Anerjang”*

**dipun larasaken dening Agung Jatmiko miturut PKJ 285 “Bila Badai Hidup Menerpamu”*

0 5.5|5.3|3̣2 1 2.1|1 1. |0 5.5|5.3 3.2 3 .1| 2 2|
Yèn praha-ra-ning u-rip a-nerjang lan pa-co -ba-né nyerang ngru-suh-i

0 5.5| 5.3|3̣2 1 2.1|1 1. |0 5 1 2|3.2 3|3 1 2 .1|1. |
Nging kasetya-né Gusti ngayomi prasetyane Gusti i-ku te-guh

0 5.5|5.3|3̣2 1 2.1|1 1. |0 5.5|5.3 3.2 3.1| 2 2|
Nadyan gunung gunung padhajugruk tengger tengger kabèh pa-dha ho-reg

0 5.5| 5.3|3̣2 1 2.1|1 1. |0 5 1 2|3.2 3|3 1 2 .1|1. |
Ngingkase-tyané Gusti ngayomi ru-meksa ji-wa mu te-tep te-guh

0 5|6 .5|6.5 6 ì|5 5. |0 3 4 5|6 .5|6.5|6.5 6 ì| 5 5. |
Ngendel-na prasetya-né Gusti a-ja nganti u-wal ri -na ka-la-wan ra tri

0 5|6 .5|6.5 6 ì|5 5. |0 3 5|5 .3|3.2 3.1|2. |2.2.2 5. |*
Singkir -na we-di lan kuwatir Gusti kang darbèni u-rip mu u-rip mu

**kembali ke Nadyan gunung... baris terakhir Rumeksa jiwamu.... diulangi dua kali.*

3. PANDONGA

4. PUJÈN EPIKLÈSÈ

KPJ 446: 1–2 “Nalika Ngambah Margi Kang Sepi”

1. Nalika ngambah margi kang sepi,
Giris uwas manah kula.
Sampun nilar kawula dhuh Gusti,
Mugi tansah angamping ampingi.
Reff. Mlampah pyambak datan kedugi
Gusti mugi anganthi
Mrih gesang maédahi sesami
Wah mulyakaken asmané Gusti

2. Kawula kesandhung ngantos dhawah,
Karana karaos sayah
Gya kula rangkul salibé Gusti,
Wit sihnya kula manggih basuki.
Reff. ...

5. PAMAOSING KITAB SUCI: 1 Pétrus 4:12-14; 5:6-11

6. ANDHARANING SABDA

“Ing Sawingkinging Kasangsaan”

Prasasat boten wonten satunggal kémawon tiyang ingkang purun sangsara. Wonten ing lelampahaning kapitadosan, mawerni-werni pakèweding gesang asring dados lantaraning Gusti Allah mbabar pakaryanipun. Asring urut-urutaning tumindak anggènipun mlampah mboten nglangkungi kawontenan ingkang sarwa éca lan sekéca ananging malah nglangkungi kasangsaan. Kasangsaan punika mujudaken pengalaman ingkang mboten kita ajeng-ajeng. Nalika gesang mlampah cengkah kaliyan pangajeng-ajeng, njalari pandonga karaos awrat, wangsulanipun Gusti karaos kasèp. Lajeng sami pitakèn: Sebab punapa sedaya kasangsaaning gesang punika kelampahan? Malah kita asring ngraosaken bilih Gusti Allah punika tebih lan tambah.

Nalika kita umatipun Gusti ngantepi gesang ndhèrèk Sang Kristus saha kita nggadhahi kapitadosan dhateng Panjenenganipun, boten ateges kita uwal saking kasangsaran; malah awit kita tetep setya saha njagi kapitadosan, kita saged kémawon ketaman kasangsaran. Punika nélakaken bilih kasangsaran punika péranganing gesang saking lelampahaning kapitadosan ingkang dipun parengaken déning Gusti Allah, kados ingkang kaserat ing 1 Pétrus 4:12, ingkang ngewrat pituturipun Rasul Petrus supados kita *“aja padha gumun marang panasing geni siksian kang nekani kowé minangka pandadaran, kaya-kaya ana bab kang ora lumrah kang namani kowé.”* Kasangsaran sanès pratanda bilih Gusti Allah nilar umatipun, ananging pérangan ingkang datan pinisah saking lelampahaning kapitadosan. Kadyo pasamuwan wiwitan ingkang nampèni mawerni-werni pameteg, panampik lan panganiaya jalaran kapitadosanipun dhumateng Gusti Yésus. Sanajan ta makaten, wonten ing 1 Pétrus 4:14, Rasul Pétrus malah mituturi bilih *“Rahayu kowé, manawa kowé padha diwewada marga saka asmané Gusti Kristus, amarga Rohing kamulyan yaiku Rohing Allah dumunung ana ing kowé.”*

Kalamangsanipun kita kepéngin sanget supados Gusti énggala ngluwaré kasangsaran kita. Ananging pangandikanipun Gusti ngémutaken bilih wonten rancanganipun Gusti ingkang badhé dipun tindakaken. Kasangsaran nggegulang umat supados langkung wanuh dhateng dhirinipun piyambak, nglengganani kawontenanipun ingkang sarwa winates, saha mbereg supados kita langkung pasrah lan sumarah dhumateng Gusti Allah. Punapa kémawon ingkang boten saged kita kendalèni, kita aturaken wonten ing ngarsanipun Gusti ingkang murba wasésa gesanging umat. Awit saking punika, ing 1 Pétrus 5:6-7, kita sami kabereg ngasoraken sarira ing sangandhaping astanipun Gusti Allah ingkang santosa lan masrahaken sedaya was lan sumelang ing Panjenenganipun. Adhapa asoring manah sanès pratandhaning karingkahan,

ananging pangakening kapitadosan bilih kita sedaya mbetahaken Gusti. Ing 1 Pétrus 5:10 ngémutaken bilih nalikanipun kita suméndhé ing Gusti, Sang Roh Suci kepareng mitulungi murih kita lestantun sumanggem sanajan kawontenanipun dèrèng wonten éwah-éwahan. Rasul Petrus ugi ngémutaken bilih kasangsaran punika boten kaleksanan salami-laminipun. Gusti Allah piyambak ingkang kepareng njangkepi, neguhaken, nyantosakaken lan ngekahaken kita. Inggih punika prasetyaning Gusti dhateng pasamuwan lan sedaya tiyang ingkang pitados: ing sawingkinging kasangsaran wonten pamulihan saha tuwuhing gesang karohanèn. Punapa anggèn kita nampèni kasangsaran nganggep bilih punika bebendunipun Gusti, utawi kepareng sami sinau mawas punika minangka urutaning tumindakipun Gusti mbangun iman kita? Saking pangandikanipun Gusti dinten punika kita sami kabereg tansaha kumandel bilih ing sasisihing kasangsaran, Gusti Allah mbabar pakaryanipun. Sang Roh Suci rawuh boten ngemungaken maringi panglipur ananging ugi ndhapuk kapitadosan kita sangsaya kandel. Kita sami kabereg sampuna ngantos gesang kalimput ing raos was lan sumelang. Ampun sumelang nalikanipun kasangsaran anempuh, kados-kados Gusti Allah négakaken. Kasangsaran sanès tandhanipun bilih Gusti Allah nilar gesang kita, ananging minangka péranganing lampahipun kapitadosan. Kita sami tinimbangan kanggé jumaga, boten kèrem ing raos ajrih lan tansah sumarah dhumateng Gusti Allah. Ing satengahing kasangsaran, tansah kumandel bilih Gusti Allah tansah makarya, bilih kasangsaran datan nglangkungi kekiyataning umat, kapitadosan nyawabi kawula ngraosaken tentrem lan masrahaken gesang sawetahipun dhateng Panjenenganipun. Awit Gusti Allah tansah nganthi lan ngamping-ampingi. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 123: 1–2 “Kula Pitados Mring Gusti”

1. Kula pitados mring Gusti, peparang ingkang kekah.
Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah.
Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos.
Prahara nguber jaladri, kula tatag ing batos.
Reff. Kula tan was-sumelang;
Gusti tan nilar kula.
Wajib kawula cumadhang,
Gesang manut sabdanya.
2. Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya.
Ngrerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing pandonga.
Siyaga tansah leladi ing sakatoging driya.
Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada.
Reff.

8. PANDONGA

- Ing salebeting kasangsan boten dipun kuwaosi ing raos sumelang ananging tansah jumaga lan tanggon ing kapitadosan.
- Ing pangguleting gesang tansaha nampi kakiyatan lan panglipur saking Roh Suci satemah pasamuwan tansah setya tuhu lan sumarah ing Gusti Allah.

9. PUJÈN PANUTUP

KPJ 138: 1–2 “Sang Kristus Tameng Santosa”

1. Sang Kristus tamèn santosa,
Nguwalken saking rubéda.
Nèng jroning bebaya pati,
Gusti kang badhé nulungi.
Reff. Sang Kristus peparang tansah ngayomi,
Angayomi, angayomi,
Ampingan kula jroning prahara,
Pangungsèn ingkang santosa
2. Sang Kristus Pangèn kang setya
Anggiring sagung méndanya

Mring parumputan lan toya
Nebihken saking bebaya.
Reff.

(bap-aj)



BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 8

Waosan:
Yokanan 17:1-17

Pandongang Kula kanggé Jagad



1. WEKDAL SIDHEM

2. PUJÈN PAMBUKA

“Gusti Mugi Rawuh”*

**Cakepan Agung Jatmiko miturut gedhèng Batak “Sigulempong”*

1 1 2 1 2 | 3 1 0 1 1 | 2 . 1 2 | 3 5 5 5 |
Gus-ti mu-gi ra-wuh de - da - lem ing ma-nah ku-la nggih
ngan-ti Tu - an tan-sah mben wa - yah sa-lam-pah ku-la nggih

3 3 2 1 2 | 3 1 0 1 1 | 2 . 1 2 | 3 3 2 1 2 1 | 1 . | 1 0 5
pa-mu-ji-ning-tyas kula mung Pa-du-ka sa-mangké sa-la-mi-ni-pun Pa-
é - ner-ing margi ku-la mung Pa-du-ka sa-mangké sa-la-mi-ni-pun

Reff.

6 6 . 6 | 5 3 2 3 5 | 5 . | 0 3 3 5 | 6 6 . 6 | 5 3 2 3 5 | 5 .
Ra-wuh-a dhuh Al - lah ngan-thi lampah ka-wu-la tan - sah

0 5 1 2 | 3 . 2 3 . 2 | 3 . 2 3 . 1 | 2 . |
Wit mung Pa-du - ka pa - mu-ji lan ka - mul-yan

0 5 1 2 | 3 . 2 3 . 2 | 3 . 2 3 . 1 | 1 . | 1 0 ||:
Pa-nga-yom langgeng ngan-tos pu-put-ing ja-man

3. PANDONGA

4. PUJÈN ÈPIKLÈSÈ

KPJ 435:1 - 2 “Gustimu Keparèng Mundhut”

1. Gustimu kepareng mundhut
Papan anèng atimu
Resikana dimèn patut,
Gusti karsa lumebu!
Reff. Rungokna pangandikanya,
Aja padha semaya!
Nyawisna papan mring Gusti
Anèng sajroning ati!
2. Tan liya, kersané Gusti
Mitulungi wong dosa;
Kang wus karsa mbukak ati
Dadya padalemannya.
Reff.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yokanan 17:1–17

6. ANDHARANING SABDA

“Pandonga Kula kanggé Jagad”

Pitakènan Pirembagan

1. Kaping pinten kita ndedonga saben dintenipun?
2. Nalikanipun kita ndedonga, punapa kémawon ingkang kita tindakaken?
3. Sinten kémawon ingkang kita dongakaken wonten ing pandonga kita: dhiri kita piyambak punapa ugi tiyang sanès?

Migatosaken tigang pitakènan ing nginggil, sinaosa kita kasuwun ngonjukaken pandonga syafaat, rak inggih asring pokok pandonga kita saèstunipun langkung kathah pandonga ingkang katujokaken kanggé dhiri pribadi tinimbang kanggé sanèsipun? Kita ndedonga kanggé padamelan kita piyambak, pasinaon kita piyambak, brayat kita piyambak, geréja kita piyambak, kalebet pendhitanipun piyambak. Temahan ingkang dados enering pandonga sanès

ngupadi kersanipun Gusti, ananging mligi murih Gusti Allah nyembadani punapa ingkang dados panyuwunan kita. Kamangka, nalikanipun kita ngonjukaken pandonga, saèstunipun punika dados wewengan kanggé kita mbangun sesambetan raket kaliyan Gusti, boten namung mapanaken pandonga minangka pirantos kanggé meksa Gusti murih njurungi punapa ingkang dados pikajeng kita.

Saking waosan injil Yokanan dinten punika, mbereg kita nupiksani bilih pandonga ingkang dipun aturaken Gusti Yésus, eneripun namung dhumateng Gusti Allah, Ramanipun. Ing salebeting Pandonganipun, Gusti Yésus miyarsakaken ancasing kersanipun Gusti ingkang kebarbar wonten ing rawhipun Gusti Yésus ing satengahing jagad. Samboten-mbotenipun, wonten kalih pokok pandonganipun Gusti Yésus ingkang dipun ngendikakaken lan dipun wucalaken dhateng kita. Kapisan, Panjenenganipun ndedonga murih patunggilan ing antawisipun Gusti Allah Sang Rama kaliyan Gusti Yésus sangsaya raket datan pinisah. Saking pandonga punika, Gusti Yésus nélakaken bilih Sang Rama lan Gusti Yésus ndarbèni tetunggilan ingkang raket sanget. Awit saking punika, sampun samesthinipun Gusti Yésus ngandika, bilih “*sadaya gadhahan Kawula inggih kagungan Paduka sarta kagungan Paduka inggih gadhahan Kawula.*” (ayat 10). Punika nedahaken bilih wonten sesambetan punapa déné patunggilan ingkang datan pinisah ing antawisipun Gusti Allah Sang Rama lan Gusti Yésus Kristus. Makaten ugi prayoginipun para sakabat mbangun patunggilan satunggal lan sanèsipun, ingkang pangiketipun boten sanès inggih katresnanipun Gusti Allah piyambak.

Kaping kalih, Gusti Yésus ndongakaken para sakabat murih tansah kumandel dhateng Panjenenganipun. Malahan ing ayat 9 sacara mirunggan Gusti Yésus ndedonga namung kanggé para sakabat kémawon, mboten kanggé jagad. Ing pérangan pangandika punika cetha nélakaken ancasing Gusti Yésus tedhak ing jagad inggih punika

ingkang sepisan, inggih kanggé para sakabat. Laras kaliyan pandonganipun Gusti Yésus ingkang wiwitan, inggih punika ing pundi wonten patunggilan ing antawisipun Gusti Yésus kaliyan Sang Rama, makaten ugi pamujinipun Gusti Yésus supados para sakabat kumandel dhumateng Gusti Yésus saha ugi kumandel dhumateng Allah Sang Rama. Punika ateges bilih para sakabat kabereg boten namung tepang Gusti Yésus minangka manungsa, ananging langkung saking punika, tepang Gusti Yésus minangka Sang Juru Wilujeng kanggé gesangipun. Lan saking anggènipun wanuh kaliyan Gusti Yésus, badhé mbekta para sakabat anepangaken asmanipun Gusti Yésus dhateng jagad. Pawadan sanès ingkang saged kaaturaken kénging punapa kok Gusti Yésus namung ndedonga kanggé para sakabat, mboten kanggé jagad, punika boten ateges Gusti Yésus boten preduli dhateng jagad, ananging amargi kawontenanipun Gusti Yésus ingkang ugi titah sawantah, manungsa setunggal atus persèn manungsa, jalari Panjenenganipun namung saged pinanggih kaliyan sekedhik tiyang kémawon ingkang wonten ing sacelakipun, satemah boten sedaya tiyang ing jagad punika ugi wanuh kaliyan Gusti Yésus. Awit saking punika pandonganipun Gusti Yésus, supados para tiyang ingkang sampun wanuh kaliyan Panjenenganipun sageda anepangaken Gusti Yésus dhateng jagad. Malah, ing ayat 13–18 Gusti Yésus nandhesaken bilih Panjenenganipun sanyata tresna dhateng para sakabat, nyuwun supados Gusti Allah Sang Rama, ngayomi saha nyembadani para sakabat ingkang dipunutus dhateng jagad punika.

Saking kalih péranganing pirembaran punika, kita sedaya kalebet para tiyang ingkang dipun dongakaken déning Gusti Yésus. Kita sami kabereg tansaha manunggal kadosdéne Panjenenganipun, saha ugi nggelaraken punapa ingkang dipun kersakaken Gusti Allah dhateng jagad. Satemah pokoking pandonga kita dhateng Gusti sampuna namung pandonga kanggé dhiri kita piyambak, ananging ugi kadospundi kita sedaya saged ngraosaken saha

nglajengaken katresnanipun Gusti Allah dhateng jagad ingkang dipun tresnani Gusti. Pitakenipun: punapa kita sedaya minangka sakabatipun Gusti Yésus, samekta nglestantunaken patunggilaning katresnan punika, saha salajengipun mbacutaken katresnan punika dhateng jagad murih jagad sami wanuh kaliyan Panjenenganipun, laras kaliyan Pandonganipun Gusti Yésus?

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 425: 1–3 “Akèh Sruning Pasambat”

1. Akèh sruning pasambat, tilingna!
mbutuhaké sih rahmat, tilingna!
Reff. Gusti nimbali sira dadya duta sembada
Mbabarken sih rahmat, tilingna
2. Akèh wong padha nguwuh, tilingna!
Mbutuhhaké pangrengkuh, tilingna!
Reff. ...
3. Akèh wong padha ngresah, tilingna!
Butuh lubèring berkah, tilingna!
Reff. ...

8. PANDONGA

- Nélakaken pandonga murih abdinipun Gusti minangka sakabatipun Gusti Yésus tetep nglestantunaken patunggilan.
- Ndedonga kagem patunggilaning abdinipun Gusti murih sangsaya wanuh kaliyan Gusti Yésus lan nepangaken Gusti Yésus dhateng jagad.

9. PUJÈN PANUTUP

KPJ 429:1–2 “Dhawuhé Gusti”

1. Dhawuhé Gusti Yésus mring pra sakabat,
"Padha lungaa wartakna Injil ing sajadag;

sakèhing bangsa padha dadèkna murid-Ku."
Gusti mesthi bakal nunggil salakumu.
Reff. Payo padha lunga ngabarké Injilé Gusti
Mring manungsa ing salumah ing bumi,
Dimèn pracaya lan nampani kaslametan;
Tansah bungah muji Allah, wit dadi bala kaswargan

2. Janjiné Gusti Yésus mring pra sakabat,
Bakal paring Roh Suci Juru–Pirembag,
Kang njalari kasektèn kanggo leladi,
Temah setya neksèni asmané Gusti.
Reff.

(waw-aj)

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 9

Waosan:
Jabur Masmur 104:24-34, 35b

Pangibadah
ingkang
Gesang
☪☪☪

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 30 Swawi P'ra Kadang

- 1) Samya pra kadang sami agiranga
Disora-sora angalembana
mring Gusti kita Kang Mahawilasa
- 2) Sihé Pangéran mring kita pra umat
tanpa wilangan wah tanpa kendhat
yogya pinuja lan pinundhi-pundhi
- 3) Kita tyang dosa, nging Allah ngaksama,
krana Kang Putra sinalib séda
mara* resepna kanthi trusing driya
- 4) Sihé Pangéran yogya dèn imbangi
srana kasetyan, tresna, wah bekti
Srahna tyasira konjuk maring Gusti!
- 5) Swawi prasuci temen anglampahi
préntahing Gusti, Gusti prajanji
tansah nulungi srana Sang Roh Suci

*mara = ayo

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 198. Lampahing Gesang Puniki

1) Lampahing gesang puniki tan kalis ing pepalang,
nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang.
Kadya langit kalimputan mendhung kandel lan méga,
ing sasirnanira temtu padhang jingglang sanyata.
Ref.: Bibar jawah mijil kluwung mengku janji prasetya,
Sasisih ing sisah ngantya kluwunging sih Njeng
Gusti.

2) Lamun prahara anrejang , peteng ndhedhet limengan,
Yakina trusing wardaya dhatenging pitulungan.
Rumentahaing sihé Allah, cihnaning kawlasannya,
awit Gusti angandika: “Aja sumlang ing driya!”
Ref.:

3) Aywa mangu miwah kwatir, nadyan peteng marginya,
dipun mantep ing pracaya, setya ing janjinira.
Gusti ingkang Mahatresna, yéku tukung pitulung;
nadyan sisah kumawasa, Gusti tansah anjangkung.
Ref.:

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Masmur 104:24-34, 35b

6. RENUNGAN

“Pangibadah ingkang Gesang”

Nalikanipun tiyang wiwit kécalan maknaning pangibadah, inggih ing wekdal punika piyambakipun ngalami *dryness* utawi garing secara spiritual. Ing kawontenan *dryness* punika, tiyang badhé rumaos tebih

saking Gusti, mboten manggihaken Gusti ing pangibadah, nindakaken pangibadah minangka rutinitas/kalimrahan, malah ndadosaken pangibadah minangka momotan. Pangibadah mboten dados kalodhangan kanggé pepanggihan ing antawis kita kaliyan Gusti Allah malih, nanging minangka papan kanggé mbujeng kamareman pribadi. Asring, kita tiyang pitados ngeneraken dhateng tèknis ibadah kadosta gaya musik, dangunipun kotbah, utawi anggèn kita tumut ing peladosan. Pangibadah mboten kaeneraken sacara penuh kanggé ngluhuraken Gusti, nanging kanggé nuruti *selera*/karemenan kita. Pramila, penting tumrap kita tiyang pitados ngénggalaken malih pemahaman kita ing bab pangibadah lantaran Masmur 104:24-34, 35b, supados pangibadah ingkang kita tindakaken dados pangibadah ingkang gesang.

Jangkepipun, Masmur 104 nélakaken kaagunganipun Gusti ingkang maujud wonten ing titahipun. Juru masmur nggambaraken Gusti Allah minangka Ingkang nitahaken lan Ingkang ngrimati sedaya alam raya srana kawicaksananipun. Mliginipun ayat 24-35 kapérang dados tigang pérangan. Kaagunganipun Gusti Allah kagambaraken déning juru masmur ing ayat 24-26. Juru masmur ningali kathahipun pakaryaning Gusti ingkang katitahaken kanthi kebak ing kawicaksanan, temah bumi kapenuhan déning titah ingkang manéka-warni. Seganten ingkang wiyar kanthi sedaya isènipun, wiwit makluk alit ngantos lewiatan, dados simbol panguwaosipun Gusti Allah ingkang ageng sanget. Lajeng juru masmur ugi ningali wontenipun rélasi ingkang sami-déné gumantung ing antawisipun titah lan Gusti Allah ing ayat 27-30. Sedaya makluk kagambaraken ngantos-antos Gusti Allah kanggé nampi tetedhan lan gesang ing titi wancinipun. Bab punika nélakaken bilih gesanging titahipun Gusti sawetahipun gumantung wonten ing pangrimatipun Gusti Allah.

Wusananipun, kasadharan ing bab kaagungan lan pangrimatipun Gusti Allah mbetahaken tanggapan ingkang trep saking manungsa. Ing ayat 31-35, juru masmur

nandhesaken bilih nyanyian, masmur, lan perenungan ingkang katindakaken déning manungsa sewetahipun kaeneraken dhumateng Gusti. Sedaya punika mujudaken pangucap sokur lan kabingahan awit pakaryan sarta pangrimatipun Gusti. Menawi pangibadah kaibarataken minangka satunggaling tontonan téater, pelados pangibadah jejeripun minangka sutradhara, warganing pasamuwan minangka aktor, lan Gusti minangka penonton. Srana mekaten, pusering pangibadah mboten kanggé nglipur utawi damel maremipun pasamuwan, nanging kanggé damel renaning penggalhipun Gusti lan ngluhuraken Asmanipun.

Ningali seratanipun juru masmur, pangibadah saged kita pahami minangka tanggapan ingkang kawujudaken ing bakti lan ucap sokur awit kaagungan lan pangrimatipun Gusti Allah ing gesang kita. Tembung ibadah ing basa Ibrani *avodah* (עֲבוּדָה) ngemu teges ingkang lebet ingkang ateges bakti, peladosan, pangabdèn, lan padamelan. Pramila, dhateng ing pangibadah sejatosipun dhateng kanggé ngabakti dhumateng Gusti Allah, mboten kanggé pados kamareman pribadi. Langkung wiyar malih, sesambetan kaliyan agami Yahudi, pangabdèn dhumateng Gusti mboten saged kapisahaken saking padamelan sadinten-dinten. Bab punika nélakaken bilih padamelan ingkang limrah dados wujud ing pangibadah menawi katindakaken kanthi manah kanggé ngladosi Gusti lan sesaming manungsa.

Kanthi pemahaman bilih pangibadah punika wujud ing bakti kita dhumateng Gusti, mila pangibadah mboten badhé dhumawah dhateng *kekeringan* spiritual (*dryness*). Pangibadah mboten dipun lampahi minangka rutinitas ingkang kothong lan garing, nanging minangka tanggapan iman tumrap kaagungan lan pangrimatipun Gusti. Kasadharan punika mitulungi tiyang pitados kanggé nglampahi pangibadah ingkang wonten maknaipun lan sinambung (*berkelanjutan*). Srana mekaten, pangibadah ingkang kita tindakaken dados pangibadah ingkang gesang, dados ing pangibadah liturgis punapa-déné ing padamelan sadinten-dinten. Amin.

7. KIDUNGAN

KPJ 347 Papan Pangibadah

- 1) Papan pangibadah saèstu ngangeni,
kawula sami ngabekti, ngraosken nunggil lan Gusti,
ngluhurken asmanya, mirengken sabdanya.
Ref.: Mareka, mareka kanthi manah tulus memuji
Nampi berkahing Gusti, mrih saged mbabarken
tresna.
- 2) Papan pangibadah, papan ingkang adi,
mangga nggumolongken manah, nyuwun manteping
pracaya,
mrih wantun neksèni sih-rahmating Gusti.
Ref.:
- 3) Sing papan punika kababara yekti,
pratandha Kratoning Allah sumrambah mring tyang
kathah,
temah tiyang sajadad nembah Kang Murbèng rat
Ref.:

8. PANDONGA

- Ngucap sokur awit katresnan, pangrimat, lan pangrèhipun
Gusti ing gesangipun umat.
- Masrahaken sawetahing gesang, dadosa ing salebeting
pangibadah punapa-déné ing gesang padintenan supados
tansah karenan ing ngarsanipun Gusti.

9. KIDUNGAN

KPJ 160 Gusti, Kawula Ngaturken Badan Nyawa

- 1) Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula,
Sumangga Paduka agem kawula kagunganta.
Ref.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
Dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah paduka.

- 2) Datan wonten andel-andel namung Paduka Gusti;
Mila kawula kumandel pasrah kang trus ing ati.
Ref.:
- 3) Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan
Kagama dados lantaran babaring kabingahan.
Reff.:

(tpp-wms)



BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 10

Waosan:
1 Korinta 12:3b-13

Tunggil
Manah


1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 14 Kula Samya Tetunggilan

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan.
Ref.: Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja
- 2) Kula rinoban ing begja rinten-dalu tan kendhat,
ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat.
Ref.:
- 3) Kula rinimat ing Gusti, sarta saguning titah,
mangsa kang silih-gumanti, samukawis mung éndah.
Ref.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 288 Sang Roh Suci Dedalem ing Ati

- 1) Sang Roh Suci dedalem ing ati,
Amrih tyang gesang énggal sejati,
tumemen olah katresnan, wah karoban kabungahan,
Sang Roh Suci dedalem ing ati

- 2) Sang Roh Suci dedalem ing driya,
temahan gesang tentrem-raharja,
sabar, sarèh, paramarta, kautamèn dèn tengenna.
Sang Roh Suci dedalem ing driya.
- 3) Sang Roh Suci dedalem ing ati,
damel tyang pitados setya-bekti,
andhap-asor, alus budi, saged ngemudhèni dhiri.
Sang Roh Suci dedalem ing ati.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: 1 Korinta 12:3b-13

6. RENUNGAN

“Tunggil Manah”

Ing gesang padintenan, kita asring sanget gesang sesarengan kaliyan tiyang-tiyang ingkang béda. Kados wonten ing geréja, temtu kita pepanggihan kaliyan mawarni-warni tiyang ingkang béda karakteripun (kalakuanipun), wawasanipun, lan céngkok (*gaya*) anggènipun lelados. Wonten ingkang trampil mimpin lan wonten ingkang setya tandang damel ing sawingkinging layar. Wonten ingkang trengginas nalikanipun kedah netepaken putusan lan wonten ugi ingkang prelu wekdal kanggé nenimbang. Temah ingkang béda-béda punika gampil sanget nuwuhaken dredah (*konflik*).

Mangga kita gambaraken raganing manungsa. Mripat mboten mèri dhateng tangan lan suku mboten rumaos langkung penting tinimbang jantung. Saben péranganing badan nggadhahi piguna utawi paédah ingkang béda nanging sedayanipun makarya kanggé gesangipun badan setunggal. Nalika wonten pérangan ingkang tatu, saranduning badan badhé ngraosaken sakit. Nalika setunggal pérangan kakiyataken, saranduning badan tumut nikmati asilipun. Pengalaman punika mitulungi kita ngrumaosi bilih

gesang sesarengan panci mboten tansah gampil. Punapa ingkang béda dados tantangan tumrap kita kados pundi kita saged sinau ngasoraken manah lan mbuka papan kanggé sesami.

Pangandikanipun Gusti ingkang kita waos saking 1 Korinta 12:3b-13 mijil saking kawontenan ingkang saèmper. Pasamuwan Korinta punika pasamuwan majemuk ingkang sugih ing peparing temah kawontenan ingkang béda punika dados pawadan kanggé sami-déné mbandhingaken dhiri lan rumaos dhiri pribadi langkung penting katimbang sanèsipun. Rasul Paulus ngènetaken bilih dhasar gesanging iman sanès peparing ingkang mligi, nanging pangaken ingkang sami “*Yésus iku Gusti*” (ayat 3b). Srana mekaten, ingkang nunggilaken pasamuwan sanès kasagedan, posisi, utawi anggènipun nindakaken paladosan nanging Sang Kristus pribadi.

Rasul Paulus nglajengaken kanthi nandhesaken bilih wonten mawarni-warni peparing, paladosan, lan pandamel nanging sedayanipun sumberipun saking Gusti Allah ingkang sami (ayat 4-6). Saben peparing kaparingaken kanggé kapentingan sesarengan, mboten kanggé ngunggulaken dhiri (ayat 7). Lantaran gegambaran badan, rasul Paulus mitulungi pasamuwan ningali bilih warganing pasamuwan sampun kabaptis ing Roh setunggal dados badan setunggal (ayat 12-13). Wontenipun béda-bédaning peparing sanès pawadan/alesan dados pecah, nanging inggih mekaten caranipun Gusti Allah mbangun gesang sesarengan ingkang sami-déné anjangkepi.

Pangandikanipun Gusti dinten punika ngajak kita ngaca/ngilo. Wonten ing gesang masamuwan utawi masarakat, punapa kita saèstu gesang nunggil badan? Punapa tanpa sadhar kita taksih mbandhingaken dhiri, rumaos langkung penting, utawi malah nebih awit rumaos mboten kabetahaken? Gesang nunggil manah mboten ateges sedaya kedah sami, nanging sumadya lumampah sesarengan ing salebeting Roh ingkang sami. Manuggil secara tata lair inggih punika nalika kita purun mirengaken, ngaosi, lan suka

papan kanggé nampi wontenipun béda-bédaning peparing ingkang dipun paringaken déning Gusti.

7. KIDUNGAN

KPJ 348:1-2 PASAMUWAN KANG NYAWIJI

- 1) Pasamuwan kang nyawiji, netepi sabdaning Gusti' dadya paseksi sanyata, Yésus yéku Sang Pamarta. Sih-rahmating Allah tumrah maring sagunging tumitah. Saliring tyang kang pracaya, basuki gesangira.
- 2) Pindha badan mung sajuga, nging kathah péranganira. Pasamuwan kang manunggal, ambabarken gesang kang énggal, Sami-déné mbiyantoni, wit sih-sinihan lestari, tunggal ati tunggal Gusti, nengsemken mring sesami.
- 3) Peparang kang béda-béda dadya pisungsung kang adya, mrih kamulyaning Pangéran; wah majenging pasamuwan. Sinangkul kang karépotan, nyingkiri mring pasulayan, mrih tuwuhing kamursidan, nggayuh maring kasampurnan.
- 4) Pasamuwan kang nyawiji neksèni Injiling Gusti; nglantarken sihing Pangèran datan mawang mring salir tyang; mbélani tyang kang sangsara, nadyan béda ing pracaya, karena ajining manungsa citrèng* Allah Makwasa.

citrèng* = citraning, gambaring

8. PANDONGA

- Nyuwun dhumateng Gusti supados Roh Suci mitulungi umatipun Gusti saged gesang tunggil badan ingkang sami-déné anggènipun ngaosi wontenipun bab-bab

ingkang béda lan setya ngladosi amrih kapentingan sesarengan.

- Nyuwun dhumateng Gusti supados umatipun Gusti saged ngrampungaken konflik awit wontenipun bab-bab ingkang béda ingkang saged muncul ing antawisipun umat kanthi tetep bekta bedhami ing pundi sihipun Sang Kristus angrèh.

9. KIDUNGAN

KPJ 290 Sang Roh Suci Rohing Agesang

1. Sang Roh Suci rohing agesang
mugi nyagedna pasamuwan,
mbabar adil lan bebener nyata,
wah bebrayan tentrem raharja.
2. Sang Roh Suci, rohing pepadhang
saèstu nuntun pasamuwan,
tansah martosken Injil suci,
nglubèrken berkah mring sesami.
3. Sang Roh Suci, rohing kanyatan,
mugi nggigaha pasamuwan,
klayan tulus masrahken dhiri,
mrih pulihing Pirdus ing bumi.

(sk-wms)



LPP SINODE GKJ DAN GKI SW JATENG

“NGATURAKEN PANUWUN AWIT PANYENKUYUNG SAHA KATRESNANIPUN GERÉJA-GERÉJA, BEBADAN, MENAPADÉNE PERSUN INGKANG SAMPUN MARINGI PISUNGSUNG”

*Ing ngandhap menika kaaturaken cathetan
panampining pisungsung. Tumrap geréja-geréja,
bebadan punapadéné persun ingkang sampun
ngintun pisungsung ananging dèrèng kacathet,
kula aturi tepang rembag kaliyan LPP Sinode
lumantar:*

WA 0898-5252-0386

Tlp. 0274-514721

*Nyuwun panyengkuyunging pandonga kanggé
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng supados
lestantun dados berkah.*

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Masa Paskah th. 2025

Penerimaan tanggal:
 29 Januari 2025 -19 Januari 2026

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Gereformeerd	300.000
2	GKI Karawaci	1.000.000
3	GKI Bintaro Utama	250.000
4	GKI Tegal	375.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Kaliwungu, Kendal	224.000
2	GKJ Cilacap	250.000
3	GKJ Gabus, Sulursari	450.000
4	GKJ Baran	250.000
5	GKJ Bantul	1.152.000
6	GKJ Wisma Kasih Mangunharjo	300.000
7	GKJ Karangnongko	936.000
8	GKJ Wisma Panunggal Mrican	500.000
9	GKJ Sarimulyo	400.000
10	GKJ Wates Selatan	1.200.000
11	GKJ Ceper	500.000
12	GKJ Randublatung	200.000
13	GKJ Susukan, Gunungkidul	871.000
14	GKJ Kutoarjo	2.340.000
15	GKJ Sampangan	900.000
16	GKJ Banyumanik	1.068.000
17	GKJ Semarang Barat	500.000
18	GKJ Ngentarejo	300.000
19	GKJ Bekasi Timur	500.000
20	GKJ Grogol, Sukoharjo	250.000
21	GKJ Joglo	1.000.000
22	GKJ Gondangwinangun	250.000
23	GKJ Manisrenggo	300.000

24	GKI Gumulan	500.000
25	GKI Wiladeg	400.000
26	GKI Ketandan	250.000
27	GKI Demakijo	450.000
28	GKI Sumber, Surakarta	250.000
29	GKI Gambiran, Sragen	300.000
30	GKI Maguwoharjo	250.000
31	GKI Tuban	500.000
32	GKI Kertanegara	250.000
33	GKI Condongcatur	500.000
34	GKI Pakem	600.000
35	GKI Tanjung Priok	750.000
36	GKI Demak	300.000
37	GKI Samironobaru	250.000
38	GKI Boyolali	250.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Dwi Lestari, Giro BRI tgl. 21/04/2025	1.240.000
2	NN, Giro BRI tgl. 25/04/2025	474.000
3	Tambak Surya, tgl. 25/04/2025	1.009.000
4	Ika Indarwati, Giro BRI tgl. 28/04/2025	500.000
5	NN, Giro BCA tgl. 30/04/2025	250.000
6	NN, Giro BRI tgl. 27/05/2025	2.859.000
7	NN, Giro BRI tgl. 02/06/2025	500.000
8	Gracia Budiasih, Giro BCA tgl. 26/06/2025	500.000
9	NN, Giro BRI tgl. 26/07/2025	200.000
10	Rusminiati, Giro BRI tgl. 01/09/2025	150.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 4 GKI SW Jateng : Rp. 1.925.000,00
2. Dari 38 GKI : Rp. 20.441.009,00
3. Dari 10 NN : Rp. 7.682.000,00
4. Jumlah : Rp. 30.048.009,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Paskah 2025 sampai dengan tgl. 19 Januari 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 30.048.009,00 (Tiga puluh juta empat puluh delapan ribu sembilan rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKI dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktu

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Masa Pentakosta th. 2025

Penerimaan tanggal:
 21 Mei 2025 - 19 Januari 2026

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Tegal	375.000
2	GKI Bintaro Utama	250.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Wima Kasih Manguharjo	300.000
2	GKJ Semarang Barat	500.000
3	GKJ Kaliwungu, Kendal	314.000
4	GKJ Sarimulyo	400.000
5	GKJ Cilacap	250.000
6	GKJ Gondangwinangun	250.000
7	GKJ Manisrenggo	300.000
8	GKJ Gumulan	500.000
9	GKJ Wisma Panunggal Mrican	500.000
10	GKJ Wiladeg	400.000
11	GKJ Prambanan	562.000
12	GKJ Ketandan	250.000
13	GKJ Demakijo	400.000
14	GKJ Wates Selatan	1.100.000
15	GKJ Sumber, Surakarta	250.000
16	GKJ Banyumanik	1.100.000
17	GKJ Gambiran, Sragen	300.000
18	GKJ Grogol, Sukoharjo	250.000
19	GKJ Baran	250.000
20	GKJ Maguwoharjo	250.000
21	GKJ Tuban	500.000
22	GKJ Nanggulan	200.000
23	GKJ Kutoarjo	1.894.000
24	GKJ Kertanegara	250.000
25	GKJ Condongcatur	500.000

26	GKI Pakem	600.000
27	GKI Purbo	200.000
28	GKI Demak	250.000
29	GKI Samironobaru	250.000
30	GKI Ngentakrejo	300.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Diah Tri Utami, Giro BCA tgl. 10/06/2025	300.000
2	NN, Giro BRI tgl. 10/06/2025	500.000
3	NN, Giro BRI tgl. 15/06/2025	475.614
4	NN, Giro BRI tgl. 16/06/2025	250.000
5	NN, Giro BRI tgl. 20/06/2025	200.000
6	NN, Giro BRI tgl. 21/06/2025	200.000
7	Gracia Budiasih, Giro BCA tgl. 26/06/2025	500.000
8	NN, Giro BRI tgl. 26/06/2025	500.000
9	Tambak Surya, Giro BRI tgl. 04/07/2025	731.000
10	NN, Giro BRI tgl. 11/07/2025	500.000
11	Debora Sekar, Giro BRI tgl. 13/07/2025	1.500.000
12	NN, Giro BRI tgl. 26/07/2025	200.000
13	Amelia Damanik, Giro BCA tgl. 02/09/2025	600.000
14	Rusminiati, Giro BRI tgl. 01/09/2025	150.000

D. REKAPITULASI

- | | |
|-------------------------|---------------------------|
| 1. Dari 2 GKI SW Jateng | : Rp. 625.000,00 |
| 2. Dari 30 GKJ | : Rp. 13.370.000,00 |
| 3. Dari 14 NN | : <u>Rp. 6.606.614,00</u> |
| 4. Jumlah | : Rp. 20.601.614,00 |

Jumlah penerimaan persembahan Masa Pentakosta 2025 sampai dengan tgl. 19 Januari 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 20.601.614,00
(Dua puluh juta enam ratus satu ribu enam ratus empat belas rupiah)



Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Bulan Keluarga th. 2025

Penerimaan tanggal:
 18 Agustus 2025 - 19 Januari 2026

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Tegal	500.000
2	GKI Salatiga	500.000
3	GKI Karawaci	500.000
4	GKI Bintaro Utama	250.000
5	GKI Lasem	500.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Maguwoharjo	250.000
2	GKJ Joglo	1.000.000
3	GKJ Penaruban	459.000
4	GKJ Kertanegara	250.000
5	GKJ Condongcatur	500.000
6	GKJ Pakem	600.000
7	GKJ Kaliwungu	170.000
8	GKJ Purbo	200.000
9	GKJ Wisma Panunggal Mrican	500.000
10	GKJ Wonosari	3.264.000
11	GKJ Cilacap	250.000
12	GKJ Kanaan	500.000
13	GKJ Wisma Panembah, Surakarta	250.000
14	GKJ Sampangan	1.000.003
15	GKJ Baran	250.000
16	GKJ Wates Selatan	950.000
17	GKJ Sarimulyo	400.000
18	GKJ Grogol, Sukoharjo	250.000
19	GKJ Ceper	500.000
20	GKJ Sumber, Surakarta	250.000
21	GKJ Gabus, Sulursari	500.000
22	GKJ Epifani	200.000

23	GKJ Bantul	500.000
24	GKJ Gantiwarno	700.000
25	GKJ Semarang Barat	700.000
26	GKJ Gumulan	500.000
27	GKJ Pekalongan	300.000
28	GKJ Samironobaru	250.000
29	GKJ Temanggung	250.000
30	GKJ Susukan	600.000
31	GKJ Banyumanik	1.050.000
32	GKJ Ngentakrejo	300.000
33	GKJ Nanggulan	200.000
34	GKJ Demakijo	300.000
35	GKJ Boyolali	250.000
36	GKJ Tuban	500.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN, Giro BRI tgl. 15/08/2025	475.614
2	Dwijantari, Giro BRI tgl. 04/10/2025	300.000
3	NN, Giro BRI tgl. 15/10/2025	460.272
4	Dwijantari, Giro BRI tgl. 03/11/2025	300.000
5	Bedesta, Giro BRI tgl. 06/11/2025	250.000
6	NN, Giro BRI tgl. 07/11/2025	430.000
7	NN, Giro BRI tgl. 15/11/2025	410.000
8	NN, Giro BRI tgl. 02/12/2025	2.792.000
9	Lewi Yudianti, Giro BRI tgl. 02/12/2025	1.054.000
10	NN, Giro BRI tgl. 19/12/2025	2.123.000
11	Rusminiati, Giro BRI tgl. 02/01/2026	150.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 5 GKI SW Jateng	: Rp. 2.250.000,00
2. Dari 36 GKI	: Rp. 18.898.003,00
3. Dari 11 NN	: Rp. <u>8.744.886,00</u>
4. Jumlah	: Rp. 29.887.889,00

Jumlah penerimaan persembahan Bulan Keluarga 2025 sampai dengan tgl. 19 Januari 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 29.887.889,00
(Dua puluh sembilan juta delapan ratus delapan puluh tujuh ribu delapan ratus delapan puluh sembilan rupiah)

Salah dan hormat kami,
LPP Sinode GKI dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Adven dan Natal th. 2025

Penerimaan tanggal:
 19 Agustus 2025 - 18 Februari 2026

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Karawaci	500.000
2	GKI Gereformeerd	300.000
3	GKI Depok	500.000
4	GKI Purwodadi Grobogan	750.000
5	GKI Bintaro	250.000
6	GKI Ajibarang	300.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Maguwoharjo	250.000
2	GKJ Kertanegara	250.000
3	GKJ Condongcatur	500.000
4	GKJ Sarimulyo	400.000
5	GKJ Tanjung Priok	750.000
6	GKJ Kaliwungu	310.000
7	GKJ Semarang Barat	500.000
8	GKJ Pekalongan	300.000
9	GKJ Demak	250.000
10	GKJ Samironobaru	250.000
11	GKJ Karangnongko	750.000
12	GKJ Temanggung	250.000
13	GKJ Joglo	1.000.000
14	GKJ Baran	250.000
15	GKJ Ngentakrejo	300.000
16	GKJ Cilacap	250.000
17	GKJ Wisma Panembah Surakarta	250.000
18	GKJ Bantul	500.000
19	GKJ Pendaruban	486.000
20	GKJ Demakijo	392.000
21	GKJ Boyolali	250.000

22	GKJ Kutoarjo	1.518.000
23	GKJ Wates selatan	900.000
24	GKJ Sumber, Surakarta	250.000
25	GKJ Grogol, Sukoharjo	250.000
26	GKJ Tengahan	300.000
27	GKJ Nanggulan	200.000
28	GKJ Tuban	500.000
29	GKJ Banyumanik	1.100.000
30	GKJ Purworejo Selatan	600.000
31	GKJ Gumulan	500.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN, Giro BRI tgl. 15/09/2025	475.614
2	Dwijantari, Giro BRI tgl. 04/10/2025	1.500.000
3	Ika Indarwati, Giro BRI tgl. 02/12/2025	250.000
4	NN, Giro BRI tgl. 15/12/2025	400.000
5	Maria Ika, Giro BRI tgl. 31/12/2025	600.000
6	Rusminiati, Giro BRI tgl. 02/01/2026	150.000
7	NN, Giro BRI tgl. 08/01/2026	500.000
8	NN, Giro BRI tgl. 10/01/2026	491.000
9	Nafiari Adin, Giro BRI tgl. 18/01/2026	1.000.000
10	Dwijantari, Giro BRI tgl. 26/01/2026	300.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 6 GKI SW Jateng	: Rp. 2.600.000,00
2. Dari 31 GKJ	: Rp. 14.556.000,00
3. Dari 10 NN	: Rp. <u>5.866.614,00</u>
4. Jumlah	: Rp. 23.022.614,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Adven dan Natal 2025 sampai dengan tgl. 18 Februari 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 23.022.614,00
(Dua puluh tiga juta dua puluh dua ribu enam ratus empat belas rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sarto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN HUT LPP Sinode ke-57

Penerimaan tanggal:

14 Oktober 2025 - 12 Januari 2026

A. Dari GKLSW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Gejayan	5.000.000
2	GKI Sorogenen	1.000.000
3	GKI Martadireja	500.000
4	GKI Pemalang	500.000
5	GKI Kebayoran Baru	15.000.000
6	GKI Karanglewas	770.000
7	GKI Wonosobo	750.000
8	GKI Gombang	1.124.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Condongcatur	300.000
2	GKJ Banyumanik	250.000
3	GKJ Sarimulyo	500.000
4	GKJ Sumber, Surakarta	340.000
5	GKJ Depok	2.444.000
6	GKJ Bumi Indah	1.113.000
7	GKJ Ambarrukmo	984.000
8	GKJ Tanjungtirto	900.000
9	GKJ Bibisluhur	250.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN. Giro BCA, Tgl. 14/10/2025	1.000.000
2	Ester Esti Giro BRI, Tgl. 19/12/2025	600.000
3	NN. Giro BRI, Tgl. 12/01/2026	200.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 8 GKI SW Jateng	: Rp. 24.644.000,00
2. Dari 9 GKJ	: Rp. 7.081.000,00
3. Dari 3 NN	: Rp. <u>1.800.000,00</u>
4. Jumlah	: Rp. 33.525.000,00

Jumlah penerimaan persembahan HUT LPP Sinode ke-57 th 2025 sampai dengan tgl. 12 Januari 2026 adalah sebagai berikut: Rp. 33.525.000,00 (Tiga puluh tiga juta lima ratus dua puluh lima ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Spto Nugroho
Direktur